

# SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS

**South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical  
Select Plan  
NHP HMO Plan**

**Anvigè: 1 jiyè 2020**

**Nimewo Gwoup: 902343**



## Responsablite Ou yo

### Konnen Plan an Pa Peye pou Tout Sèvis Swen Sante yo

Plan an pa peye pou tout sèvis swen sante yo. Avantaj yo limite a Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. *Lis Avantaj yo* ap endike ou pòsyon ou dwe peye pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo.

### Deside Ki Sèvis Ou Dwe Resevwa

Desizyon swen yo se ant oumenm ak Doktè ou. Administratè Reklamasyon yo ak Esponnsò Plan an pa pran desizyon sou kalite swen ou dwe resevwa oswa sa ou pa dwe resevwa.

### Chwazi Doktè Ou

Ou gen responsablite pou chwazi pwofesyonèl swen sante ki pral founi ou swen yo. Administratè Reklamasyon yo fè aranjman pou Doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ak etablisman patisipe nan yon Rezo. Pwosesis kalifikasyon Administratè Reklamasyon yo konfime enfòmasyon piblik sou lisans pwofesyonèl ak etablisman yo ak lòt kalifikasyon, men li pa garanti kalite sèvis yo. Pwofesyonèl ak etablisman sa yo se pratisyen ak antite endepandan ki sèl responsab pou swen yo founi yo.

### Jwenn Otorizasyon Davans

Sèten Sèvis Swen Sante ki Garanti egzije Otorizasyon Davans. Anjeneral, Doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ki patisipe nan yon Rezo responsab pou jwenn yon otorizasyon davans. Men, gen kèk Avantaj, kote se ou ki responsab pou jwenn otorizasyon anvan ou resevwa sèvis yo. Pou jwenn enfòmasyon detaye sou Sèvis Swen Sante ki Garanti ki bezwen otorizasyon davans, tanpri al gade nan *Lis Avantaj yo*.

### Peye Pati Pa Ou

Ou dwe respekte nenpòt dediktib aplikab epi peye yon kopeman ak/oswa Ko-asirans pou pifò Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. Ou dwe peman sa yo nan moman sèvis la oswa lè Doktè a, founisè a oswa etablisman an voye bòdwo pou yo. Tout montan dediktib, Kopeman ak Ko-asirans aplikab yo endike nan *Lis Avantaj yo*. Ou dwe peye tou nenpòt montan ki depase Montan Otorize a.

### Peye Frè pou Sèvis Eskli yo

Ou dwe peye frè pou tout sèvis ak atik eskli yo. Konsilte *Esklizyon ak Limit yo* pou vin abitye avèk esklizyon Plan an.

### Montre Kat ID Ou

Ou dwe montre kat ID ou chak fwa ou mande sèvis swen sante. Si ou pa montre kat ID ou, founisè a ka pa faktire antite kòrèk la pou sèvis yo founi yo.

### Depoze Reklamasyon avèk Enfòmasyon Konplè ak Egzat

Lè ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo nan men yon founisè Andeyò Rezo, ou responsab pou mande peman nan Plan an. Ou dwe deposite reklamasyon an nan yon fòm ki gen tout enfòmasyon ke Administratè Reklamasyon yo bezwen pou travay sou reklamasyon an, jan sa dekri nan *Fason pou Depoze yon Reklamasyon*.

## **Itilize Pwoteksyon Swen Sante Avan Ou**

Si ou genyen pwoteksyon asirans davans ke, dapre egzijans lwa Eta a, pwolonje avantaj yo pou yon pwoblèm oswa yon andikap espesyalman, Plan an p ap peye Avantaj pou sèvis swen sante pou pwoblèm oswa andikap sa jiskaske pwoteksyon anvan an fini. Plan an ap peye Avantaj yo apati jou pwoteksyon asirans ou kòmanse nan Plan an pou tout lòt Sèvis Swen Sante ki Garanti yo ki pa anrapò ak pwoblèm oswa andikap ou gen lòt pwoteksyon asirans pou yo.

# UnitedHealthcare Select

## United Healthcare Services, Inc.

### Lis Avantaj yo

#### Kijan Ou Jwenn Aksè nan Avantaj yo?

##### Chwazi yon Doktè Swen Jeneral Rezo a

Ou dwe chwazi yon Doktè Swen Jeneral Rezo ki sitiye nan zòn jeyografik rezidans pèmanan Patisipan an pou kapab jwenn Avantaj yo. Nan tèminoloji jeneral swen sante, yo ka rele yon Doktè Swen Jeneral yon *PCP* tou. Yon Doktè Swen Jeneral Rezo a ap kapab kowòdone tout Sèvis Swen Sante ki Garanti yo ak favorize kontinyasyon swen yo. Si ou se paran ki gen gad yon Timoun Depandan ki Enskri, ou dwe chwazi yon Doktè Swen Jeneral ki sitiye nan zòn jeyografik rezidans pèmanan Patisipan pou timoun sa.

Ou ka deziyen yon Doktè Rezo ki espesyalize nan pedyatri (sa gen ladan souspesyalite pedyatrik yo, baze sou pòte lisans founisè sa dapre lwa Eta aplikab la) kòm Doktè Swen Jeneral Rezo pou yon Timoun Depandan ki Enskri. Ou pa bezwen yon referans nan men yon Doktè Swen Jeneral epi ou ka chèche swen dirèkteman nan men yon Espesyalis, sa gen ladan yon Doktè ki espesyalize nan Obstetrik oswa Jinekoloji.

Pou chanje Doktè Swen Jeneral Rezo ou, ou ka rele nimewo telefòn ki endike sou kat ID ou an.

Ou dwe wè yon Doktè Rezo pou jwenn Avantaj yo. Alesepsyon sa ki dekri yon fason byen presi nan *Lis Avantaj yo*, Avantaj yo pa disponib pou sèvis founisè andeyò Rezo yo founi. Plan Avantaj sa a pa bay yon nivo Avantaj Andeyò Rezo.

**Avantaj yo** aplike pou Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yon Doktè Rezo oswa yon lòt founisè Rezo founi.

Avantaj pou sèvis etablisman yo aplike lè Sèvis Swen Sante ki Garanti yo founi nan yon etablisman Rezo. Avantaj yo gen ladan sèvis Doktè bay nan yon etablisman Rezo ki founi pa yon radyològ, anestezi, patolojis, Doktè Sèvis Dijans ak Doktè konsiltan ki nan Rezo oswa andeyò Rezo. Avantaj yo gen ladan tou Sèvis Swen Sante Dijans.

Selon zòn jeyografik la ak sèvis ou resevwa a, ou ka gen aksè nan Pwogram Epay Pataje Administratè Reklamasyon yo nan founisè andeyò Rezo ki te aksepte fè rabè nan frè yo fè peye pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. Gade nan definisyon Pwogram Epay Pataje a nan *Tèm Defini yo* nan SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS lan pou jwenn detay sou fason Pwogram Epay Pataje a aplike.

Ou dwe montre kat idantifikasyon ou (kat ID) chak fwa ou mande sèvis swen sante nan men yon founisè Rezo. Si ou pa montre kat ID ou, founisè Rezo a pa gen okenn fason pou li konnen ou enskri nan Plan an. Kòm konsekans, yo ka faktire ou pou tout frè sèvis ou resevwa yo.

**Lòt enfòmasyon anplis sou rezo founisè yo ak fason Avantaj ou ka afekte parèt nan fen *Lis Avantaj sa a*.**

Si gen yon konfli ant *Lis Avantaj sa a* ak nenpòt rezime Esponnsò Plan ou an ba ou, *Lis Avantaj sa a* ap gen priyorite.

## Èske Otorizasyon Davans Aplike?

Administratè Reklamasyon yo egzije otorizasyon davans pou sèten Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. Anjeneral, founisè Rezo yo responsab pou jwenn otorizasyon davans lan anvan yo ba ou sèvis sa yo. Men, gen kèk Avantaj, kote se ou ki responsab pou jwenn otorizasyon davans lan. Sèvis ke ou oblije jwenn otorizasyon davans pou yo endike nan tablo *Lis Avantaj yo* nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti.

Etablisman Rezo ak founisè Rezo yo pa ka faktire ou pou sèvis yo pa pran otorizasyon davans pou yo jan sa egzije. Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Pou jwenn otorizasyon davans, rele nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Apèl sa a kòmanse pwosesis revizyon itilizasyon an. Depi ou te jwenn otorizasyon an, tanpri egzamine li ak anpil atansyon pou ou konprann ki sèvis ki otorize epi ki founisè ki otorize founi sèvis ki anba otorizasyon an.**

Pwosesis revizyon itilizasyon an se yon seri teknik ofisyèl ki fèt pou siveye itilizasyon, oswa pou evalye si sèvis, pwosedi oswa anviwònman swen sante yo gen nesesitye klinik, si yo apwopriye, efikas, oswa rantab. Teknik sa yo ka gen ladan revizyon anbilatwa, revizyon fiti, dezyèm opinyon, sètifikasyon, revizyon konkouran, jesyon ka, planifikasyon egzeyat, revizyon retrospektiv oswa pwogram menm jan.

**Tanpri konnen gen delè ki aplike pou otorizasyon davans lan. Gade deskripsyon Avantaj ki konsène a nan tablo *Lis Avantaj yo* pou konnen konbyen tan alavans ou dwe jwenn otorizasyon davans lan.**

Si ou mande yon detèminasyon pwoteksyon asirans nan moman yo bay otorizasyon davans lan, detèminasyon an ap fèt dapre sèvis ou rapòte ou pral resevwa a. Si sèvis ki rapòte yo diferan ak sa ou te resevwa yo, detèminasyon pwoteksyon asirans final Administratè Reklamasyon yo pral chanje pou teni kont de diferans sa yo, epi Plan an ap peye sèlman epi Administratè Reklamasyon yo ap trete sèlman peman pou Avantaj baze sou sèvis founi ou yo.

Si ou chwazi pou resevwa yon sèvis yo detèmine ki pa yon Sèvis Swen Sante ki Garanti ki Nesesè Pou Rezon Medikal, ou pral responsab pou peye tout frè yo epi yo p ap peye Avantaj yo.

## Jesyon Swen

Lè w ap chèche otorizasyon davans dapre egzijans yo, Administratè Reklamasyon yo ap travay avèk ou pou mete anplas pwosesis jesyon swen an ak pou ba ou enfòmasyon sou lòt sèvis anplis ki disponib pou ou, tankou pwogram jesyon maladi, edikasyon lasante, ak defans pasyan.

## Remak Espesyal Konsènan Medicare

Si ou enskri nan Medicare sou yon baz prensipal (Medicare peye anvan Administratè Reklamasyon yo trete peman pou Avantaj nan Plan an), egzijans otorizasyon davans yo pa aplike pou ou. Piske se Medicare ki peye prensipal la, Administratè Reklamasyon yo pral trete peman pou Plan an kòm dezyèm peye jan li dekri nan *Kowòdinasyon Avantaj yo*. Ou pa oblije jwenn otorizasyon davans anvan ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo.

## Kisa Ou Pral Peye pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo?

Avantaj pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo dekri nan tablo yo ki anba a.

Yo kalkile Dediktib Anyèl sou baz yon ane sivil.

Yo kalkile Limit ki Sot nan pòch yo sou baz yon ane sivil.

Yo kalkile Limit Avantaj yo sou baz yon ane sivil, sòf si li endike otreman yon fason byen presi.

## Kondisyon Peman ak Tablo Deskripsyon

Kondisyon Peman ak Deskripsyon	Montan yo
	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>
<b>Dediktib Anyèl</b>	
<p>Montan ou peye pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo chak ane anvan ou kalifye pou resevwa Avantaj yo.</p> <p>Montan ki peye pou rive nan Dediktib Anyèl pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo depann de yon limit vizit oswa yon limit jou ap kalkile tou dapre limit Avantaj maksimòm sa. Pakonsekan, Avantaj limite a ap redui dapre kantite jou/vizit ki itilize pou rive nan Dediktib Anyèl la.</p> <p>Lè yon Moun ki Asire te deja asire nan yon Plan sante ke Plan sa ate ranplase, nenpòt montan ki deja aplike pou pwovizyon dediktib anyèl plan sante anvan an pral aplike pou pwovizyon Dediktib Anyèl nan Plan an.</p> <p>Yo kalkile montan ki aplike pou Dediktib Anyèl la sou baz Montan Otorize a. Dediktib Anyèl la pa gen ladan okenn montan ki depase Montan Otorize a. Detay konsènan nan ki fason yo detèmine Montan Otorize parèt nan fen tablo <i>Lis Avantaj yo</i>.</p>	<p><b>Rezo</b></p> <p>\$500 pou chak Moun ki Asire, san depase \$1,500 pou tout Moun ki Asire nan yon fanmi.</p>
<b>Limit ki Sot nan pòch</b>	
<p>Maksimòm nan ou peye pa ane pou Dediktib Anyèl la, Kopeman yo oswa Ko-asirans. Depi ou rive nan Limit ki Sot nan pòch la, Avantaj yo peyab nan 100% Montan Otorize a pandan rès ane a. Limit ki Sot nan pòch la aplike pou Sèvis Swen Sante ki Garanti nan Plan an jan sa endike nan <i>Lis Avantaj sa a</i>, sa gen ladan Sèvis Swen Sante ki Garanti ki founi dapre <i>Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn</i>.</p> <p>Detay konsènan nan ki fason yo detèmine Montan Otorize parèt nan fen tablo <i>Lis Avantaj yo</i>.</p> <p>Limit ki Sot nan pòch la pa gen ladan okenn nan sa ki annapre la yo, epi, depi ou te atenn Limit ki Sot nan pòch, ou oblije peye toujou sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Nenpòt frè pou Sèvis Swen Sante ki Pa-Garanti.</li> <li>• Montan ou oblije peye si ou pa jwenn otorizasyon davans ki egzijib.</li> <li>• Frè ki depase Montan Otorize yo.</li> <li>• Kopeman oswa Ko-Asirans pou nenpòt Sèvis Swen Sante ki Garanti ki endike nan tablo <i>Lis Avantaj yo</i> ki pa aplike pou Limit ki Sot nan pòch la.</li> </ul>	<p><b>Rezo</b></p> <p>\$2,000 pou chak Moun ki Asire, san depase \$6,000 pou tout Moun ki Asire nan yon fanmi.</p> <p>Limit ki Sot nan pòch a gen Dediktib Anyèl la ladann.</p>

Kondisyon Peman ak Deskripsyon	Montan yo
	Rezo Montan Ou Peye A
<b>Kopeman</b>	
<p>Kopeman an se montan ou peye (ki kalkile kòm yon montan dola fiks) chak fwa ou resevwa sèten Sèvis Swen Sante ki Garanti. Lè Kopeman yo aplike, montan an endike nan paj annapre la yo akote deskripsyon an pou chak Sèvis Swen Sante ki Garanti.</p> <p>Tanpri konnen pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo, ou responsab pou peye montan ki pi piti nan pami sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kopeman ki aplikab la.</li> <li>• Montan Otorize a.</li> </ul> <p>Detay konsènan nan ki fason yo detèmine Montan Otorize parèt nan fen tablo <i>Lis Avantaj yo</i>.</p>	
<b>Ko-asirans</b>	
<p>Ko-asirans lan se montan ou peye (ki kalkile kòm yon pousantaj Montan Otorize a) chak fwa ou resevwa sèten Sèvis Swen Sante ki Garanti.</p> <p>Detay konsènan nan ki fason yo detèmine Montan Otorize parèt nan fen tablo <i>Lis Avantaj yo</i>.</p>	

## Tablo Lis Avantaj yo

Montan ke ou oblije peye jan li endike anba a nan *Lis Avantaj yo* baze sou Montan Otorize yo. Dispozisyon *Montan Otorize yo* toupre fen *Lis Avantaj sa a* ap endike ou kilè ou responsab pou montan ki depase Montan Otorize a.

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
<b>Sèvis Anbilans</b>		
<b>Egzijans Otorizasyon Davans</b>		
<p>Nan pifò ka, Administratè Reklamasyon yo ap kòmanse epi dirije transpò anbilans ki pa-ljans. Si ou mande sèvis anbilans ki pa pa-ljans, ou dwe jwenn otorizasyon byen vit otank posib anvan transpò a. Si ou pa jwenn otorizasyon davans jan sa egzijib, ou pral responsab pou peye tout frè yo epi yo pral peye okenn Avantaj.</p>		
<p><b>Anbilans Dijans</b></p> <p>Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Okenn</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Okenn</p>	<p>Y ap detèmine Montan Otorize yo pou Transpò nan anbilans Dijans ke yon founisè andeyò Rezo a founi jan li endike anba a nan <i>Montan Otorize yo</i> nan <i>Lis Avantaj sa a</i>. <b>Pakonsekan, ou pral responsab pou diferans ki genyen ant montan founisè andeyò Rezo a faktire ak montan Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm Montan Otorize pou ranbousman.</b></p> <p>Yo garanti frè pou transpò yon tibebe ki fenk fèt nan etablisman apwopriye ki pi pre a pou tretman.</p>
<p>Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Wi</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Wi</p>	
<p>Èske Dediktib Anyèl la Aplike?</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Wi</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Wi</p>	



<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
<p><b>Anbilans ki pa-ijans</b></p> <p>Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Okenn</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Okenn</p>	<p>Anbilans atè oswa ayeryen, jan Administratè Reklamasyon yo detèmine li apwopriye.</p> <p>Yo garanti frè pou transpò yon tibebe ki fenk fèt nan etablisman apwopriye ki pi pre a pou tretman.</p>
<p>Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Wi</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Wi</p>	
<p>Èske Dediktib Anyèl la Aplike?</p>	<p><i>Anbilans Atè:</i></p> <p>Wi</p> <p><i>Anbilans Ayeryen:</i></p> <p>Wi</p>	
<p><b>Zo oswa Jwenti nan Rejyon Machwè ak Figi</b></p>		
<p>Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.</p> <p>Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?</p> <p>Èske Dediktib Anyèl la Aplike?</p>	<p>Okenn</p> <p>Wi</p> <p>Wi</p>	
<p><b>Terapi Selilè ak Jenik</b></p>		
<p style="text-align: center;"><b>Egzijans Otorizasyon Davans</b></p> <p>Ou dwe jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo dèke posibilite pou yon Terapi Selilè oswa Jenik rive. Si ou pa jwenn otorizasyon davans epi si, kòm konsekans, ou pa resevwa sèvis yo nan men yon Founisè Deziyen, yo pa pral peye Avantaj yo.</p>		
	<p>Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i>.</p>	

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
<b>Sèvis Kiwopratik</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$20 pou chak vizit	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Non	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Tretman Po bouch fann/Palèt fann</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Esè Klinik</b>		
<b>Egzijans Otorizasyon Davans</b> Ou dwe jwenn otorizasyon davans dèke vin gen posibilite pou patisipasyon nan yon esè klinik. Si ou pa jwenn otorizasyon davans jan sa egzijib, ou pral responsab pou peye tout frè yo epi yo pral peye okenn Avantaj.		
	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i> .	
<b>Operasyon Maladi Kadyak Konjenital (Congenital Heart Disease, CHD)</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pa jou jiska yon maksimòm \$1,250 pou chak Sejou Pasyan Entène	Avantaj nan seksyon sa a gen ladan sèlman frè etablisman pasyan entène pou operasyon maladi kadyak konjenital (congenital heart disease, CHD). Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo pou sèvis dyagnostik, kateteris kadyak ak jesyon CHD ki pa chirijikal ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i> .

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Dantè - Aksidan Sèlman</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Dantè - Anestezi ak Ospitalizasyon</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis pou Dyabèt</b>		
<b>Jesyon Pèsonèl ak Fòmasyon pou Dyabèt/Egzamen Zye Dyabetik/Swen pou Pye</b>	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo pou jesyon pèsonèl ak fòmasyon pou dyabèt/egzamen zye dyabetik/swen pou pye ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i> .	
<b>Atik Pou Jesyon Pèsonèl Dyabèt</b>  Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo pou atik pou jesyon pèsonèl dyabèt pral menm jan ak sa yo ki endike nan seksyon <i>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti</i> ak nan <i>Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyon Ekstèn</i> .	Avantaj pou ekipman pou dyabèt ki koresponn ak definisyon DME depann de limit ki endike nan seksyon <i>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti</i> .

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo pou atik pou jesyon pèsònèl dyabèt pral menm jan ak sa yo ki endike nan seksyon <i>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti</i> ak nan <i>Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn</i> .	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo pou atik pou jesyon pèsònèl dyabèt pral menm jan ak sa yo ki endike nan seksyon <i>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti</i> ak nan <i>Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn</i> .	
<b>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	Ou dwe achte, lwe, oswa jwenn DME an nan men vandè Administratè Reklamasyon yo idantifye, oswa achte li dirèkteman nan men Doktè Rezo ki preskri DME an.
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Swen Sante Dijans - Pasyan Ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pou chak vizit  Si yo admèt ou kòm pasyan entène nan yon Lopital dirèkteman sot nan sèvis dijans, ou p ap gen pou peye Kopeman sa a. Avantaj pou yon Sejou Pasyan Entène nan yon Lopital ap aplike pito.	<b>Remak:</b> Si ou kloure nan yon Lopital andeyò Rezo apre ou resevwa Sèvis Swen Sante Dijans pou pasyan ekstèn, ou dwe enfòme Administratè Reklamasyon yo nan yon lespas jou ouvrab oswa nan menm jou admisyon an si sa posib yon fason rezonab. Administratè Reklamasyon yo ka chwazi pou transfere ou nan yon Lopital Rezo dèke li apwopriye pou fè sa sou plan medikal. Si ou chwazi pou rete nan Lopital andeyò Rezo a apre dat Administratè Reklamasyon yo decide ke

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
		<p>yon transfè apwopriye sou Plan medikal, yo p ap bay Avantaj yo.</p> <p>Y ap detèmine Montan Otorize yo pou Sèvis Swen Sante Dijans ke yon founisè andeyò Rezo founi jan li endike anba a nan <i>Montan Otorize yo nan Lis Avantaj sa a</i>. <b>Pakonsekan, ou pral responsab pou diferans ki genyen ant montan founisè andeyò Rezo a faktire ak montan Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm Montan Otorize pou ranbousman.</b></p>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi, lè Avantaj yo depann de Ko-asirans	
<b>Fòmil Anteral yo</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Disfori Jan</b>		
<p><b>Egzijans Otorizasyon Davans pou Tretman Chirijikal</b></p> <p>Ou dwe jwenn otorizasyon davans dèke vin gen posibilite pou operasyon.</p> <p><b>Egzijans Otorizasyon Davans pou Tretman ki Pa-Chirijikal</b></p> <p>Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, nenpòt egzijans otorizasyon davans aplikab ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i>.</p>		

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj</i> sa a ak nan <i>Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn</i> .	
<b>Sèvis Abilitan</b>		
<b>Pasyan entènè</b>	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj</i> sa a.	Sèvis pou pasyan entènè limite chak ane nan fason konsa:  Limit la pral menm ak sa ki konbine avèk sa yo ki endike nan seksyon Sèvis <i>Etablisman Swen Enfimye Kalifye/Reyadaptasyon Pasyan entènè</i> .
<b>Pasyan ekstèn</b>  Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$20 pou chak vizit	Terapi pasyan ekstèn: <ul style="list-style-type: none"><li>• Terapi fizik.</li><li>• Terapi okipasyonèl.</li><li>• Tretman Manipilatif.</li><li>• Terapi lapawòl.</li><li>• Terapi oditif enplan pòs-kokleyè.</li><li>• Terapi pou panse ak aprann.</li></ul> Pou terapi pasyan ekstèn yo ki anwo a:  Limit yo pral menm ak sa ki konbine avèk sa yo ki endike nan seksyon Sèvis <i>Reyadaptasyon - Terapi Pasyan ekstèn ak Tretman Manipilatif</i> .
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
<b>Aparèy pou tande</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	Limite a \$2,500 chak ane. Avantaj yo limite a yon sèl acha pou chak zòrèy ki gen pwoblèm pou tande chak twa zan. Reparasyon ak/oswa ranplasman yon aparèy pou tande t ap aplike nan limit sa a menm jan ak yon acha.
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Swen Sante nan Kay</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	<p>Limite a 60 vizit pou chak ane. Yon vizit egal a jiska kat èdtan sèvis swen kalifye.</p> <p>Limit vizit sa a pa gen ladan okenn sèvis ki faktire sèlman pou administrasyon pèfizyon nan venn lan.</p> <p>Pou administrasyon pèfizyon nan venn lan, ou dwe resevwa sèvis yo nan men yon founisè ke Administratè Reklamasyon yo idantifye.</p>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Swen nan Ospis</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pa jou jiska yon maksimòm \$1,250 pou chak Sejou Pasyan Entène	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
<b>Lopital - Sejou Pasyan Entènè</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pa jou jiska yon maksimòm \$1,250 pou chak Sejou Pasyan Entènè	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Laboratwa, Radyografi ak Dyagnostik - Pasyan ekstèn</b>		
<b>Tès laboratwa - Pasyan ekstèn</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Radyografi ak Lòt Tès dyagnostik - Pasyan ekstèn</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$100 pou chak sèvis	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	



<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Swen Sante Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon</b>		
<b>Pasyan entène</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pa jou jiska yon maksimòm \$1,250 pou chak Sejou Pasyan Entène  \$250 pa jou jiska yon maksimòm \$1,250 pou chak Sejou Pasyan entène pou Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Pasyan Ekstèn Entansif	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Pasyan ekstèn</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$40 pou chak vizit  \$40 pou chak vizit pou Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Entansif Pasyan Ekstèn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	<i>Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Entansif Pasyan Ekstèn</i>  Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	<i>Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Entansif Pasyan Ekstèn</i>  Wi	
<b>Tretman Osteyopowoz</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
<b>Founiti pou Ostomi</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	Limite a \$2,500 pou chak ane.
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Pwodui famasetik - Pasyan ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Kabinè Doktè - Maladi ak Blesi</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$20 pa vizit pou yon vizit nan kabinè Doktè Swen Jeneral oswa \$40 pa vizit pou yon vizit nan kabinè Espesyalis  Okenn pou Vizit nan Kay yo	Anplis de Kopeman pou vizit nan kabinè ki endike nan seksyon sa a, Kopeman /Ko-asirans ak nenpòt dediktib pou sèvis annapre la yo aplike lè Sèvis Swen Sante ki Garanti fèt nan kabinè yon Doktè:

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
		<ul style="list-style-type: none"> <li>• Laboratwa, radyoloji/radyografi ak lòt sèvis dyagnostik ki dekri nan seksyon <i>Laboratwa, Radyografi ak Dyagnostik - Pasyan ekstèn.</i></li> <li>• Dyagnostik majè ak medsin nikleyè ki dekri nan seksyon <i>Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn.</i></li> <li>• Pwodui Famasetik - Pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Pwodui Famasetik - Pasyan ekstèn.</i></li> <li>• Pwosedì skopik dyagnostik ak terapetik ki dekri nan seksyon <i>Pwosedì Skopik - Dyagnostik ak Terapetik Pasyan ekstèn.</i></li> <li>• Pwosedì chiriji pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Operasyon - Pasyan Ekstèn.</i></li> <li>• Pwosedì terapetik pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Tretman Terapetik - Pasyan ekstèn.</i></li> <li>• Pwosedì Reyadapasyon ki dekri nan seksyon <i>Sèvis Reyadaptasyon - Terapi Pasyan ekstèn ak Tretman Manipilatif.</i></li> <li>• Sèvis terapi abilitan ki dekri nan Sèvis Abilitan.</li> </ul>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
<b>Gwosès - Sèvis Matènite</b>		
<b>Li enpòtan pou ou enfòm Administratè Reklamasyon yo konsènan Gwosès ou. Notifikasyon ou an ap louvri posiblite pou ou vin enskri nan pwogram prenatal ki fèt pou reyalize meyè rezilta pou oumenm ak pou tibebe ou an.</b>		
	Avantaj yo pral menm jan ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj</i> sa a sòf ke yon Dediktib Anyèl p ap aplike pou yon timoun ki fenk fèt ki gen dire sejou nan Lopital ki menm ak dire sejou manman an.	
<b>Sèvis Swen Prevantif</b>		
<b>Sèvis kabinè Doktè</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Non	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Laboratwa, radyografi oswa lòt tèst prevantif</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Non	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Ponp tete</b> Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Non	

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Aparèy Pwotèz</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Pwosedè pou rekonstriksyon</b>		
	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i> .	
<b>Sèvis Reyadaptasyon - Terapi Pasyan ekstèn ak Tretman Manipilatif</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$20 pou chak vizit	Limite chak ane nan fason konsa: <ul style="list-style-type: none"> <li>• 20 vizit terapi fizik.</li> <li>• 20 vizit terapi okipasyonèl.</li> <li>• 20 Tretman Manipilatif.</li> <li>• 20 vizit terapi lapawòl.</li> <li>• 20 vizit terapi reyadaptasyon poumon.</li> <li>• 36 vizit terapi reyadaptasyon kadyak.</li> <li>• 30 vizit terapi oditif enplan pòs-kokleyè.</li> <li>• 20 vizit terapi reyadaptasyon pou panse ak aprann.</li> </ul>

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Pwosedi Skopik - Dyagnostik ak Terapetik Pasyan ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Etablisman Swen Enfimye Kalifye/Reyadaptasyon Pasyan entèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn	Limite a 60 jou pou chak ane.
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Chiriji – Pasyan ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pou chak dat sèvis	
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Tretman Terapetik - Pasyan ekstèn</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$250 pou chak dat sèvis	

<b>Sèvis Swen Sante ki Garanti</b>	<b>Rezo Montan Ou Peye A</b>	<b>Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?</b>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Wi	
<b>Sèvis Transplantasyon</b>		
<b>Egzijans Otorizasyon Davans</b> Ou dwe jwenn otorizasyon davans dèke vin gen posibilite pou yon transplantasyon (epi anvan moman yon evalyasyon pre-transplantasyon fèt nan yon sant transplantasyon).		
	Selon kote yo founi Sèvis Swen Sante ki Garanti a, Avantaj yo ap menm ak sa yo ki endike nan chak kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti nan <i>Lis Avantaj sa a</i> .	Ou dwe resevwa sèvis transplantasyon yo nan men yon Founisè Deziyen. Administratè Reklamasyon yo pa egzije pou yo resevwa transplantasyon kòne nan men yon Founisè Deziyen.
<b>Sèvis Sant Swen Ijan</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	Okenn \$40 pou chak vizit	Anplis de Kopeman ki endike nan seksyon sa a, Kopeman/ Ko-asirans ak nenpòt dediktib pou sèvis annapre la yo aplike lè Sèvis Swen Sante ki Garanti a fèt nan yon Sant Swen Ijan: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Laboratwa, radyoloji/radyografi ak lòt sèvis dyagnostik ki dekri nan seksyon <i>Laboratwa, Radyografi ak Dyagnostik - Pasyan ekstèn</i>.</li> <li>• Dyagnostik majè ak medsin nikleyè ki dekri nan seksyon <i>Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn</i>.</li> <li>• Pwouvi Famasetik - Pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Pwouvi Famasetik - Pasyan ekstèn</i>.</li> </ul>

Sèvis Swen Sante ki Garanti	Rezo Montan Ou Peye A	Kisa Limit ak Eksepsyon yo ye?
		<ul style="list-style-type: none"> <li>Pwosedè skopik dyagnostik ak terapeetik ki dekri nan seksyon <i>Pwosedè Skopik - Dyagnostik ak Terapeetik Pasyan ekstèn.</i></li> <li>Pwosedè chiriji pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Operasyon - Pasyan Ekstèn.</i></li> <li>Pwosedè terapeetik pasyan ekstèn ki dekri nan seksyon <i>Tretman Terapeetik - Pasyan ekstèn.</i></li> </ul>
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	
<b>Vizit Vityèl</b>		
Ki Kopeman oswa Ko-asirans Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon kopeman, Ko-asirans oswa toude.	\$20 pou chak vizit	Avantaj yo disponib sèlman lè yo bay sèvis yo pa mwayen yon Founisè Rezo Vityèl Deziyen. Pou jwenn yon Founisè Rezo Vityèl Deziyen, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.
Èske Montan Ou Peye a Aplike pou Limit ki Sot nan pòch?	Wi	
Èske Dediktib Anyèl la Aplike?	Non	

## Montan otorize yo

Montan Otorize yo se montan Administratè Reklamasyon yo detèmine ke Plan an pral peye pou Avantaj yo. Pou Avantaj Rezo pou Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yon founisè Rezo founi, alesiye obligasyon pataj frè ou yo, ou pa responsab pou okenn diferans ant Montan Otorize yo ak montan founisè a faktire. Pou Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yon founisè andeyò Rezo founi (apa sèvis ke Administratè



Reklamasyon yo òganize otreman), ou pral responsab anvè founisè andeyò Rezo a pou nenpòt montan yo faktire ou ki pi plis pase montan Administratè Reklamasyon yo detèmine ki yon Montan Otorize yo jan sa dekri anba a. Yo detèmine Montan Otorize yo sèlman annakò avèk machaswiv politik ranbousman Administratè Reklamasyon yo, jan sa dekri nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS LAN*.

**Pou avantaj Rezo yo**, Montan Otorize yo baze sou sa ki annapre la yo:

- Lè ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo nan men yon founisè Rezo, Montan Otorize yo se frè Administratè Reklamasyon yo gen sou kontra avèk founisè sa.
- Lè ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo nan men yon founisè andeyò Rezo dapre aranjman Administratè Reklamasyon yo fè, Montan Otorize yo se yon montan ke Administratè Reklamasyon yo negosye oswa yon montan ke lalwa otorize. Tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo si yo faktire ou pou montan ki depase Ko-asirans, Kopeman oswa nenpòt dediktib ki aplikab. Plan an pa pral peye frè ki depase yo ni montan ou pa gen obligasyon legal pou peye.

## Rezo Founisè

Administratè Reklamasyon yo oswa afilye li yo fè aranjman pou founisè swen sante patisipe nan yon Rezo. Founisè Rezo yo se pratisyen endepandan. Yo pa anplwaye South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund ni anplwaye Administratè Reklamasyon yo. Ou gen responsablite chwazi founisè ou.

Pwosesis kalifikasyon Administratè Reklamasyon yo konfime enfòmasyon piblik sou lisans founisè yo ak lòt kalifikasyon, men li pa garanti kalite sèvis yo founi.

Anvan ou jwenn sèvis ou dwe toujou verifye sitiyasyon yon founisè nan Rezo a. Sitiyasyon yon founisè ka chanje. Pou verifye sitiyasyon founisè a, ou ka rele nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Yon anyè founisè disponib si ou kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou mande yon kopi.

Li posib pou ou ka pa kapab jwenn sèvis yo nan men yon founisè Rezo espesyalman. Rezo founisè yo kapab sibi chanjman. Oswa ou ka petèt konstate ke yon founisè Rezo espesyalman gendwa pa aksepte nouvo pasyan. Si yon founisè kite Rezo a oswa otreman li pa disponib pou ou, ou dwe chwazi yon lòt founisè Rezo pou resevwa Avantaj yo.

Si w ap swiv yon tretman aktyèlman avèk yon Doktè oswa etablisman swen sante andeyò Rezo a, ou gendwa kalifye pou resevwa Avantaj tranzisyon swen. Peryòd tranzisyon sa a disponib pou sèvis medikal byen presi ak pou peryòd tan limite. Si ou gen kesyon konsènan politik ranbousman tranzisyon swen sa a oswa ou vle jwenn èd pou konnen si ou kalifye pou Avantaj tranzisyon swen, tanpri rele nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

Pa sipoze ke akò yon founisè Rezo gen ladan tout Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. Sèten founisè Rezo gen kontra avèk Administratè Reklamasyon yo pou founi sèlman kèk Sèvis Swen Sante ki Garanti, men se pa tout Sèvis Swen Sante ki Garanti yo. Sèten founisè Rezo chwazi pou yo founisè Rezo pou sèlman kèk nan pwodui Administratè Reklamasyon yo. Gade nan anyè founisè ou oswa kontakte Administratè Reklamasyon yo pou jwenn èd.

## Founisè Deziyen yo

Si ou gen yon pwoblèm medikal ke Administratè Reklamasyon yo kwè ki bezwen sèvis espesyal, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou bay yon Founisè Deziyen ke Administratè Reklamasyon yo chwazi. Si ou bezwen sèten Sèvis Swen Sante Garanti ki konplike kote gen ekspètiz limite pou yo, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou nan yon etablisman oswa founisè Rezo ki andeyò zòn jewografik lokal ou. Si ou oblije vwayaje pou jwenn Sèvis Swen Sante Garanti sa yo nan men yon Founisè Deziyen, Plan an ka ranbouse sèten frè vwayaj.

Nan toude ka yo, yo pral peye Avantaj yo sèlman si se yon Founisè Deziyen Administratè Reklamasyon yo chwazi ki founi oswa ki fè aranjman pou Sèvis Swen Sante Garanti ou yo pou pwoblèm sa.

Oumenm oswa Doktè Rezo a dwe enfòm Administratè Reklamasyon yo pou bezwen sèvis espesyal (tankou transplantasyon oswa tretman kansè) ki ta ka jistifye yon referans kay yon Founisè Deziyen. Si ou pa enfòm Administratè Reklamasyon yo davans, epi si ou resevwa sèvis nan men yon etablisman andeyò Rezo (kèlkeswa si li se yon Founisè Deziyen) oswa lòt founisè andeyò Rezo, yo pa pral peye Avantaj yo.

## **Sèvis Swen Sante nan men Founisè andeyò Rezo**

Si Sèvis Swen Sante ki Garanti yo pa disponib nan men yon founisè Rezo, ou ka kalifye pou Avantaj yo lè ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo nan men founisè andeyò Rezo. Nan sitiyasyon sa a, Doktè Rezo ou an pral enfòm Administratè Reklamasyon yo epi, si Administratè Reklamasyon yo konfime ke swen yo pa disponib nan men yon founisè Rezo a, Administratè Reklamasyon yo pral travay avèk oumenm ak Doktè Rezo a pou kowòdone swen yo nan men yon founisè andeyò Rezo.

## **Limitasyon sou Seleksyon Founisè yo**

Si Administratè Reklamasyon yo detèmine ke ou itilize sèvis swen sante nan yon fason danjere oswa abizif, oswa avèk frekans ki danjere, seleksyon founisè Rezo ou yo ka limite. Si sa rive, Administratè Reklamasyon yo ka mande pou ou chwazi yon sèl Doktè Rezo pou bay ak pou kowòdone tout sèvis Swen Sante ki Garanti yo alavni.

Si ou pa fè yon seleksyon nan 31 jou oplita apre dat Administratè Reklamasyon yo enfòm ou, Administratè Reklamasyon yo pral chwazi yon sèl Doktè Rezo pou ou.

Si ou pa itilize Doktè Rezo yo chwazi a, yo p ap peye avantaj yo.

## Sèvis Swen Sante ki Garanti yo

### Kilè Avantaj yo disponib pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo?

Avantaj yo disponib sèlman lè tout kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Sèvis swen sante yo, sa gen ladan founiti oswa Pwodui Famasetik yo yon Sèvis Swen Sante ki Garanti sèlman si yo Nesesè pou Rezon Medikal. (Gade definisyon Sèvis ki Nesesè pou rezon medikal ak Sèvis Swen Sante Garanti nan *Tèm Defini yo*.)
- Ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo pandan Plan an anvigè.
- Ou resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo anvan dat nenpòt kondisyon anilasyon endividyèl ki endike nan seksyon *Kilè Fen Pwoteksyon asirans* rive.
- Moun ki resevwa Sèvis Swen Sante ki Garanti yo se yon Moun ki Asire epi li ranpli tout kondisyon kalifikasyon ki presize nan Plan an.

Poutèt yon Doktè oswa yon lòt founisè te fè oswa te preskri yon pwosedi oswa tretman, oswa poutèt li kapab sèl tretman ki disponib pou yon Maladi, Blesi, Maladi Mantal, twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon, maladi oswa sentòm yon maladi, sa pa vle di ke pwosedi oswa tretman an se yon Sèvis Swen Sante ki Garanti nan Plan an.

Seksyon sa a dekri Sèvis Swen Sante ki Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo. Tanpri, al gade nan atachman *Lis Avantaj yo* pou jwenn detay sou:

- Montan ou dwe peye pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo (ansanm ak nenpòt Dediktib Anyèl, Kopeman ak/oswa Ko-asirans).
- Nenpòt limit ki aplike pou Sèvis Swen Sante ki Garanti sa yo (sa gen ladan limit vizit, jou ak dola sou sèvis yo).
- Nenpòt limit ki aplike pou pòsyon nan Montan Otorize a ke ou oblije peye nan yon ane (Limit ki Sot nan pòch).
- Nenpòt responsablite ou genyen pou jwenn otorizasyon davans oswa pou enfòm Administratè Reklamasyon yo.

*Tanpri konnen ke nan lis sèvis oswa egzanzp yo, lè Plan an di "sa gen ladan," Administratè Reklamasyon yo pa gen entansyon limite deskripsyon an a lis sa a prezizeman. Lè Plan an gen entansyon limite yon lis sèvis oswa egzanzp, Plan an endike prezizeman ke lis la "limite a."*

### Sèvis Anbilans

Transpò nan anbilans dijans ke yon sèvis anbilans otorize fè (swa anbilans atè, ayeryen oswa veyikil sou dlo) pou mennen nan Lopital ki pi pre a kote yo ka founi Sèvis Swen Sante Dijans.

Transpò nan anbilans ki pa ijans ke yon sèvis anbilans otorize fè (swa anbilans atè oswa ayeryen, jan Administratè Reklamasyon yo detèmine li apwopriye) ant etablisman yo sèlman lè transpò a ranpli youn nan kondisyon annapre la yo:

- Soti nan yon Lopital andeyò Rezo pou ale nan Lopital Rezo ki pi pre a lè Sèvis Swen Sante ki Garanti yo obligatwa.
- Pou ale nan Lopital Rezo ki pi pre a ki founi Sèvis Swen Sante Garanti ki pa te disponib nan Lopital dorijin lan, sa gen ladan frè pou transpò yon tibebe ki fenk fèt nan etablisman apwopriye ki pi pre a

pou trete pwoblèm tibebe ki fenk fèt la. Doktè a dwe sètifye ke transpò sa nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite tibebe ki fenk fèt la.

- Soti nan yon etablisman swen aktif akoutèm pou ale nan etablisman Rezo swen aktif alontèm (long-term acute care facility, LTAC) ki pi pre a, Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entène Rezo a, oswa lòt etablisman swen dire kout Rezo a kote yo ka founi Sèvis Swen Sante Garanti yo.

Pou rezon Avantaj sa a tèm annapre la yo gen siyifikasyon annapre la yo:

- "Etablisman swen aktif alontèm (long-term acute care facility, LTAC)" vle di yon etablisman oswa Lopital ki bay swen pou moun ki gen bezwen medikal konplike ki mande pou rete lontan nan Lopital nan yon anviwònman egi oswa kritik.
- "Etablisman swen aktif akoutèm" vle di yon etablisman oswa Lopital ki bay swen pou moun ki gen bezwen medikal ki mande pou yon sejou kout nan Lopital nan yon anviwònman egi oswa kritik tankou pou rekiperasyon apre yon operasyon, swen apre Maladi toudenkou, Blesi, oswa pouse yon Maladi kwonik.
- "Etablisman sib-egi" vle di yon etablisman ki bay swen entèmedyè sou baz akoutèm oswa alontèm.

## **Zo oswa Jwenti nan Rejyon Machwè ak Figi**

Yo bay Avantaj yo pou pwosedi dyagnostik ak pwosedi chirijikal ki konsène zo oswa jwenti nan rejyon machwè ak figi pou trete pwoblèm akòz defòmasyon konjenital oswa devlopmanal, Maladi oswa Blesi.

Tanpri konnen Avantaj yo pa disponib pou swen oswa tretman dan oswa jansiv, aparèy pwotèz andedan bouch oswa pwosedi chirijikal pou rezon kosmetik. Avantaj sa a gen ladan evalyasyon ak tretman sendwòm jwenti tanpowomandibilè (temporomandibular joint syndrome, TMJ) lè li anrapò ak defòmasyon konjenital, devlopmanal, blesi oswa maladi.

## **Terapi Selilè ak Jenik**

Terapi Selilè ak Terapi Jenik ki resevwa kòm pasyan entène oswa pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lòt Etablisman oswa nan kabinè yon Doktè.

Yo bay Avantaj pou terapi CAR-T pou timè kansè jan sa dekri nan seksyon *Sèvis Transplantasyon yo*.

## **Sèvis Kiwopratik**

Yo bay Avantaj pou Sèvis Kiwopratik ke yon kiwopratisyen fè pou pwoblèm ki rekonèt ak aksepte sou plan medikal kòm pwoblèm ki trete yon fason apwopriye ak terapi sa yo.

## **Tretman Po bouch fann/Palèt fann**

Yo bay Avantaj pou tretman pou po bouch fann ak palèt fann pou nenpòt Depandan ki Enskri ki poko gen 18 lane. Avantaj yo gen ladan Sèvis Swen Sante Garanti medikal, dantè, terapi lapawòl, odyoloji ak nitrisyonèl ke yon Doktè mande.

## **Esè Klinik**

Frè pou swen woutin pasyan ki fèt pandan y ap patisipe nan yon esè klinik admisib pou tretman pou:

- Kansè oswa lòt maladi oswa pwoblèm ki mete lavi an danje. Pou rezon Avantaj sa a, yon maladi oswa yon pwoblèm ki mete lavi an danje se youn ki gen gwo chans lakòz lanmò sòf si yo entewonp dewoulman maladi oswa pwoblèm lan.

## South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

- Maladi kadyovaskilè (kadyak/estwok) ki pa mete lavi an danje, lè Administratè Reklamasyon yo detèmine ke esè klinik la ranpli kritè pou esè klinik admisib ki endike anba a.
- Twoub miskilo-eskeletik chirijikal kolòn vètebral, hanch ak jenou ki pa mete lavi an danje, lè Administratè Reklamasyon yo detèmine ke esè klinik la ranpli kritè pou esè klinik admisib ki endike anba a.
- Lòt maladi oswa twoub ki pa mete lavi an danje, lè Administratè Reklamasyon yo detèmine ke esè klinik la ranpli kritè pou esè klinik admisib ki endike anba a.

Avantaj yo gen ladan atik ak sèvis ki rezonab ak nesèsè ke yo itilize pou prevni, pou fè dyagnostik ak pou trete konplikasyon ki vin genyen akòz patisipasyon nan yon esè klinik admisib.

Avantaj yo disponib sèlman lè ou kalifye sou plan klinik pou ou patisipe nan esè klinik admisib la, dapre desizyon chèchè a.

Frè swen pasyan woutin pou esè klinik admisib yo gen ladan:

- Sèvis Swen Sante ki Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo anjeneral an absans yon esè klinik.
- Sèvis Swen Sante ki Garanti ki nesèsè sèlman pou sa ki annapre la yo:
  - Founiti Sèvis oswa atik Eksperimantal oswa pou Envestigasyon.
  - Siveyans apwopriye klinikman sou efè sèvis la oswa atik la, oswa
  - Prevansyon konplikasyon.
- Sèvis Swen Sante ki Garanti ki nesèsè pou swen rezonab ak nesèsè ki vin genyen akòz ou resewva yon Sèvis oswa atik Eksperimantal oswa pou Envestigasyon.

Frè woutin pou esè klinik yo pa gen ladan:

- Sèvis oswa atik Eksperimantal oswa pou Envestigasyon. Sèl eksepsyon nan sa se:
  - Sèten aparèy *Kategori B* yo.
  - Sèten entèvansyon ki gen pwomès pou pasyan ki gen maladi ki nan dènye estad.
  - Lòt atik ak sèvis ki ranpli kritè byen presi dapre politik medikal ak famasetik Administratè Reklamasyon yo.
- Atik ak sèvis yo bay sèlman pou satisfè bezwen kòlèk ak analiz done epi ke yo pa itilize nan jesyon klinik dirèk pasyan an.
- Yon sèvis ki klèman pa reponn a estanda swen ki aksepte ak etabli an gran pati pou yon dyagnostik espesyalman.
- Atik ak sèvis ke esponsò rechèch yo ofri gratis pou nenpòt moun ki patisipe nan esè a.

Pou sa ki konsène kansè oswa lòt maladi oswa pwoblèm ki mete lavi an danje, yon esè klinik admisib se yon esè klinik Faz I, Faz II, Faz III, oswa Faz IV. Li dewoule anrapò avèk prevansyon, deteksyon oswa tretman kansè nan oswa lòt maladi oswa pwoblèm ki mete lavi an danje. Li reponn a nenpòt nan kritè annapre la yo nan lis pwèn ki anba a.

Pou sa ki konsène maladi kadyovaskilè, maladi mis ak zo nan kolòn vètebral, hanch ak jenou ak lòt maladi oswa twoubi ki pa mete lavi an danje, yon esè klinik admisib se yon esè klinik Faz I, Faz II, oswa Faz III. Li dewoule anrapò avèk prevansyon, deteksyon oswa tretman maladi oswa pwoblèm ki pa mete lavi an danje yo. Li reponn a nenpòt nan kritè annapre la yo nan lis pwèn ki anba a.

- Esè ki finanse sou plan federal. Youn oswa plizyè nan sa ki annapre la yo apwouve oswa finanse etid la oswa envestigasyon an (sa ka gen ladan finansman pa mwayen kontribisyon ki pa lajan):
  - *Enstiti Nasyonal Sante (National Institute of Health, NIH)*. (Gen ladan *Enstiti Nasyonal pou Kansè (National Cancer Institute, NCI)*.)
  - *Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC)*.
  - *Ajans pou Rechèch ak Kalite Swen Sante (Agency for Healthcare Research and Quality, AHRQ)*.
  - *Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS)*.
  - Yon gwoup kolaboratè oswa sant nenpòt nan antite yo ki dekri anwo a oswa *Depatman Defans (Department Of Defense, DOD)* oswa *Administrasyon Veteran (Veterans Administration, VA)*.
  - Yon antite rechèch kalifye non-gouvènmantal ki idantifye nan machaswiv *Enstiti Nasyonal Sante* pibliye pou sibvansyon sipò sant.
  - *Depatman Afè Veteran, Depatman Defans* oswa *Depatman Enèji* si yo te egzamine ak apwouve etid oswa envestigasyon an pa mwayen yon sistèm revizyon kamarad. *Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal* la detèmine Sistèm revizyon kamarad la pou reponn a toude kritè annapre la yo:
    - ◆ Konparab ak sistèm revizyon kamarad etid ak envestigasyon ke *Enstiti Nasyonal Sante* itilize.
    - ◆ Asire revizyon san patipri pi gwo estanda syantifik ke moun kalifye reyalize ki pa gen okenn enterè nan rezilta revizyon an.
- Etid la oswa envestigasyon an dewoule dapre yon aplikasyon pou nouvo medikaman eksperimantal ke *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (U.S. Food and Drug Administration)* egzamine.
- Etid la oswa envestigasyon an se yon esè medikaman ki egzante de yon aplikasyon pou nouvo medikaman eksperimantal konsa.
- Esè klinik la dwe gen yon pwotokòl alekri ki dekri yon etid syantifikman valab. Tout komite revizyon enstitisyonèl (*institutional review boards, IRBs*) aplikab yo dwe apwouve li anvan ou enskri nan esè a. Nenpòt lè, Administratè Reklamasyon yo ka mande dokiman sou esè a.
- Sijè oswa objektif esè a dwe evalyasyon yon atik oswa sèvis ki koresponn ak definisyon yon Sèvis Swen Sante ki Garanti epi ki pa eskli otreman nan Plan an.

## **Operasyon Maladi Kadyak Konjenital (Congenital Heart Disease, CHD)**

Operasyon CHD ke yon Doktè te mande. Pwosedi chirijikal CHD yo gen ladan operasyon pou trete pwoblèm tankou:

- Koaktasyon awòt.
- Stenoz awòtik.
- Tetraloji Fallot.
- Transpozisyon gwo veso yo.
- Sendwòm kadyak ipoplazik goch oswa dwat.

Avantaj yo gen ladan frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman yo. Avantaj pou sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal*.

Operasyon an ka fèt kòm pwosedi chirijikal louvri oswa fèmen oswa li ka fèt pa mwayen kateteris kadyak entèvansyonèl.

Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou enfòmasyon sou machaswiv byen presi Administratè Reklamasyon yo konsènan Avantaj pou sèvis CHD yo.

### **Sèvis Dantè - Aksidan Sèlman**

Sèvis dantè yo lè tout kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Tretman an nesèsè akòz domaj nan aksidan.
- Ou resevwa sèvis dantè yo nan men yon Doktè Chiriji Dantè oswa Doktè Dantisri Medikal.
- Domaj dantè a grav sifizaman ke premye kontak avèk yon Doktè oswa dantis te fèt nan lespas 72 èdtan apre aksidan an. (Ou ka mande pou peryòd tan sa a pi long si ou fè sa nan 60 jou oplita apre aksidan an epi si gen sikonstans ki jistifye konsiderasyon akòz gravite blesi a.)

Tanpri konnen ke domaj dantè ki rive kòm konsekans aktivite nòmal lavi toulejou oswa itilizasyon estwòdinè dan yo pa konsidere kòm yon Belsi pa aksidan. Avantaj yo pa disponib pou reparasyon dan ki domaje kòm rezilta aktivite sa yo.

Sèvis dantè pou repare domaj akòz blesi pa aksidan dwe respekte delè annapre la yo:

- Tretman an te kòmanse nan lespas twa mwa apre aksidan an, oswa si se pa yon Moun ki Asire nan moman aksidan an, nan twa premye mwa pwoteksyon asirans nan Plan an, sòf si gen sikonstans ki jistifye konsiderasyon (tankou ospitalizasyon pwolonje oswa prezans fil fiksasyon nan swen frakti).
- Tretman an dwe fini nan lespas 12 mwa apre aksidan an, oswa si se pa yon Moun ki Asire nan moman aksidan an, nan lespas 12 premye mwa pwoteksyon asirans nan Plan an.

Avantaj pou tretman oswa Blesi pa aksidan yo limite a sa ki annapre la yo:

- Egzamen dijans.
- Radyografi dyagnostik.
- Tretman andodonti (kanal rasin).
- Atèl tanporè dan.
- Tenon radikilè koule prefabrike.
- Pwosedi restorasyon minimòm senp (plonbaj).
- Rache dan.
- Kouwòn pòs-twomatik si se sèl tretman ki akseptab klinikman.
- Ranplasman dan ki pèdi akòz Blesi avèk enplan, fo dan oswa pon.

### **Sèvis Dantè - Anestezi ak Ospitalizasyon**

Avantaj yo gen ladan Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yo bay nan yon Lopital oswa yon Lòt Etablisman pou pwoblèm dantè ki gen gwo chans lakòz yon pwoblèm medikal si li rete san trete. Avantaj yo limite a tretman yon Moun ki Asire:

- Ki gen laj mwens pase 8 ane, epi
- Ke yon Doktè te detèmine ki bezwen tretman dantè nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman, akòz yon

pwoblèm dantè konplike oswa yon andikap nan devlopman ki anpeche tretman efikas nan yon klinik dantè; oswa

- Gen youn oswa plizyè pwoblèm medikal ki ta kreye yon risk medikal enjistifye si yo ta bay tretman dantè a nan yon kabinè dantè.

Avantaj yo pa gen ladan depans pou dyagnostik ak tretman maladi dantè.

## Sèvis pou Dyabèt

### Jesyon Pèsonèl ak Fòmasyon pou Dyabèt/Egzamen Zye Dyabetik/Swen pou Pye

Fòmasyon sou jesyon pèsonèl pasyan ekstèn pou tretman dyabèt, edikasyon ak sèvis terapi nitrisyonèl medikal. Se yon Doktè ki dwe mande sèvis yo, epi se yon pwofesyonèl swen sante lisansye oswa otorize kòm sadwa ki dwe founi yo.

Avantaj yo gen ladan tou egzamen medikal zye (egzamen retin dilate) ak swen prevantif pou dyabèt.

### Atik pou Jesyon Pèsonèl Dyabèt

Ponp ak founiti ensilin ak monitè glikoz kontini pou jesyon ak tretman dyabèt, ki baze sou bezwen medikal ou. Yon ponp ensilin depann de tout kondisyon pwoteksyon asirans ki endike nan seksyon Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti. Avantaj pou glikomèt, sereng ensilin avèk zegwi, bann pou tès sik nan san ak nan pipi, bann pou tès ak konprime setòn ansanm ak lansèt ak aparèy lansèt dekri nan seksyon *Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn*.

## Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti

Yo bay Avantaj pou DME ak kèk òtèz ak founiti. Si plis pase yon atik ka reponn a bezwen fonksyonèl ou, Avantaj yo disponib sèlman pou atik ki reponn a espesifikasyon minimòm pou bezwen ou yo. Si ou achte yon atik ki depase espesifikasyon minimòm sa yo, Plan an ap peye sèlman montan Plan an ta peye pou atik ki satisfè espesifikasyon minimòm yo, epi ou pral responsab pou peye nenpòt diferans pri ki genyen.

### *DME ak Founiti*

Egzanp DME ak founiti gen ladan:

- Ekipman pou ede mobilite, tankou yon chèz woulant estanda.
- Yon kabann Lopital tip nòmal.
- Oksijèn ak lokasyon ekipman pou administre oksijèn (sa gen ladan tib, konektè ak mask yo).
- Ponp tretman blesi ak presyon negatif (aspiratè blesi).
- Ekipman mekanik ki nesese pou tretman ensifizans respiratwa alontèm oswa toudenkou (sòf ke èkondisyonè, imidifikatè, deimidifikatè, pirifikatè ak filtè lè ak atik konfò pèsonèl yo eskli nan pwoteksyon asirans).
- Rad pou brili.
- Ponp ensilin ak tout materyèl asosye ki nesese yo jan sa dekri nan *Sèvis Dyabèt*.
- Aparèy ak sistèm kolkleyè ekstèn. Yo bay Avantaj pou enplantasyon kokleyè nan kategori avantaj medikal/chirijikal aplikab *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a.

Avantaj yo gen ladan ba pou lenfedèm pou bra dapre egzijans *Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè*.

Avantaj yo gen ladan tou aparèy èd pou lapawòl ak aparèy vwa traqueo-ezofajyen ki nesese pou tretman twoub lapawòl grav oswa mank lapawòl dirèkteman akòz Maladi oswa Blesi.



Avantaj pou achte aparèy sa yo disponib sèlman apre ou fini yon peryòd obligatwa lokasyon twa mwa. Avantaj yo limite a sa endike nan *Lis Avantaj yo*.

### Òtèz

Aparèy òtopedik, sa gen ladan modifikasyon ki nesèsè nan soulye pou adapte aparèy òtopedik yo. Aparèy òtopedik pou estabilize yon pati nan kò ki blese ak aparèy òtopedik pou trete koub nan kolòn vètebral se yon Sèvis Swen Sante Ki Garanti.

Avantaj yo pa gen ladan:

- Okenn dispozitif, aparèy, ponp, machin, estimilatè, oswa monitè ki enplante konplètman nan kò a. Aparèy enplantab yo se yon Sèvis Swen Sante Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo nan kategori Sèvis Swen Sante Garanti medikal/chirijikal aplikab nan *SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a.
- Ekipman dyagnostik oswa siveyans ou achte pou itilize nan kay, sòf si yo dekri otreman kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti.
- Aparèy egzozkelèt alimante.

Administratè Reklamasyon yo ap deside si yo dwe achte oswa lwe ekipman an.

Avantaj disponib pou reparasyon ak ranplasman, sòf jan sa dekri nan *Esklizyon ak Limit*, nan seksyon *Founiti ak Ekipman Medikal*.

Avantaj sa yo aplike pou DME ekstèn. Sòf si yo eskli otreman, atik ki enplante konplètman nan kò a se yon Sèvis Swen Sante Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo nan kategori Sèvis Swen Sante Garanti medikal/chirijikal aplikab nan *SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a.

## Sèvis Swen Sante Dijans - Pasyan Ekstèn

Sèvis ki nesèsè pou estabilize oswa pou kòmanse tretman nan yon Pwoblèm Medikal Dijans. Ou dwe resevwa Sèvis Swen Sante Dijans yo sou baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa yon Lòt Etablisman.

Avantaj yo gen ladan frè etablisman an, founiti ak tout sèvis pwofesyonèl yo ki nesèsè pou estabilize pwoblèm ou an ak/oswa pou kòmanse tretman an. Sa gen ladan plasman nan yon kabann obsèvasyon pou siveye pwoblèm ou an (olye pou yo admèt ou nan yon Lopital pou yon Sejou Pasyan entène).

Avantaj yo pa disponib pou sèvis pou trete yon pwoblèm ki pa koresponn ak definisyon yon Pwoblèm Medikal Dijans.

## Fòmil Anteral yo

Avantaj yo gen ladan fòmil anteral sou preskripsyon ak san preskripsyon, sa gen ladan pwodui alimantè ki modifiye pou yo gen pwoteyin ba pou maladi ereditè asid amine ak asid òganik, lè kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Yon Doktè preskri oswa rekòmande yo;
- Nesèsè pou tretman pou maladi ereditè metabolis asid amine, asid òganik, idrat kabòn oswa grès, sa gen ladan malabsòpsyon ki soti nan Anomali Konjenital; ak
- Moun ki Asire a gen laj 24 lane oswa pi piti.

Avantaj yo pa depann de okenn limit ni esklizyon pou yon pwoblèm ki egziste deja.

## Disfori Jan

Avantaj pou tretman disfori jan ke yon Doktè founi oswa anba direksyon yon Doktè.

Pou rezon avantaj sa a, "disfori jan" se yon twoub ki karakterize ak kritè dyagnostik byen presi ki klase nan edisyon aktyèl *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken (American Psychiatric Association)*.

Sèvis yo gen ladan sa ki annapre la yo:

- Sèvis sikoterapi ak sante mantal pou disfori jan ak dyagnostik sikyatrik maladi kwonik asosye ki prezan an menm tan.
- Sèten terapi medikaman, sa gen ladan tretman òmonal reyafektasyon seksyèl, tankou terapi estwojèn oswa testostewòn, ke yon founisè medikal administre pandan yon vizit nan kabinè oswa ke yo bay nan yon famasi (ki garanti nan plan famasi).
- Tès laboratwa pou siveye sekirite tretman òmonal reyafektasyon seksyèl kontini.
- Operasyon ki presize, sa gen ladan operasyon jenital pou tretman disfori jan ak operasyon tete, sa gen ladan mastektomi bilateral ak rediksyon tete.
- Medikaman ki siprime pibète pou tretman disfori jan, tankou Lupron ak Supprelin LA, ke yo administre nan kabinè Doktè a.

Yo eskli sèvis ki kosmetik, san prèv, epi ki pa nesèsè pou rezon medikal.

## Sèvis Abilitan

Pou rezon Avantaj sa yo, "sèvis abilitan" yo vle di sèvis Swen Kalifye ki fè pati yon plan tretman yo preskri pou ede yon moun ki gen yon pwoblèm andikap pou aprann oswa pou amelyore konpetans ak fonksyonman pou lavi toulejou. Pou deside si Avantaj yo disponib, Administratè Reklamasyon yo ap egzamine ni nati kalifye sèvis la ni nesèsite pou jesyon medikal Doktè dirije. Yo pa konsidere kòm sèvis abilitan terapi yo bay nan objektif byennèt jeneral oswa pou kondisyonman nan absans yon pwoblèm andikap.

Sèvis abilitan yo limite a:

- Terapi fizik.
- Terapi okipasyonèl.
- Tretman Manipilatif.
- Terapi lapawòl.
- Terapi oditif enplan pòs-kokleyè.
- Terapi pou panse ak aprann.

Yo bay Avantaj pou sèvis abilitan yo ni pou sèvis pasyan entène ni pou terapi pasyan ekstèn lè ou gen yon pwoblèm andikap lè toude kondisyon annapre la yo ranpli:

- Yo itilize nenpòt nan sa ki annapre la yo pou bay tretman an:
  - Patolojis lapawòl-langaj lisansye.
  - Odyolojis lisansye.
  - Terapis okipasyonèl lisansye.

- Terapis fizik lisansye.
- Doktè.
- Tretman yo dwe pwouve epi yo pa dwe Eksperimantal oswa pou investigasyon.

Sa ki annapre la yo se pa sèvis abilitan:

- Swen Debaz.
- Swen repi.
- Gadri.
- Rekreyasyon terapetik.
- Fòmasyon pwofesyonèl.
- Tretman Rezidansyèl.
- Yon sèvis ki pa ede ou atenn objektif fonksyonèl nan yon plan tretman nan yon delè preskri.
- Sèvis yo gen aspè edikatif sèlman.
- Yo peye pou sèvis edikatif yo otreman dapre lwa Eta oswa federal.

Administratè Reklamasyon yo ka mande pou bay enfòmasyon annapre la yo:

- Plan tretman.
- Dosye medikal.
- Nòt klinik yo.
- Lòt done ki nesèsè pou pèmèt Administratè Reklamasyon yo pwouve ke tretman medikal nesèsè.

Lè founisè ki bay tretman an prevwa tretman kontini nesèsè oswa pral nesèsè pou pèmèt ou reyalize pwogrè ki kapab demontre, Administratè Reklamasyon yo ka mande yon Plan tretman ki gen ladan:

- Dyagnostik.
- Tretman ki pwopoze a dapre tip, frekans, ak dire tretman ki prevwa.
- Objektif yo atann nan tretman an.
- Frekans mizajou plan tretman an.

Sèvis abilitan ke yon Ajans Sante nan Kay ba ou lakay ou, yo bay yo jan li dekri nan seksyon *Swen Sante nan Kay*. Yo dekri nan seksyon sa a sèvis abilitan yo ba ou lakay ou ki pa bay pa mwayen yon Ajans Sante nan Kay.

Avantaj pou DME ak aparèy pwostetik, lè yo itilize yo kòm yon pati nan sèvis abilitan, yo dekri yo nan seksyon *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Òtèz ak Founiti ak Pwotèz*.

## **Aparèy pou tande**

Aparèy pou tande ki nesèsè pou koreksyon yon pwoblèm pou tande (yon rediksyon nan kapasite pou tande son ki ka varye ant lejè ak soud konplètman). Sa yo se aparèy anplifikasyon elektwonik ki fèt pou pote son an yon fason pi efikas nan zòrèy la. Sa yo gen ladan yon mikwofòn, anplifikatè ak reseptè. Avantaj ki disponib pou yon aparèy pou tande ki achte avèk rekòmandasyon alekri yon Doktè. Yo bay Avantaj pou aparèy pou tande a ak frè pou adaptasyon ak tès asosye yo.

Si plis pase yon kalite aparèy pou ede tande ka reponn a bezwen fonksyonèl ou, Avantaj yo disponib sèlman pou aparèy ki reponn a espesifikasyon minimòm pou bezwen ou yo. Si ou achte yon aparèy pou ede tande ki depase espesifikasyon minimòm sa yo, Plan an ap peye sèlman montan Plan an ta peye pou aparèy pou ede tande ki satisfè espesifikasyon minimòm yo, epi ou pral responsab pou peye nenpòt diferans pri ki genyen.

Avantaj yo pa gen ladan aparèy pou tande ki ankre nan zo. Aparèy pou tande ki ankre nan zo yo se yon Sèvis Swen Sante Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo nan kategori Sèvis Swen Sante Garanti medikal/chirijikal aplikab nan *SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a. Yo disponib sèlman si ou gen youn nan sa ki annapre la yo:

- Anomali kranyofasyal ki gen kanal zòrèy ki pa nòmal oswa ki absan ki anpeche itilizasyon yon aparèy pou tande pòtab pou mete sou ou.
- Pèt odisyon ki grav ase ke li pa t ap korije ak yon aparèy pou tande pòtab ou mete sou ou.

### **Swen Sante nan Kay**

Sèvis ki resevwa nan men yon Ajans Sante nan Kay ki gen tout sa ki annapre la yo:

- Yon Doktè mande yo.
- Yon enfimye/emfimyè otorize lakay ou, oswa swa yon asistan sante nan kay oswa enfimye/emfimyè oksilyè lisansye bay yo lakay ou epi anba sipèvizyon yon enfimye/emfimyè otorize.
- Founi selon yon orè Swen Entèmedyè tan pasyèl.
- Founi lè Swen Kalifye nesèsè.

Pou detèmine si Avantaj yo disponib, Administratè Reklamasyon yo ap egzamine ni nati kalifye sèvis la ni nesèsite pou jesyon medikal Doktè dirije.

### **Swen nan Ospis**

Swen ospis ke yon Doktè rekòmande. Swen ospis se yon pwogram entegre ki bay sèvis konfò ak sipò pou malad nan estad tèminal. Li gen ladan sa ki annapre la yo:

- Swen fizik, sikolojik, sosyal, espirityèl ak swen repi pou malad nan estad tèminal.
- Konsèy akoutèm pou dèy pou manm fanmi pwòch pandan w ap resevwa swen ospis yo.

Avantaj yo disponib lè ou resevwa swen ospis yo nan men yon ajans ospis lisansye.

Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou enfòmasyon sou machaswiv Administratè Reklamasyon yo konsènan swen ospis.

### **Lopital - Sejou Pasyan Entènè**

Sèvis ak founiti ki founi pandan yon Sejou Pasyan Entènè nan yon Lopital.

Avantaj yo disponib pou:

- Pwodui ak sèvis ki pa sèvis Doktè ke ou resevwa pandan Sejou pasyan entènè.
- Chanm ak pansyon nan yon Chanm Semi-prive (yon chanm ki gen de kabann oswa plis).
- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi, patolojis ak Doktè Sèvis Dijans. (Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal*.)

## Laboratwa, Radyografi ak Dyagnostik - Pasyan ekstèn

Sèvis pou fè dyagnostik anrapò ak Maladi ak Blesi, ke ou resevwa sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman gen ladan:

- Laboratwa ak radyoloji/Radyografi.
- Pwoteksyon asirans pou mamografi, sa gen ladan imajri 3-D.

Avantaj yo gen ladan:

- Frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman.
- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi ak patolojis. (Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal.*)
- Tès jenetik ke yon Doktè te mande ki bay opsyon tretman medikal ki disponib apre Konsèy Jenetik.
- Tès Prezime pou Dwòg ak Tès Definitif pou Dwòg.

Yo dekri laboratwa, radyografi ak sèvis dyagnostik pou swen prevantif yo nan seksyon *Sèvis Swen Prevantif.*

Eskanè Tomodansitometri (Computed Tomography, CT), eskanè Tomografi Emisyon Positron (Positron Emission Tomography, PET), Imajri Rezonans Mayetik (Magnetic Resonance Imaging, MRI), Anjyografi Rezonans Mayetik (Magnetic Resonance Angiography, MRA), medsin nikleyè ak sèvis dyagnostik majè yo dekri nan seksyon *Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn.*

## Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn

Ou resevwa Sèvis Eskanè CT, eskanè PET, MRI, MRA, medsin nikleyè ak sèvis dyagnostik majè yo sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman.

Avantaj yo gen ladan:

- Frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman.
- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi ak patolojis. (Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal.*)

Gen ladan lè konsepsyon plan an pèmèt peye avantaj sèvis nan kabinè doktè pou dyagnostik majè yo fè nan kabinè yon doktè a.

## Sèvis Swen Sante Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon

Sèvis Swen Sante Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon gen ladan sa yo ki resevwa sou yon baz pasyan entèn oswa pasyan ekstèn nan yon Lopital, yon Lòt Etablisman oswa nan kabinè yon founisè swen. Se yon founisè sante konpòtmantal kalifye kòrèkteman ki dwe bay oswa ki dwe dirije tout sèvis yo.

Avantaj yo gen ladan nivo swen annapre la yo:

- Tretman pasyan entèn.
- Tretman Rezidansyèl.

- Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Lajounen.
- Tretman entansif Pasyan Ekstèn.
- Tretman pasyan ekstèn.

Tretman pasyan entène ak Tretman Rezidansyèl gen ladan chanm ak pansyon nan yon Chanm Semi-prive (yon chanm ki gen de kabann oswa plis).

Sèvis yo gen ladan sa ki annapre la yo:

- Evalyasyon dyagnostik, evalyasyon ak planifikasyon tretman.
- Tretman ak/oswa pwosedi yo.
- Jesyon medikaman ak lòt tretman asosye yo.
- Terapi endividyèl, familyal, ak an gwoup.
- Sèvis jesyonè ka ki baze sou founisè yo.
- Entèkansyon kriz.
- Sèvis Swen Sante Mantal pou Twoub Espèk Otis (sa gen ladan Terapi Konpòtmantal Entansif tankou *Analiz Aplike Konpòtman (Applied Behavior Analysis, ABA)*), se sa ki annapre la yo:
  - Konsantre sou tretman defisi debaz yo nan Twoub Espèk Otis.
  - Se yon *Analiz Konpòtman Sètifye devan Konsèy (Board Certified Behavior Analyst, BCBA)* oswa lòt founisè kalifye ki founi yo anba sipèvizyon apwopriye.
  - Konsantre sou tretman konpòtman inadaptè/pèsistan ki poze yon danje pou tèt ou, pou lòt moun ak pwopriyete, ak defisyans nan fonksyonman toulejou.

Seksyon sa a dekri sèlman eleman konpòtmantal la nan tretman pou Twoub Espèk Otis. Tretman medikal Twoub Espèk Otis se yon Sèvis Swen Sante Garanti ki gen Avantaj disponib pou li nan kategori Sèvis Swen Sante Garanti medikal aplikab nan **SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS** sa a.

Reprezantan pou Sante Mantal/Twoub Asosye ak Sibstans ak Adiksyon bay sèvis administratif pou tout nivo swen yo.

Yo ankouraje pou ou kontakte Reprezantan pou Sante Mantal/Twoub Asosye ak Sibstans ak Adiksyon an pou referans kay founisè ak pou kowòdinasyon swen.

## **Tretman Osteyopowoz**

Yo bay Avantaj yo pou dyagnostik, tretman ak jesyon apwopriye osteyopowoz. Sèvis Swen Sante ki Garanti yo gen ladan teknoloji Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman apwouve, sa gen ladan mezi mas zo, lè Doktè ou mande li.

## **Founiti pou Ostomi**

Avantaj pou pwodui pou ostomi yo limite a sa ki annapre la yo:

- Pochèt, plak devan ak senti.
- Manchon irigasyon, sachè ak katetè irigasyon ostomi.
- Baryè po.

Avantaj yo pa disponib pou deyodoran, filtè, librifyan, tep, pwodui netwayaj aparèy, adezif, pwodui pou retire adezif, oswa lòt atik ki pa endike anwo a.

## **Pwodui famasetik - Pasyan ekstèn**

Pwodui famasetik pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo administre sou baz pasyan ekstèn nan yon Lopital, Lòt etablisman, kabinè Doktè, oswa lakay ou.

Yo bay Avantaj pou Pwodui Famasetik ki, akòz karakteristik yo (dapre desizyon Administratè Reklamasyon yo), yo administre oswa ki sipèvizè dirèkteman pa yon founisè kalifye pwofesyonèl swen sante lisansye/sètifye. Selon kote yo bay Pwodui Famasetik la, yo pral bay Avantaj pou administrasyon Pwodui Famasetik la nan kategori Avantaj ki koresponn lan nan *SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a. Yo bay avantaj pou medikaman ki disponib nòmalman avèk yon preskripsyon oswa yon òdonans oswa renouvèlman medikaman jan li dekri nan *Plan Medikaman sou Preskripsyon Pasyan Ekstèn* ou.

Si ou bezwen sèten Pwodui Famasetik, sa gen ladan Pwodui Famasetik espesyalite, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou kay yon Antite Distribisyon Deziyen. Antite Distribisyon sa ka gen ladan yon famasi pasyan ekstèn, famasi espesyalite, founisè Ajans Sante nan Kay, famasi ki afilye ak Lopital oswa famasi sou kontra avèk sant tretman emofili.

Si yo dirije ou/founisè ou kay yon Antite Distribisyon Deziyen epi ou/founisè ou chwazi pou pa pran pwodui famasetik ou an kay yon Antite Distribisyon Deziyen, Avantaj yo pa disponib pou Pwodui Famasetik sa.

Sèten Pwodui Famasetik depann de egzijans terapi pa etap. Sa vle di, pou ou kapab resevwa Avantaj pou Pwodui Famasetik sa yo, ou dwe itilize yon Pwodui Famasetik ak/oswa pwodui medikaman sou preskripsyon diferan avan. Pou konnen si yon Pwodui Famasetik espesyalman depann de egzijans terapi pa etap, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

Administratè Reklamasyon yo ka gen sèten pwogram kote nan pwogram sa yo ou ka resevwa yon Avantaj amelyore oswa redui baze sou aksyon ou tankou respè/konfòmite avèk rejim medikaman oswa tretman ak/oswa patisipasyon nan pwogram jesyon sante. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwogram sa yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

## **Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal**

Frè Doktè pou pwosedi chirijikal ak lòt sèvis medikal ou resevwa sou yon baz pasyan ekstèn oswa pasyan entène nan yon Lopital, Mezon retrèt espesyalize, Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entène oswa Lòt Etablisman, oswa pou vizit Doktè nan kay.

## **Sèvis Kabinè Doktè - Maladi ak Blesi**

Sèvis yo bay nan kabinè yon Doktè pou dyagnostik ak tretman yon Maladi oswa Blesi. Yo bay Avantaj yo kit kabinè Doktè a otonòm, li sitiye nan yon klinik oswa li sitiye nan yon Lopital.

Sèvis Swen Sante ki Garanti yo gen ladan sèvis edikasyon medikal ke yon pwofesyonèl swen sante lisansye oswa otorize kòmsadwa founi nan kabinè yon Doktè lè toude kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Edikasyon an obligatwa pou yon maladi kote jesyon pèsònèl pasyan an fè pati tretman an.
- Gen yon mank konesans konsènan maladi a ki egzije èd yon pwofesyonèl swen sante kalifye.

Sèvis Swen Sante ki Garanti yo gen ladan Konsèy Jenetik.

Avantaj yo gen ladan piki kont alèji.

Sèvis Swen Sante ki Garanti pou swen prevantif nan kabinè yon Doktè dekri nan seksyon *Sèvis Swen Prevantif* yo.

Avantaj yo gen ladan laboratwa, radyoloji/radyografi oswa lòt sèvis dyagnostik ki fèt nan kabinè Doktè a.

Avantaj pou Eskanè CT, eskanè PET, MRI, MRA, medsin nikleyè ak sèvis dyagnostik majè yo dekri nan seksyon Dyagnostik ak Imajri Majè - Pasyan ekstèn.

Lè yo fè yon tès oswa yo pran yon echantyon nan kabinè Doktè a, Avantaj pou analiz oswa tès yon laboratwa, radyoloji/radyografi oswa lòt sèvis dyagnostik, kit yo fèt nan kabinè Doktè a oswa deyò, yo dekri nan seksyon Laboratwa, radyografi ak Dyagnostik - Pasyan ekstèn.

## Gwosès - Sèvis Matènite

Avantaj pou Gwosès gen ladan tout sèvis medikal anrapò ak matènite pou swen prenatal, swen apre akouchman, akouchman ak nenpòt konplikasyon asosye.

Ni anvan ni pandan yon Gwosès, Avantaj yo gen ladan sèvis yon konseye jenetik lè yon Doktè bay yo oswa fè referans pou yo. Avantaj sa yo disponib pou tout Moun ki Asire nan fanmi pwòch lan. Sèvis Swen Sante ki Garanti yo gen ladan tès ak tretman asosye yo.

Administratè Reklamasyon yo gen pwogram prenatal espesyal tou pou ede pandan Gwosès la. Yo se pwogram volontè epi pa gen okenn frè anplis pou patisipe nan pwogram lan. Pou enskri, ou dwe enfòm Administratè Reklamasyon yo pandan premye trimès la, men pa pita ke yon mwa anvan dat ki prevwa pou akouchman an. Li enpòtan pou ou enfòm Administratè Reklamasyon yo konsènan Gwosès ou.

Plan an ap peye Avantaj pou yon Sejou Pasyan Entènè omwen:

- 48 èdtan pou manman an ak tibebe ki fenk fèt la apre yon akouchman vajinal nòmal.
- 96 èdtan pou manman an ak tibebe ki fenk fèt la apre yon akouchman Sezaryèn.

Si manman an aksepte, founisè responsab tretman an ka egzeyate manman an ak/oswa tibebe ki fenk fèt la pi bonè pase delè minimòm sa yo.

## Sèvis Swen Prevantif

Sèvis swen prevantif yo bay sou baz pasyan ekstèn nan yon kabinè Doktè, yon Lòt Etablisman oswa yon Lopital gen ladan sèvis medikal ki te demontre avèk prèv klinik ke yo san danje epi yo efikas swa pou deteksyon maladi byen bonè oswa pou prevansyon maladi, ki te pwouve yo gen yon efè benefik sou rezilta sante epi yo gen ladan sa ki annapre la yo dape egzijans lwa aplikab:

- Atik oswa sèvis ki baze sou prèv ki gen anvigè yon notasyon "A" oswa "B" nan rekòmandasyon aktyèl *Ekip Entèvansyon Prevantif Etazini (United States Preventive Services Task Force)*.
- Vaksinasyon ki gen anvigè yon rekòmandasyon *Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi*.
- Pou sa ki konsène tibebe, timoun ak adolesan, swen prevantif ak depistaj baze sou done prèv prevwa nan direktiv detaye ki gen sipò *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante*.
- Pou sa ki konsène fanm yo, swen depistaj ak prevantif anplis prevwa nan direktiv detaye ki gen sipò *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante*.

Avantaj ki defini dapre egzijans *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA)* gen ladan frè pou lwe yon ponp pou tete pou chak Gwosès ansanm ak akouchman. Yon Doktè dwe mande oswa bay ponp tete yo. Pou jwenn pli enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan Avantaj pou ponp tete yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

Si plis pase yon ponp tete ka reponn a bezwen ou yo, Avantaj yo disponib sèlman pou ponp ki pi rantab la. Administratè Reklamasyon yo ap detèmine sa ki annapre la yo:



- Ki ponp ki pi rantab.
- Si ponp lan dwe achte oswa lwe.
- Dire pou yon lokasyon.
- Moman pou acha oswa pou lokasyon an.

## Aparèy Pwotèz

Aparèy pwostetik ekstèn ki ranplase yon manm oswa yon pati nan kò, limite a:

- Bra, janm, pye ak men atifisyèl.
- Figi, zye, zòrèy ak nen atifisyèl.
- Pwotèz tete dapre egzijans *Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè*. Avantaj yo gen ladan soutyen pou mastektomi. Yo bay avantaj pou ba pou lenfedèm pou bra yo bay jan li dekri nan *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Otèz ak Founiti*.

Yo bay avantaj yo sèlman pou aparèy pwostetik ekstèn epi yo pa gen ladan okenn aparèy ki enplante konplètman nan kò a. Pwotèz entèn yo se yon Sèvis Swen Sante Garanti ki gen Avantaj disponib pou yo nan kategori Sèvis Swen Sante Garanti medikal/chirijikal aplikab nan **SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS** sa a.

Si plis pase yon aparèy pwostetik ka reponn a bezwen fonksyonèl ou, Avantaj yo disponib sèlman pou aparèy pwostetik ki reponn a espesifikasyon minimòm pou bezwen ou yo. Si ou achte yon aparèy pwostetik ki depase espesifikasyon minimòm sa yo, Plan an ap peye sèlman montan Plan an ta peye pou aparèy pwostetik ki satisfè espesifikasyon minimòm yo, epi ou pral responsab pou peye nenpòt diferans pri ki genyen.

Yon Doktè dwe mande oswa bay aparèy pwostetik la, oswa yo dwe bay li anba direksyon yon Doktè.

Avantaj disponib pou reparasyon ak ranplasman, sòf jan sa dekri nan *Esklizyon ak Limit*, nan seksyon *Dispozitif, Aparèy ak Pwotèz*.

## Pwosedè pou rekonstriksyon

Pwosedè pou rekonstriksyon lè objektif prensipal pwosedè a se youn nan sa ki annapre la yo:

- Tretman yon pwoblèm medikal.
- Amelyorasyon oswa restorasyon fonksyon fizyolojik.

Pwosedè pou rekonstriksyon yo gen ladan operasyon oswa lòt pwosedè ki anrapò ak yon Blesi, Maladi oswa Anomali Konjenital. Rezilta prensipal pwosedè a se pa yon aparans fizik modifiye oswa amelyore.

Pwosedè Kosmetik yo eskli nan pwoteksyon asirans. Pwosedè ki korije yon Anomali Konjenital anatomik san yo pa amelyore oswa restore fonksyon fizyolojik konsidere kòm Pwosedè Kosmetik. Lefèt ke ou ka sibi konsekans sikolojik oswa konpòtman demakay sou plan sosyal kòm rezilta yon Blesi, Maladi oswa Anomali Konjenital pa klase operasyon (oswa lòt pwosedè ki fèt pou soulaje konsekans oswa konpòtman sa yo) kòm yon pwosedè pou rekonstriksyon.

Tanpri konnen Avantaj pou pwosedè pou rekonstriksyon yo gen ladan rekonstriksyon tete apre yon mastektomi, ak rekonstriksyon tete ki pa afekte a pou reyalize simetri. Lòt sèvis dapre egzijans *Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè*, sa gen ladan pwotèz tete ak tretman komplikasyon, yo bay yo nan menm fason ak nan menm nivo ak sa yo ki pou nenpòt lòt Sèvis Swen Sante ki Garanti. Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou jwenn plis enfòmasyon sou Avantaj pou sèvis anrapò ak mastektomi.

## Sèvis Reyadaptasyon - Terapi Pasyan ekstèn ak Tretman Manipilatif

Sèvis reyadaptasyon pasyan ekstèn akoutèm limite a:

- Terapi fizik.
- Terapi okipasyonèl.
- Tretman Manipilatif.
- Terapi lapawòl.
- Terapi reyadaptasyon poumon.
- Terapi reyadaptasyon kadyak.
- Terapi oditif enplan pòs-kokleyè.
- Terapi reyadaptasyon pou panse ak aprann.

Se yon Doktè oswa yon founisè terapi lisansye ki dwe fè sèvis reyadaptasyon yo. Avantaj yo gen ladan sèvis reyadaptasyon yo bay nan yon kabinè Doktè oswa sou yon baz pou pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman. Sèvis reyadaptasyon yon Ajans Sante nan Kay ba ou lakay ou, yo bay yo jan li dekri nan seksyon *Swen Sante nan Kay*. Yo dekri nan seksyon sa a sèvis reyadaptasyon yo ba ou lakay ou ki pa bay pa mwayen yon Ajans Sante nan Kay.

Yo ka refize oswa rakousi avantaj yo lè youn nan sa ki annapre la yo aplike:

- Ou pa fè pwogrè nan sèvis reyadaptasyon sible yo.
- Objektif reyadaptasyon te deja atenn.

Avantaj yo pa disponib pou tretman antretyen/prevantif.

Pou sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn pou terapi langaj Plan an ap peye Avantaj pou tretman twoub lapawòl, langaj, vwa, kominikasyon ak tretman oditif sèlman lè twoub la soti nan Blesi, estwok, kansè, Anomali Konjenital, oswa Twoub Espèk Otis. Plan an ap peye Avantaj pou terapi reyadaptasyon pou panse ak aprann sèlman lè li Nesesè pou Rezon Medikal apre yon blesi twomatik nan sèvo oswa aksidan vaskilè serebral.

## Pwosedè Skopik - Dyagnostik ak Terapetik Pasyan ekstèn

Pwosedè skopik dyagnostik ak terapetik ak sèvis asosye ke ou resevwa sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman oswa nan kabinè yon Doktè.

Pwosedè skopik dyagnostik se sa yo ki pou vizyalizasyon, byopsi ak pou retire polip. Egzanp pwosedè dyagnostik skopik yo gen ladan:

- Kolonoskopi.
- Sigmoyidoskopi.
- Andoskopi Dyagnostik.

Tanpri konnen Avantaj yo pa gen ladan pwosedè skopik chirijikal, ki fèt nan bi pou fè operasyon. Avantaj pou pwosedè chirijikal skopik yo dekri nan seksyon *Chiriji - Pasyan ekstèn*.

Avantaj yo gen ladan:

- Frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman.

South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi ak patolojis. (Avantaj pou tout lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis Chirijikal ak Medikal.*)

Avantaj ki aplike pou sèten evalyasyon prevantif dekri nan *Sèvis Swen Prevantif.*

### **Sèvis Etablisman Swen Enfimye Kalifye/Reyadaptasyon Pasyan entènè**

Sèvis ak founiti yo bay pandan yon Sejou Pasyan Entènè nan yon Mezon retrèt espesyalize oswa yon Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entènè. Avantaj yo disponib pou:

- Pwodi ak sèvis ki pa sèvis Doktè ke ou resevwa pandan Sejou pasyan entènè.
- Chanm ak pansyon nan yon Chanm Semi-prive (yon chanm ki gen de kabann oswa plis).
- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi ak patolojis. (Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal.*)

Tanpri konnen Avantaj yo disponib sèlman si toude kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Si premye admisyon nan yon Mezon retrèt espesyalize oswa Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entènè te yon opsyon rantab oswa pral yon opsyon rantab pou yon Sejou Pasyan Entènè nan yon Lopital.
- Ou pral resevwa sèvis Swen Kalifye ki pa prensipalman Swen Debaz.

Pou detèmine si Avantaj yo disponib, Administratè Reklamasyon yo ap egzamine ni nati kalifye sèvis la ni nesite pou jesyon medikal Doktè dirije.

Yo ka refize oswa rakousi avantaj yo lè youn nan sa ki annapre la yo aplike:

- Ou pa fè pwogrè nan sèvis reyadaptasyon sible yo.
- Objektif reyadaptasyon egzeyat yo te deja atenn.

### **Chiriji – Pasyan ekstèn**

Operasyon ak sèvis asosye ou resevwa sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman oswa nan kabinè yon Doktè.

Avantaj yo gen ladan sèten pwosedi skopik. Egzanp pwosedi skopik chirijikal yo gen ladan:

- Atwoskopi.
- Lapawoskopi.
- Bwonkoskopi.
- Istewoskopi.

Egzanp pwosedi chirijikal ki fèt nan kabinè yon Doktè se eliminasyon mòl, eliminasyon lasi nan zòrèy ak aplikasyon anplat.

Avantaj yo gen ladan:

- Frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman.
- Sèvis Doktè pou radyològ, anestezi ak patolojis. (Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis chirijikal ak Medikal.*)

## Tretman Terapetik - Pasyan ekstèn

Tretman terapetik ou resevwa sou yon baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman oswa nan kabinè yon Doktè gen ladan:

- Dyaliz (ni emodyaliz ni dyaliz peritoneyal).
- Chimyoterapi nan venn oswa lòt terapi pèfizyon nan venn.
- Onkoloji radyasyon.

Sèvis Swen Sante ki Garanti yo gen ladan sèvis edikasyon medikal ke pwofesyonèl swen sante lisansye oswa otorize yon fason apwopriye bay sou baz pasyan ekstèn nan yon Lopital oswa yon Lòt Etablisman lè toude kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Edikasyon an obligatwa pou yon maladi kote jesyon pèsònèl pasyan an fè pati tretman an.
- Gen yon mank konesans konsènan maladi a ki egzije èd yon pwofesyonèl swen sante kalifye.

Avantaj yo gen ladan:

- Frè etablisman an ak frè pou founiti ak ekipman asosye yo.
- Sèvis Doktè pou anestezi, patolojis ak radyològ. Avantaj pou lòt sèvis Doktè yo dekri nan seksyon *Frè Doktè pou Sèvis Chirijikal ak Medikal*.

## Sèvis Transplantasyon

Transplantasyon ògàn ak tisi, sa gen ladan terapi selilè CAR-T pou timè kansè, lè yon Doktè mande yo. Avantaj disponib pou transplantasyon lè transplantasyon an koresponn ak definisyon yon Sèvis Swen Sante ki Garanti, epi se pa yon Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa Sèvis ki pa pwouve.

Egzanp transplantasyon ki gen Avantaj disponib pou yo gen ladan:

- Mwèl zo, sa gen ladan terapi selilè CAR-T pou timè kansè.
- Kè.
- Kè/poumon.
- Poumon.
- Ren.
- Ren/pankreyas.
- Fwa.
- Fwa/entesten grèl.
- Pankreyas.
- Ti entesten.
- Kòne.

Depans pou donatè a anrapò ak transplantasyon an se Sèvis Swen Sante ki Garanti epi yo peyab atravè pwoteksyon asirans benefisyè ògàn lan nan Plan an, limite a donatè:

- Idantifikasyon.
- Evalyasyon.

- Retire ògàn.
- Swen swivi dirèk.

Depans anrapò ak rechèch yon donatè pou transplantasyon mwèl zo limite a manm fanmi pwòch ak Pwogram Nasyonal donatè Mwèl Zo. Pwosedi transplantasyon mwèl zo yo ap baze sou règ Ajans pou Administrasyon Swen Sante adopte.

Tretman an gen ladan terapi ki pa-ablatif entansyon pou gerizon oswa pou pwolonje lavi.

Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou pou jwenn enfòmasyon sou machaswiv byen presi Administratè Reklamasyon yo konsènan Avantaj pou sèvis transplantasyon yo.

### **Sèvis Sant Swen Ijan**

Sèvis Swen Sante ki Garanti ou resevwa nan yon Sant Swen Ijan. Lè yo bay sèvis yo pou trete bezwen swen sante ijan nan kabinè yon Doktè, Avantaj yo disponib jan sa dekri nan *Sèvis Kabinè Doktè - Maladi ak Blesi*.

### **Vizit Vityèl**

Vizit Vityèl pou Sèvis Swen Sante ki Garanti yo ki gen ladan dyagnostik ak tretman pwoblèm medikal mwens grav pa mwayen teknoloji odyo ak videyo andirèk. Vizit Vityèl yo bay kominikasyon enfòmasyon medikal an tan reyèl ant pasyan an ak yon Doktè oswa espesyalis sante a distans, pa mwayen itilizasyon teknoloji odyo ak videyo andirèk andeyò yon etablisman medikal (pa egzanp, lakay ou oswa nan travay).

Avantaj Rezo yo disponib sèlman lè yo bay sèvis yo pa mwayen yon Founisè Rezo Vityèl Deziyen. Pou jwenn yon Founisè Rezo Vityèl Deziyen, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Tanpri, Konnen:** Se pa tout pwoblèm medikal ki ka trete nan vizit vityèl yo. Founisè Rezo Vityèl Deziyen an ap idantifye nenpòt pwoblèm kote tretman ak kontak fas a fas nesèsè pou li ak yon Doktè.

Avantaj yo pa gen ladan imèl, faks ak koutfil estanda, ni pou vizit telesante/telemedsin ki fèt andedan etablisman medikal (etablisman dorijin ke CMS defini).

## Esklizyon ak Limitasyon

### Kijan Yo Itilize Tit yo nan Seksyon sa a?

Pou ede ou jwenn esklizyon yo, seksyon sa a gen tit ladan (pa egzanp *A. Lòt Chwa Tretman* yo ki anba a). Tit yo gwoupe sèvis, tretman, atik, oswa founiti ki antre nan yon kategori sanblab. Esklizyon yo parèt anba tit yo. Yon tit pa kreye, defini, chanje, ni limite oswa elaji yon esklizyon. Tout esklizyon nan seksyon sa a aplike pou ou.

### Plan An Pa Peye Avantaj pou Esklizyon yo

Plan an p ap peye Avantaj pou okenn nan sèvis, tretman, atik oswa founiti ki dekri nan seksyon sa a, menm si youn nan kondisyon annapre la yo ranpli:

- Yon Doktè rekòmande oswa preskri li.
- Li se sèlman tretman ki disponib pou pwoblèm ou an.

Sèvis, tretman, atik oswa founiti ki endike nan seksyon sa a, yo pa Sèvis Swen Sante Garanti, sòf jan yo ka prevwa yo prezizeman nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti* yo.

### Ki kote Limit Avantaj yo Endike?

Lè Avantaj yo limite nan nenpòt nan kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti ki dekri nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti* yo, limit sa yo endike nan kategori Sèvis Swen Sante ki koresponn lan nan *Lis Avantaj* yo. Limit yo ka aplike tou pou kèk Sèvis Swen Sante ki Garanti ki antre plis pase yon sèl kategori Sèvis Swen Sante ki Garanti. Lè sa rive, limit sa yo endike tou nan tablo *Lis Avantaj* yo. Tanpri egzamine tout limit yo ak anpil atansyon, paske Plan an p ap peye Avantaj pou okenn sèvis, tretman, atik oswa founiti ki depase limit Avantaj sa yo.

*Tanpri konnen ke nan lis sèvis oswa egzanp yo, lè esklizyon an oswa limit lan di ke "sa gen ladan," Plan an pa gen entansyon pou limite deskripsyon an a lis byen presi sa a. Lè Plan an gen entansyon limite yon lis sèvis oswa egzanp, esklizyon an oswa limit lan ap deklare prezizeman ke lis la "limite a."*

### Lòt Chwa Tretman

1. Akipresyon ak Akiponkti.
2. Awomaterapi.
3. Ipnatism.
4. Terapi masaj, alesepsyon Sèvis Kiwopratik garanti nan Sèvis Kiwopratik nan sèvis Swen Sante ki Garanti yo.
5. Rolfing.
6. Terapi ki baze sou avanti, terapi nan milye sovaj, terapi anplennè, oswa pwogram sanblab.
7. Atizay terapi, terapi mizik, terapi dans, terapi monte cheval ak lòt fòm tretman altènatif jan sa defini pa *Sant Nasyonal pou Sante Konplemantè ak Entegratif (National Center for Complementary and Integrative Health, NCCIH) nan Enstiti Nasyonal Sante*. Esklizyon sa a pa aplike pou Tretman Manipilatif ak swen osteyopatik ki pa manipilatif ki gen Avantaj ki founi pou yo jan sa dekri nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti* yo.

## Dantè

1. Swen dantè (ki gen ladan radyografi dantè, founiti ak aparèy ak tout depans asosye yo, tankou ospitalizasyon ak anestezi).

Esklizyon sa a pa aplike pou sèvis dantè anrapò ak aksidan ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Sèvis Dantè - Aksidan Sèlman nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

Esklizyon sa a pa aplike pou swen dantè (egzamen bouch, radyografi, ekstraksyon ak eliminasyon enfeksyon nan bouch ki pa-chirijikal) ki nesèsè pou tretman dirèk yon pwoblèm medikal ki gen avantaj disponib pou li nan Plan an, limite a:

- Preparasyon transplantasyon.
- Anvan kòmansman medikaman iminosipresè yo.
- Tretman dirèk pou blesi twomatik egi oswa kansè.

Yo eskli swen dantè ki nesèsè pou trete efè yon pwoblèm medikal, men ki pa nesèsè pou trete pwoblèm medikal la dirèkteman. Egzanp yo gen ladan tretman pou dan pike oswa kavite ki soti nan bouch sèk apre tretman radyasyon oswa kòm rezilta medikaman.

Andodonti, operasyon pawodontal ak tretman restorasyon eski.

2. Swen prevantif, dyagnostik, tretman dan, machwè oswa jansiv, oubyen anrapò ak yo. Egzanp yo gen ladan:

- Eliminasyon, restorasyon ak ranplasman dan yo.
- Tretman medikal oswa chirijikal pwoblèm dantè.
- Sèvis pou amelyore rezilta klinik dantè.

Esklizyon sa a pa aplike pou swen prevantif ki gen Avantaj yo bay pou yo dapre egzijans Ekip Entèvansyon Prevantif Etazini oswa *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA)* lan. Esklizyon sa a pa aplike nonplis pou sèvis dantè anrapò ak aksidan ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Sèvis Dantè - Aksidan Sèlman nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

3. Enplan dantè, grèf zo ak lòt pwosedi anrapò ak enplan. Esklizyon sa a pa aplike pou sèvis dantè anrapò ak aksidan ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Sèvis Dantè - Aksidan Sèlman nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

4. Aparèy dantè (Òtodonti).

5. Tretman dan konjenital manke, move pozisyon oswa dan anplis, menm si yo fè pati yon Anomali Konjenital. Esklizyon sa a pa aplike pou sèvis dantè ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan Po Bouch Fann/Palèt Fann nan Seksyon 1: *Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

## Dispozitif, Aparèy ak Pwotèz

1. Aparèy yo itilize kòm atik sekirite oswa pou ede pèfòmans nan aktivite anrapò ak espò.
2. Aparèy otèz ki redrese oswa re-fòme yon pati nan kò. Egzanp yo gen ladan otèz pye ak kèk kalite aparèy otopedik, sa gen ladan aparèy otopedik yo vann san preskripsyon yo. Esklizyon sa a pa aplike pou aparèy otopedik ki gen avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Otèz ak Founiti nan Sèvis Swen Sante Garanti yo*.
3. Kas moulaj krànyen ak bann krànyen sòf lè yo itilize yo pou evite nesèsite pou operasyon, ak/oswa pou fasilite sikse yon rezilta chirijikal.

4. Atik annapre la yo eskli, menm si yon Doktè preskri yo:
  - Brasa/monitè tansyomèt.
  - Alèt enirezi.
  - Defibrilatè ekstèn ki pa-pòtab.
  - Bandaj èni.
  - Nebilizè iltrasonik.
5. Aparèy ak konpitè pou ede nan kominikasyon ak lapawò alesepsyon aparèy èd lapawòl ak aparèy vwa trakeyo-ezofajyen ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Ôtèz ak Founiti nan Sèvis Swen Sante Garanti yo.*
6. Aparèy oral pou wonfleman.
7. Reparasyon oswa ranplasman aparèy pwostetik akòz move itilizasyon, domaj malveyan oswa neglijan grav oswa pou ranplase atik ki pèdi oswa ke yo vòlè.
8. Reparasyon oswa ranplasman aparèy pwostetik sòf lè sa nesèsè akòz bezwen fonksyonèl yon timoun k ap grandi.
9. Ekipman dyagnostik oswa siveyans ou achte pou itilize nan kay, sòf si yo dekri otreman kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti.
10. Aparèy ekzoskelèt alimante ak non-alimante.
11. Aparèy byonik.

## Dwòg

1. Pwodui medikaman sou preskripsyon pou itilizasyon pasyan ekstèn ki egzekite ak yon òdonans preskripsyon oswa renouvèlman medikaman.
2. Medikaman Oto-enjektab yo. Esklizyon sa a pa aplike pou medikaman ki, akòz karakteristik yo (jan Administratè Reklamasyon yo detèmine sa), dwe administre anjeneral oswa anba sipèvize dirèk yon founisè kalifye oswa pwofesyonèl swen sante lisansye/sètifye nan yon anviwònman pasyan ekstèn. Esklizyon sa a pa aplike pou Avantaj jan sa dekri nan Sèvis Dyabèt nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo.
3. Medikaman ki pa-enjektab yo bay nan kabinè yon Doktè. Esklizyon sa a pa aplike pou medikaman ki pa- enjektab ki obligatwa nan yon Pwoblèm Medikal Dijans epi ke yo itilize pandan ou nan kabinè Doktè a.
4. Medikaman ak tretman san preskripsyon.
5. Terapi òmòn kwasans.
6. Sèten Nouvo Pwodui Famasetik ak/oswa nouvo fòm dòz yo jiska dat Administratè Reklamasyon yo oswa reprezantan Administratè Reklamasyon yo detèmine, men pa pita pase 31 desanm nan ane sivil annapre a.  
  
Esklizyon sa a pa aplike si ou gen yon Maladi oswa yon pwoblèm ki ka mete lavi ou an danje (youn ki gen chans lakòz lanmò nan lespas yon ane apre demann tretman an). Si ou genyen yon Maladi oswa yon pwoblèm ki mete lavi ou an danje, nan sikonstans sa yo, Avantaj yo ka disponib pou Nouvo Pwodui Famasetik la nan limit ki prevwa nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti yo.*
7. Yon Pwodui Famasetik ki gen (yon) engredyan aktif (yo) ki disponib epi ki ekivalan sou plan terapetik (gen esansyèlman menm efikasite ak pwofil efè negatif) ak yon lòt Pwodui Famasetik ki



garanti. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil.

8. Yon Pwodui Famasetik ki gen (yon) engredyan aktif (yo) ki se yon vèsyon modifiye epi ki ekivalan sou plan terapetik (gen esansyèlman menm efikasite ak pwofil efè negatif) ak yon lòt Pwodui Famasetik ki garanti. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil.
9. Yon Pwodui Famasetik ak yon byosimilè apwouve oswa yon byosimilè epi ki ekivalan sou plan terapetik (gen esansyèlman menm efikasite ak pwofil efè negatif) ak yon lòt Pwodui Famasetik ki garanti. Pou rezon esklizyon sa a yon "byosimilè" se yon Pwodui Famasetik byolojik apwouve paske li montre li trè sanble ak yon pwodui referans (yon Pwodui Famasetik byolojik) epi pa gen okenn diferans enpòtan sou plan klinik pou sa ki konsène sekirite ak efikasite parapò pwodui referans lan. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pou chak ane sivil.
10. Sèten Pwodui Famasetik ki gen pou yo lòt chwa ekivalan sou plan terapetik (ki gen esansyèlman menm efikasite ak pwofil efè negatif) disponib, sòf si lalwa egzije oswa Administratè Reklamasyon yo apwouve otreman. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil.
11. Sèten Pwodui Famasetik ke yon Espesyalis pa te preskri.

### **Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa ki Pa pwouve**

Yo eskli Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon ak Sèvis ki Pa pwouve ak tout sèvis anrapò ak Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon ak Sèvis ki Pa pwouve. Lefèt ke yon Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa Sèvis ki Pa pwouve, tretman, aparèy oswa yon rejim famasetik se sèl tretman ki disponib pou yon pwoblèm espesyalman pa pral abouti nan avantaj si yo konsidere pwosedi a kòm Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa li pwouve nan tretman pwoblèm sa espesyalman. Esklizyon sa a pa aplike pou medikaman ki apwopriye sou plan medikal ke yo preskri pou tretman kansè. Yo dwe rekonèt medikaman an pou tretman endikasyon sa, epi li pibliye nan yon manyèl referans estanda oswa li rekòmande nan literati medikal.

Esklizyon sa a pa aplike pou Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yo bay pandan yon esè klinik ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Esè Klinik nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

### **Swen pou Pye**

1. Swen woutin nan pye. Egzanp yo gen koupe oswa retire kò ak kal nan pye. Esklizyon sa a pa aplike pou swen prevantif pou pye si ou gen dyabèt ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Sèvis pou Dyabèt nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.
2. Taye, koupe, oswa debride zong.
3. Swen pye pou antretyen ijyenik ak prevantif. Egzanp yo gen ladan:
  - Netwayaj ak tranpe pye.
  - Aplike krèm sou po pou kenbe ton po.
  - Esklizyon sa a pa aplike pou swen prevantif pou pye si ou nan risk pou maladi newolojik oswa vaskilè ki soti nan maladi tankou dyabèt.
4. Tretman pou pye plat.
5. Tretman pou dejwentman pasyèl nan pye.
6. Soulye.
7. Ôtèz soulye.
8. Semèl anndan soulye.
9. Ark sipò.

## Disfori Jan

1. Pwosedè Kosmetik, sa gen ladan sa ki annapre la yo:

- Abdominoplasti.
- Blefawoplasti.
- Elajisman tete, sa gen ladan mamoplasti ogmantasyon ak enplan nan tete.
- Kontou kò, tankou lipoplasti.
- Lifting sousi.
- Enplan nan molèt.
- Enplan nan bò figi, manton, ak nen.
- Piki ranplisaj oswa newotoksin.
- Lifting figi, lifting fwon, oswa sere po kou.
- Remodlaj zo figi pou feminizasyon figi.
- Retire cheve.
- Transplantasyon cheve.
- Ogmantasyon lèy.
- Rediksyon Lèy.
- Liposiksyon.
- Mastopeksi.
- Enplan nan Pekto pou maskilinizasyon pwatrin.
- Rinoplasti.
- Resifasaj po.
- Rediksyon katilaj tiwoyid; rediksyon kondwoplastik tiwoyid; razaj trache (retire oswa rediksyon Pòm Dadan).
- Operasyon pou modifikasyon vwa.
- Leson vwa ak terapi vwa.

## Founiti ak Ekipman Medikal

1. Pwodu medikal yo preskri oswa sa yo pa preskri ak founiti jetab. Egzanp yo gen ladan:

- Ba konpresyon.
- Pansman Ace.
- Twal gaz ak pansman.
- Katetè irinè.

Esklizyon sa a pa aplike pou:

- Pwodui jetab ki nesèsè pou itilizasyon efikas DME oswa aparèy pwostetik ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Otèz ak Founiti ak Pwotèz nan Sèvis Swen Sante Garanti yo*. Eksepsyon sa a pa aplike pou founiti pou administrasyon pwodui alimantè medikal yo.
  - Pwodui dyabetik ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon Sèvis pou Dyabèt nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.
2. Tib ak mask sòf lè yo itilize yo ak DME jan sa dekri nan *Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME), Otèz ak Founiti nan Sèvis Swen Sante Garanti yo*.
  3. Aparèy ke yo preskri oswa ke yo pa preskri ki disponib piblikman, aplikasyon lojisyèl ak/oswa monitè yo ka itilize pou rezon ki pa medikal.
  4. Reparasyon oswa ranplasman DME oswa otèz akòz move itilizasyon, domaj malveyan oswa neglijan grav oswa pou ranplase atik ki pèdi oswa ke yo vòlè.
  5. Reparasyon oswa ranplasman ekipman ki andomaje ak acha oswa lokasyon ekipman an doub.
  6. Reparasyon oswa ranplasman DME oswa otèz sòf lè sa nesèsè akòz bezwen fonksyonèl yon timoun k ap grandi.

## Swen Sante Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon

Anplis tout lòt eksklizyon yo ki endike nan *Esklizyon ak Limit sa yo*, esklizyon yo ki endike dirèkteman anba a aplike pou sèvis ki dekri nan *Swen Sante Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

1. Sèvis ki fèt anrapò avèk pwoblèm ki pa klase nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal oswa Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken an*.
2. Andeyò yon evalyasyon, sèvis kòm tretman pou yon dyagnostik primè kondisyon ak pwoblèm ki ka yon konsantrasyon atansyon klinik, men ke yo note espesyalman kòm twoub ki pa twoub mantal nan edisyon aktyèl *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken an*.
3. Andeyò yon evalyasyon, sèvis kòm tretman pou dyagnostik primè andikap nan aprantisaj, konduit ak kontwòl enpilasyon deregle ak twoub konduit, maladi jwèt daza, ak twoub parafilik.
4. Sèvis ki sèlman gen aspè edikasyon oswa ki peye otreman dapre lwa Eta oswa federal pou rezon edikasyon esansyèlman.
5. Frè ekolaj oswa sèvis ki baze nan lekòl pou timoun ak adolesan ke lekòl la dwe bay, oswa peye dapre *Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap*.
6. Andeyò yon evalyasyon, maladi san presizyon ke founisè a pa oblije bay rezon klinik pou li jan sa defini nan edisyon aktyèl *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken*.
7. Sèvis Vi Tranzisyonèl.

## Nitrisyon

1. Konsèy nitrisyonèl apa ak an gwoup, ki gen ladan edikasyon nitrisyonèl sou maladi ki pa byen presi tankou bon abitud alimantè jeneral, kontwòl kalori oswa preferans alimantè. Esklizyon sa a pa aplike pou swen prevantif ki gen Avantaj yo bay pou yo dapre egzijans *Ekip Entèvansyon Prevantif Etazini* la. Esklizyon sa a pa aplike nonplis pou sèvis edikasyon nitrisyonèl medikal ke pwofesyonèl swen sante lisansye oswa otorize kòm sadwa bay kòm yon pati nan tretman pou yon maladi lè toude kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Edikasyon nitrisyonèl ki nesèsè pou yon maladi kote jesyon pèsònèl pasyan an fè pati tretman an.
  - Gen yon mank konesans konsènan maladi a ki egzije èd yon pwofesyonèl swen sante kalifye.
2. Manje nenpòt kalite, sa gen ladan pwodui alimantè modifiye tankou pwoteyin fèb ak idrat kabòn fèb; fòmil anteral (sa gen ladan lè yo bay yo avèk itilizasyon yon ponp), fòmila tibebe, ak lèt tete donatè. Esklizyon sa a pa aplike pou Avantaj ki dekri nan Fòmil Anteral nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo.
  3. Terapi nitrisyonèl oswa kosmetik avèk itilizasyon gwi dòz oswa gwo kantite vitamin, mineral oswa eleman, ak lòt terapi abaz nitrisyon. Egzanp yo gen ladan sipleman ak elektwolit.

### **Swen pèsònèl, Konfò oswa Komodite**

1. Televizyon.
2. Telefòn.
3. Sèvis bote/kwafè.
4. Sèvis pou envite.
5. Pwodui, ekipman ak sèvis akseswa ak founiti sanblab pou konfò pèsònèl. Egzanp yo gen ladan:
  - Èkondisyone, pirifikatè ak filtè lè ak deimidifikatè.
  - Batri ak chajè batri.
  - Ponp tete yo. Esklizyon sa a pa aplike pou ponp tete ki gen Avantaj yo bay pou yo dapre egzijans *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA)* lan.
  - Chèz nan machin.
  - Chèz, chèz pou benyen, chèz pou manje, chèz timoun piti, telechèz ak fotèy enklinab.
  - Ekipman egzèsis.
  - Modifikasyon kay tankou asansè, apui pou men ak ranp.
  - Konprès cho ak frèt.
  - Basen cho.
  - Imidifikatè.
  - Jacuzzi yo.
  - Matla.
  - Sistèm alèt medikal.
  - Kabann amotè.
  - Aparèy mizik.
  - Konpitè pèsònèl yo.
  - Zòrye.
  - Veyikil amotè.

- Radyo yo.
- Sona yo.
- Asansè eskalye ak glisyè eskalye.
- Pousèt.
- Ekipman sekirite.
- Tapi woulan.
- Modifikasyon machin tankou asansè kamyonèt.
- Lektè videyo yo.
- Whirlpool.

## Aparans Fizik

1. Pwosedi Kosmetik. Gade definisyon an nan *Tèm Defini yo*. Egzanp yo gen ladan:
  - Rejim famakolojik, pwosedi oswa tretman nitrisyonèl.
  - Pwosedi pou retire oswa revize sikatris oswa tatou (tankou salabrazyon, chimyochiriji, ak lòt pwosedi abrazyon po tankou yo).
  - Pwosedi abrazyon po ki fèt kòm yon tretman pou akne.
  - Liposiksyon oswa retire depo grès ki konsidere endezirab, sa gen ladan akimilasyon grès anba tete ak pwent tete gason.
  - Tretman pou min nan po oswa nenpòt tretman pou amelyore aparans po.
  - Tretman pou venn arenyen.
  - Tretman skleroterapi venn.
  - Retire oswa ranplase cheve pa nenpòt mwayen.
2. Ranplasman yon enplan tete ki egziste deja si enplan tete anvan te fèt kòm yon Pwosedi Kosmetik. Remak: Ranplasman yon enplan tete ki egziste deja konsidere kòm rekonstriksyon si premye enplan tete a te fèt apre mastektomi. Gade nan *Pwosedi pou Rekonstriksyon nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.
3. Tretman jinekomasti benin (tete vin gwo yon fason anòmal kay gason).
4. Pwogram kondisyonman fizik tankou antrènman atletik, miskilasyon, egzèsis, fòm fizik, oswa fleksibilite.
5. Pwogram pou pèdi pwa kit wi ou non yo anba sipèvizyon medikal. Pwogram pou pèdi pwa pou rezon medikal yo eskli tou.
6. Perik kèlkeswa rezon pèt cheve yo.

## Pwosedi ak Tretman

1. Retire po ki pann sou nenpòt pati nan kò. Egzanp yo gen ladan pwosedi chiriji estetik yo rele abdominoplasti ak brakyoplasti.
2. Tretman medikal ak chirijikal pou twòp transpirasyon (ipòyidwoz).

3. Tretman medikal ak chirijikal pou wonfleman, sòf lè yo bay li kòm yon pati nan tretman apne obstriktif somèy dokimante.
4. Sèvis reyabilitasyon ak Sèvis Kiwoptatik pou amelyore eta fizik jeneral ke yo bay pou redui faktè risk ki ka genyen, kote yo pa atann amelyorasyon, sa gen ladan tretman woutin, alontèm oswa antretyen/prevantif.
5. Sèvis reyadaptasyon pou terapi langaj sòf si sa nesèsè pou tretman yon twoub lapawòl oswa malfonksyonman lapawòl ki soti nan Blesi, estwok, kansè, Anomali Konjenital, oswa Twoub Espèk Otis.
6. Sèvis abilitan pou tretman antretyen/prevantif.
7. Terapi reyadaptasyon pasyan ekstèn pou panse ak aprann sòf si li Nesèsè pou rezon medikal apre yon blesi twomatik nan sèvo oswa Blesi oswa aksidan vaskilè serebral oswa estwok.
8. Tretman ak pwosedi fizyolojik ki pwodui menm efè terapeitik lè yo fèt sou yon menm rejyon kò pandan yon menm vizit oswa rankont kabinè.
9. Retwoaksyon byolojik (Biofeedback).
10. Sèvis pou evalyasyon ak tretman sendwòm jwenti tanpowomandibilè (temporomandibular joint syndrome, TMJ), si sèvis yo konsidere kòm sèvis ki gen aspè medikal oswa dantè. Esklizyon sa a pa aplike pou Avantaj jan sa dekri nan Zo oswa Jwenti nan Rejyon Machwè ak Figi ak Sèvis Dantè - Anestezi ak Ospitalizasyon nan Sèvis Swen Sante Garanti yo.
11. Operasyon machwè anwo ak anba, ak aliyman machwè. Esklizyon sa a pa aplike pou operasyon rekonstriksyon machwè ki obligatwa pou ou akòz yon Anomali Konjenital, Blesi twomatik egi, dejwentman, timè, kansè oswa apne obstriktif somèy. Esklizyon sa a pa aplike pou Avantaj jan sa dekri nan Zo oswa Jwenti nan Rejyon Machwè ak Figi ak Sèvis Dantè - Anestezi ak Ospitalizasyon nan Sèvis Swen Sante Garanti yo.
12. Tretman chirijikal ak tretman ki pa chirijikal pou obezite.
13. Pwogram otonòm miltidisiplinè pou kite tabak. Sa yo se pwogram anjeneral ki gen ladan founisè swen sante ki espesyalize nan sesasyon tabak epi yo ka gen ladan yon sikològ, travayè sosyal oswa lòt pwofesyonèl lisansye oswa sètifye. Pwogram yo anjeneral gen ladan sipò sikolojik entansif, teknik modifikasyon konpòtman ak medikaman pou kontwole gwo anvi.
14. Operasyon rediksyon tete eksepte pwoteksyon asirans dapre egzijans *Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè* ki gen Avantaj pou li ki dekri nan *Pwosedi pou Rekonstriksyon nan Sèvis Swen Sante Garanti yo*.
15. Tès sewolojik helicobacter pylori (H. pylori).
16. Tès mikwonitriman entraselilè.
17. Sèvis swen sante yo bay nan sèvis dijans yon Lopital oswa yon Lòt Etablisman ki pa pou yon ljan.
18. Sikonsizyon, eksepte lè li fèt nan trant (30) jou oplita apre nesans oswa lè li Nesèsè pou rezon medikal.
19. Depans ki asosye avèk swen ak tretman chirijikal oswa medikal pou pèdi bann, sa gen ladan enplan/pwotèz penis, ak operasyon pou foure enplan/pwotèz penis, kèlkeswa kòz pwoblèm bann lan. Ranplasman, eliminasyon oswa reparasyon yon enplan oswa pwotèz ki la deja eskli nan pwoteksyon asirans.

## Founisè yo

1. Sèvis ki fèt pa yon founisè ki yon manm fanmi pa mwayen nesans oswa maryaj. Egzanp yo gen

ladan yon mari oswa madanm, frè, sè, paran oswa pitit. Sa gen ladan nenpòt sèvis founisè a ka fè sou tèt li.

2. Sèvis ki fèt pa yon founisè ki gen menm adrès legal ak ou.
3. Sèvis yo bay nan yon Etablisman Otonòm oswa nan Etablisman dyagnostik ki baze nan Lopital san òdonans alekri yon Doktè oswa lòt founisè. Sèvis ou jere oumenm nan yon Etablisman Otonòm oswa Etablisman dyagnostik ki baze nan Lopital. Sèvis ke yon Doktè oswa yon lòt founisè te òdone ki se yon anplwaye oswa reprezantan yon Etablisman Otonòm oswa Etablisman dyagnostik ki baze nan Lopital, lè Doktè oswa lòt founisè sa:

- Pa te enplike nan swen medikal ou anvan li bay lòd pou sèvis la, oswa
- Pa te patisipe nan swen medikal ou apre ou fin resevwa sèvis la.

Esklizyon sa a pa aplike pou mamografi.

## Repwodiksyon

1. Sèvis annapre la yo anrapò ak yon Pòtez Jestasyonèl oswa Manman Pòtez:

- Tout frè anrapò ak teknik repwodiksyon, sa gen ladan:
  - ◆ Teknoloji repwodiksyon asiste.
  - ◆ Enseminasyon atifisyèl.
  - ◆ Enseminasyon andedan matris.
  - ◆ Jwenn epi transfere anbriyon (yo).
- Sèvis swen sante, sa gen ladan:
  - ◆ Swen prenatal ak/oswa swen prevantif pasyan entène oswa pasyan ekstèn.
  - ◆ Tès depistaj ak/oswa dyagnostik.
  - ◆ Akouchman ak swen apre akouchman.

Esklizyon pou sèvis swen sante yo ki endike anwo a pa aplike lè Pòtez Jestasyonèl oswa Manman Pòtez la se yon Moun ki Asire.

- Tout frè yo, sa gen ladan:
  - ◆ Seleksyon, anbochaj ak konpansasyon pou yon Pòtez Jestasyonèl oswa Manman Pòtez sa gen ladan frè ajans matènite sibstitisyon an.
  - ◆ Prim asirans manman pòtez yo.
  - ◆ Frè pou vwayaj oswa transpò.

2. Sèvis annapre la yo anrapò ak sèvis donatè pou donatè espèm, ovil (selil ze) oswa ovosit (ze), oswa anbriyon (ze fètilize):

- Ze donatè yo – Pri nan ze donatè yo, sa gen ladan depans medikal anrapò ak estimilasyon donatè ak rekiperasyon ze. Esklizyon sa a ka pa aplike nan sèten pwosedi anrapò ak Teknoloji Repwodiksyon Asiste yo (Assisted Reproductive Technologies, ART) jan sa dekri nan Sèvis pou Enfètilite ki gen ladan pri pou fètilizasyon (fekondasyon in vitro oswa enjeksyon espèm entrasitoplasmik), kilti anbriyon, ak transfè anbriyon.
- Espèm donatè – Pri pou akizisyon ak estokaj espèm donatè. Esklizyon sa a gendwa pa aplike pou sèten pwosedi fekondasyon jan sa dekri nan Sèvis Enfètilite, sa gen ladan dekonjelasyon ak fekondasyon.

3. Estokaj ak Rekipere tout materyèl repwodiksyon yo. Egzanp yo gen ladan ze, espèm, tisi testikil ak tisi ovè.
4. Defèt esterilizasyon volontè.
5. Sèvis swen sante ak depans anrapò ak enteripsyon gwosès chirijikal, non-chirijikal oswa enteripsyon Gwosès pwovoke ak medikaman. Esklizyon sa a pa aplike pou tretman yon Gwosès molè, Gwosès deyò matris (ektopik), oswa avòtman rate (ko yo rele souvan foskouch).
7. Operasyon rediksyon fetal.
8. Fekondasyon in vitro kèlkeswa rezon pou tretman an.

### **Sèvis Yo Bay nan yon lòt Plan**

1. Sèvis swen sante pou lè lwa federal, eta oswa lokal egzije pou gen lòt pwoteksyon asirans pou yo ki dwe achte oswa founi pa mwayen lòt aranjman. Egzanp yo gen ladan pwoteksyon asirans obligatwa pou konpansasyon travayè, oswa lwa menm jan.  
  
Si pwoteksyon asirans dapre konpansasyon travayè oswa lejislasyon sanblab se yon bagay ochwa pou ou paske ou ka chwazi li, oswa ou ka fè chwazi li pou ou, Avantaj yo p ap peye pou okenn Blesi, Maladi oswa Maladi Mantal ki ta ka garanti nan konpansasyon travayè oswa yon lejislasyon sanblab si ou te chwazi pwoteksyon an.  
  
Aplike lè konsepsyon plan an gen ladan avantaj pou pwoteksyon asirans 24 èdtan.
2. Sèvis ki soti nan blesi nan kò pa aksidan ki rive nan yon aksidan veyikil amotè nan limit ke sèvis yo peyab dapre yon dispozisyon peman frè medikal nan yon kontra asirans otomobil.
3. Sèvis swen sante pou tretman andikap anrapò ak sèvis militè, lè ou gen dwa legalman pou jwenn lòt pwoteksyon asirans epi etablisman yo disponib yon fason rezonab pou ou.
4. Sèvis swen sante pandan devwa militè aktif.

### **Transplantasyon**

1. Sèvis swen sante pou transplantasyon ògàn ak tisi, eksepte sa ki dekri nan *Sèvis Transplantasyon nan Sèvis Swen Sante Garanti yo*.
2. Sèvis swen sante ki konekte avèk retire yon ògàn oswa tisi sou ou pou fè yon transplantasyon pou yon lòt moun. (Depans pou donatè a anrapò dirèkteman ak retire ògàn peyab pou yon transplantasyon atravè pwoteksyon asirans benefisyè ògàn lan nan Plan an.)
3. Sèvis swen sante pou transplantasyon ki konsène ògàn bèt.

### **Vwayaj**

1. Sèvis swen sante yo bay nan yon peyi etranje, sòf si sa nesesè kòm Sèvis Swen Sante Dijans.
2. Frè vwayaj oswa transpò, menm si yon Doktè preskri yo. Sèten frè vwayaj anrapò ak Sèvis Swen Sante Garanti ke ou resevwa nan men yon Founisè Deziyen ka ranbouse dapre sèl desizyon Administratè Reklamasyon yo. Esklizyon sa a pa aplike pou transpò nan anbilans ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan *Sèvis Anbilans nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.

### **Kalite Swen yo**

1. Pwogram jesyon doulè milti-disiplinè ki bay sou yon baz pasyan entène pou doulè fò toudenkou oswa pou doulè alontèm ki vin pi mal.



2. Swen Debaz oswa swen antretyen.
3. Swen lakay ou.
4. Swen Enfimye Prive.
5. Swen repi. Esklizyon sa a pa aplike pou swen repi ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan *Swen Ospis* nan *Sèvis Swen Sante Garanti yo*.
6. Tretman repo.
7. Sèvis èd swen pèsonèl.
8. Re-antrènman pou travay (pwogram tretman ki fèt pou tounen yon moun nan travay oswa pou prepare yon moun pou travay byen presi).

### Vizyon ak Odisyon

1. Pri ak frè ajisteman pou linèt ak vè kontak.
2. Egzamen vizyon woutin, sa gen ladan egzamen refraksyon pou detèmine nesese pou koreksyon vizyon.
3. Lantiy enplante ki itilize sèlman pou ranje yon erè refraksyon (tankou enplan kòne *Intacs*).
4. Egzèsis zye oswa terapi vizyon.
5. Operasyon ki fèt pou pèmèt ou wè pi byen san linèt oswa lòt koreksyon vizyon. Egzanp yo gen ladan keratotomi radyal, lazè ak lòt operasyon refraksyon nan zye.
6. Aparèy pou tande ki ankre nan zo, eksepte lè youn nan sa ki annapre la yo aplike:
  - Ou gen anomali kranyofasyal ki gen kanal zòrèy ki pa nòmal oswa ki absan ki anpeche itilizasyon yon aparèy pou tande pòtab pou mete sou ou.
  - Ou gen pèt odisyon ki gen gravite sifizaman ke li pa t ap korije ase ak yon aparèy pou tande pòtab ou mete sou ou.

Plis pase yon sèl aparèy pou tande ki ankre nan zo pou chak Moun ki Asire ki ranpli kritè pwoteksyon asirans ki anwo yo pandan tout peryòd tan ou enskri nan Plan an.

Reparasyon ak/oswa ranplasman pou yon aparèy pou tande ki ankre nan zo lè ou ranpli kritè pwoteksyon asirans yo ki anwo a, eksepte pou move fonksyonman.

### Tout Lòt Esklizyon yo

1. Sèvis ak founiti swen sante ki pa reponn a definisyon yon Sèvis Swen Sante Garanti. Sèvis Swen Sante Garanti yo se sèvis sante sa yo, sa gen ladan sèvis, founiti, oswa Pwodui Famasetik, ke Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm etan tout bagay annapre la yo:
  - Nesese pou Rezon Medikal.
  - Dekri kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* nan: *Sèvis Swen Sante Garanti yo* ak nan *Lis Avantaj yo*.
  - Pa eskli otreman nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a nan seksyon *Esklizyon ak Limit yo*.
2. Egzamen fizik, sikyatrik oswa sikolojik, tès, tout kalite vaksinasyon ak iminizasyon oswa tretman ki ta garanti otreman nan Plan an lè:

- Yo obligatwa sèlman pou lekòl, espò oswa kan, vwayaj, karyè oswa travay, asirans, maryaj oswa adopsyon.
  - Yo anrapò ak pwosedi oswa lòd jidisyè oswa administratif. Esklizyon sa a pa aplike pou sèvis ki detèmine kòm etan Nesesè pou rezon medikal.
  - Yo fèt pou objektif rechèch medikal. Esklizyon sa a pa aplike pou Sèvis Swen Sante ki Garanti ke yo bay pandwa yon esè klinik ki gen Avantaj yo bay pou yo jan sa dekri nan seksyon *Esè Klinik nan Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.
  - Yo obligatwa pou jwenn oswa kenbe yon nenpòt kalite lisans.
3. Sèvis swen sante ou resevwa kòm rezilta lagè oswa nenpòt zak lagè, kit li deklare oswa li pa deklare, oswa ki pwovoke pandan sèvis nan fòs lame nenpòt peyi. Esklizyon sa a pa aplike si ou se yon sivil ki blese oswa ki afekte yon lòt jan nan lagè, nenpòt zak lagè, oswa teworis nan zòn ki pa gen lagè.
  4. Sèvis swen sante ou resevwa apre dat pwoteksyon asirans ou nan Plan an fini. Sa aplike pou tout sèvis swen sante, menm si sèvis swen sante yo obligatwa pou trete yon pwoblèm medikal ki te kòmanse anvan dat pwoteksyon asirans ou te fini nan Plan an.
  5. Sèvis swen sante lè ou pa gen okenn responsablite legal pou peye, oswa lè yon frè nòmalman pa dwe fèt si pa gen pwoteksyon asirans nan Plan an.
  6. Sizoka yon founisè andeyò Rezo a renonse, anile, oswa pa chèche resevwa Kopeman, Ko-asirans ak/oswa nenpòt dediktib oswa lòt montan ki dwe pou yon sèvis swen sante espesyalman, pa gen okenn Avantaj k ap bay pou sèvis swen sante a lè Kopeman, Ko-asirans ak/oswa dediktib yo anile.
  7. Frè ki depase Montan Otorize yo oswa ki depase nenpòt limit presi.
  8. Estokaj alontèm (plis pase 30 jou). Egzanp yo gen ladan kriyokonsèvasyon tisi, san ak pwodui abaz san.
  9. Otopsi.
  10. Sèvis entèpretasyon lang etranje ak lang siy ke yon founisè Rezo oswa founisè andeyò Rezo bay oswa mande pou bay.
  11. Sèvis swen sante anrapò ak yon Sèvis Swen Sante ki pa-Garanti: Lè yon sèvis se pa yon Sèvis Swen Sante Garanti, tout sèvis anrapò ak Sèvis Swen Sante ki pa-Garanti yo eskli tou. Esklizyon sa a pa aplike pou sèvis ke Administratè Reklamasyon yo ta detèmine otreman kòm etan Sèvis Swen Sante Garanti si sèvis la trete konplikasyon ki soti nan Sèvis Swen Sante ki pa-Garanti a.  

Pou rezon esklizyon sa a, yon "konplikasyon" se yon pwoblèm enprevi oswa ki pa prevwa ki vin mete sou yon Maladi ki egziste deja epi ki afekte oswa ki modifye pwonostik maladi oswa pwoblèm odepa a. Egzanp yon "konplikasyon" se senyen oswa enfeksyon, apre yon Pwosedi Kosmetik, ki mande pou entènè Lopital.
  12. Sèvis ke Administratè Reklamasyon yo oswa yon Doktè Swen Jeneral pa bay, aranje oswa otorize davans, eksepte nan ka yon Pwoblèm Medikal Dijans, oswa pou aksè dirèk nan founisè patisipan yo jan sa prevwa nan Plan an.
  13. Nenpòt tretman medikal oswa chirijikal ki gen objektif prensipal korije konplikasyon akòz mankman volontè ak konsyan Moun ki Asire pou swiv plan tretman yon Doktè.
  14. Nenpòt tretman medikal oswa chirijikal ak/oswa evalyasyon konplikasyon ki soti nan nenpòt sèvis ki pa-garanti, sa gen ladan frè doktè ak etablisman an.
  15. Medikaman, founiti ak/oswa ekipman ke Moun ki Asire pran kay nan yon Lopital oswa lòt

etablisman. Esklizyon sa a pa aplike pou Founiti pou Ostomi jan sa dekri nan Founiti pou Ostomi nan Sèvis Swen Sante Garanti yo.

16. Maladi oswa Blesi ki soti nan patisipasyon nan aktivite annapre la yo:
  - Sote nan elastik.
  - Parachit.
  - Plonje nan fon lanmè pi ba ke 60 pye, oswa plonje san sètifikasyon pwofesyonèl anvan (tankou PAD1).
  - Deltaplàn.
  - Kous oto.
  - Eskalad mòn.
  - Eskalad wòch.
17. Nenpòt depans anrapò ak yon Moun ki Asire ki rete nan yon Lopital, Etablisman Swen enfimye Kalifye oswa lòt etablisman depase lè oswa dat ke Administratè Reklamasyon yo oswa yon Doktè Rezo fikse pou egzeyat, apre Moun ki Asire a enfòmè.
18. Frè pou sèvis andeyò Rezo ki depase Montan Otorize yo.

## Fason pou Depoze yon Reklamasyon

### Pwosedi Reklamasyon yo

Pou jwenn yon fòmilè reklamasyon, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Si ou pa gen yon fòm reklamasyon, tache bòdwo founisè a ba ou an ak yon lèt eksplikasyon kout. Verifye ke bòdwo founisè ou an gen ladan *Enfòmasyon Obligatwa* ki endike anba a. Si nenpòt *Enfòmasyon Obligatwa* manke nan bòdwo a, ou ka mete li nan lèt ou an.

### Kijan yo Peye Sèvis Swen Sante Garanti yo nan yon Founisè andeyò Rezo?

Lè ou resevwa Sèvis Swen Sante Garanti yo nan men yon founisè Andeyò Rezo, ou responsab pou mande peman nan Administratè Reklamasyon yo. Ou dwe deposite reklamasyon an nan yon fòma ki gen tout enfòmasyon ke Administratè Reklamasyon yo egzije, jan sa dekri anba a.

Ou dwe soumèt yon demann pou peman Avantaj yo nan 90 jou oplita apre dat sèvis la. Si ou pa bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon sa yo nan yon ane plita apre dat sèvis la, y ap refize oswa redui Avantaj pou sèvis swen sante sa a yo, dapre desizyon Administratè Reklamasyon yo. Delè sa a pa aplike si ou enkapab legalman. Si reklamasyon ou an anrapò ak yon Sejou Pasyan entènè, dat sèvis la se dat Sejou Pasyan entènè ou an fini.

### Kijan yo Peye Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn?

Si ou vle resevwa ranbousman pou yon preskripsyon, ou ka soumèt yon reklamasyon apre-sèvis jan li dekri nan seksyon sa a si:

- Yo mande pou ou peye tout pri Pwodui Medikaman Preskripsyon an lè ou egzekite li epi ou kwè ke Plan an ta dwe peye pou li.
- Ou peye Ko-asirans epi ou kwè montan pou Ko-asirans lan pa te kòrèk.

Si yon famasi (detayan oswa kòmman pa lapòs) pa egzekite yon preskripsyon ou te prezante epi ou kwè se yon Sèvis Sante Garanti, ou ka soumèt yon demann pou Avantaj avan sèvis jan li dekri nan seksyon sa a.

### Enfòmasyon Obligatwa

Lè ou mande peman Avantaj nan men Administratè Reklamasyon yo, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo tout enfòmasyon annapre la yo:

- Non ak adrès Patisipan an.
- Non ak laj pasyan an.
- Nimewo ki endike sou kat ID ou.
- Non ak adrès founisè(yo) sèvis la.
- Non ak adrès nenpòt Doktè ki bay òdonans lan.
- Yon dyagnostik Doktè a.
- Yon bòdwo detaye ki soti nan men founisè ou an, ki gen ladan kòd *Tèminoloji Aktyèl pou Pwosedi yo* (Current Procedural Terminology, CPT) oswa yon deskripsyon chak frè.
- Dat Blesi oswa Maladi a te kòmanse.

- Yon deklarasyon ki endike swa ke ou enskri, oswa ou pa enskri pou pwoteksyon asirans nan okenn lòt plan sante oswa pwogram sante. Si ou enskri pou lòt pwoteksyon asirans ou mete non lòt konpayi asirans lan (yo).

Ou dwe depoze enfòmasyon yo ki anwo bò kote Administratè Reklamasyon yo nan adrès ki sou kat ID ou an.

## **Peman Avantaj yo**

Ou pa ka transfere Avantaj ou yo nan Plan an oswa okenn kòz aksyon anrapò ak Avantaj ou yo nan Plan an bay yon founisè andeyò Rezo a san konsantman Administratè Reklamasyon yo. Lè li pa jwenn yon transfè, Administratè Reklamasyon yo ap voye ranbousman an dirèkteman bay Patisipan an pou ranbouse yon founisè andeyò Rezo a. Administratè Reklamasyon yo gen dwa, dapre sèl desizyon li, pou li travay sou peman Plan an bay yon founisè andeyò Rezo a dirèkteman pou sèvis li rann ou. Nan ka nenpòt transfè Avantaj oswa peman bay yon founisè andeyò Rezo a, Plan an gen dwa pou konpanse Avantaj yo li gen pou peye founisè a ak nenpòt montan founisè a dwe Plan an.

Lè ou transfere Avantaj ou yo nan Plan an bay yon founisè andeyò Rezo a avèk konsantman Administratè Reklamasyon yo, epi founisè andeyò Rezo a soumèt yon reklamasyon pou peman, oumenm ak founisè andeyò Rezo deklare ak garanti sa ki annapre la yo:

- Yo te founi Sèvis Swen Sante Garanti yo efektivman.
- Sèvis Swen Sante Garanti yo te apwopriye sou plan medikal.

Lè Administratè Reklamasyon yo pa aksepte yon transfè, Administratè Reklamasyon yo ap voye ranbousman an dirèkteman ba ou (Patisipan an) pou ou ranbouse founisè a lè ou resevwa bòdwo li. Men, Administratè Reklamasyon yo gen dwa, dapre sèl desizyon li, pou li peye founisè a dirèkteman pou sèvis li te rann ou yo. Lè l ap egzèse pouvwa desizyon li pou sa ki konsène peman an, Administratè Reklamasyon yo ka konsidere si ou te mande pou yo fè peman Avantaj ou yo dirèkteman bay founisè a. Nan kèlkanswa sikonstans Administratè Reklamasyon yo p ap peye Avantaj ba pèsonn apa oumenm oswa, dapre sèl desizyon li, founisè ou an. Peman dirèk bay yon founisè pa dwe konsidere kòm etan li reprezante yon konsantman Administratè Reklamasyon yo pou yon transfè oswa pou egzante egzijans konsantman an. Lè Administratè Reklamasyon yo, dapre sèl desizyon li, dirije peman an bay yon founisè, ou rete sèl benefisyè peman an, epi founisè a pa vin yon benefisyè poutèt sa. Pakonsekan, y ap voye ba ou avi obligatwa legalman konsènan Avantaj ou yo, epi Administratè Reklamasyon yo gendwa, dapre sèl desizyon li, voye enfòmasyon sou Avantaj yo tou bay founisè a. Si yo fè peman bay yon founisè, Plan an gen dwa pou konpanse Avantaj yo dwe peye founisè a ak nenpòt montan ke founisè a dwe Plan an (sa gen ladan montan ki dwe kòm rezilta transfè dwa rekouvreman peman anplis lòt plan yo ba Plan an), dapre Ranbousman Peman Anplis nan *Dispozisyon Legal Jeneral yo*.

### *Fòm Peman Avantaj yo*

Peman Avantaj nan Plan an dwe fèt an lajan kach oswa ekivalan lajan kach, oswa nan yon fòm lòt konpansasyon ke Administratè Reklamasyon yo, dapre sèl desizyon li, detèmine kòm apwopriye. Lè Avantaj yo peyab dirèkteman bay yon founisè, konpansasyon apwopriye a gen ladan anilasyon annantye oswa an pati pou montan founisè a dwe lòt plan ke Administratè Reklamasyon yo trete peman pou yo, lè Plan an te pran an chaj rekouvreman dwa valè lòt plan yo.

## **Kesyon, Plent ak Apèl**

Pou rezoud yon kesyon, plent, oswa apèl, annik swiv etap sa yo:

### **E si Ou gen yon Kesyon?**

Rele nimewo telefòn ki endike sou kat ID ou an. Gen reprezantan ki disponib pou reponn apèl ou pandan lè nòmal biwo, Lendi jiska Vandredi.

### **E si Ou gen yon Plent?**

Rele nimewo telefòn ki endike sou kat ID ou an. Gen reprezantan ki disponib pou reponn apèl ou pandan lè nòmal biwo, Lendi jiska Vandredi.

Si ou prefere voye plent ou an bay Administratè Reklamasyon yo alekri, reprezantan an ka ba ou adrès la.

Si reprezantan an pa kapab rezoud pwoblèm lan nan telefòn, li ka ede ou prepare ak soumèt yon plent alekri. Administratè Reklamasyon yo pral fè ou konnen desizyon konsènan plent ou an nan 60 jou oplita apre li resevwa l.

## **Kijan Pou Ou Fè Apèl kont yon Desizyon Reklamasyon?**

### **Reklamasyon Apre Sèvis**

Reklamasyon apre sèvis yo se reklamasyon ke yo depoze pou peman Avantaj apre ou fin resevwa swen medikal.

### **Demann pou Avantaj Anvan Sèvis**

Demann pou Avantaj avan sèvis se demann ki mande otorizasyon davans oswa konfimasyon avantaj la anvan ou resevwa swen medikal.

### **Kijan pou Mande yon Apèl**

Si ou pa dakò avèk yon desizyon sou demann pou Avantaj avan sèvis, yon detèminasyon reklamasyon apre sèvis oswa yon anilasyon detèminasyon pwoteksyon asirans, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo alekri pou mande yon apèl.

Demann ou pou yon apèl dwe gen ladan:

- Non pasyan an ak nimewo idantifikasyon ki sou kat ID an.
- Dat (yo) pou sèvis medikal la (yo).
- Non founisè a.
- Rezon ki fè ou kwè reklamasyon an dwe peye.
- Nenpòt dokiman oswa lòt enfòmasyon alekri pou soutni demann ou pou peman reklamasyon an.

Premye demann apèl ou an dwe soumèt bay Administratè Reklamasyon yo nan 180 jou oplita apre ou resevwa refi pou yon demann pou Avantaj avan sèvis oswa refi reklamasyon an.

Pou reklamasyon medikal yo, adrès apèl la se:

UnitedHealthcare - Appeals

P.O. Box 30432,

Salt Lake City, Utah 84130-0432

## Pwosesis Apèl

Yo pral chwazi yon moun kalifye ki pa te patisipe nan desizyon an w ap fè apèl kont li an pou decide sou apèl la. Si apèl ou an anrapò ak zafè klinik, revizyon an pral fèt an konsiltasyon ak yon pwofesyonèl swen sante ki gen ekspètiz nan domèn lan, ki pa te patisipe nan desizyon anvan an. Administratè Reklamasyon yo ka konsilte, oswa mande ekspè medikal patisipe nan pwosedi apèl yo. Ou aksepte referans sa a ak pataj enfòmasyon reklamasyon medikal nesèsè yo. Sou demann epi gratis, ou gen dwa pou jwenn aksè rezonab nan kopi tout dokiman, dosye, ak lòt enfòmasyon anrapò ak reklamasyon ou pou Avantaj yo. Si Administratè Reklamasyon yo apiye sou oswa kreye nenpòt nouvo prèv oswa prèv anlplis pandan desizyon sou apèl la, Administratè Reklamasyon yo ap ba ou yo gratis epi ak tan avan dat delè repons pou desizyon defavorab sou avantaj yo.

## Detèminasyon Apèl

### Demann pou Avantaj Avan sèvis ak Apèl pou Reklamasyon apre sèvis

Pou pwosedi anrapò ak demann ijan pou Avantaj yo, gade anba a nan *Apèl Ijan ki Nesesite yon Aksyon Imedyat*.

Yo pral ba ou notifikasyon alekri oswa elektwonik sou desizyon an pou apèl ou an nan fason konsa:

- Pou apèl demann pou Avantaj avan sèvis yo jan li defini pi wo a, premye nivo apèl la pral fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 15 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou apèl pou yon refi demann pou Avantaj. Si ou pa satisfè ak desizyon apèl premye nivo a, ou gen dwa pou mande yon apèl dezyèm nivo. Ou dwe soumèt demann sa a bay Administratè Reklamasyon yo nan 60 jou oplita apre ou resevwa desizyon apèl premye nivo a. Dezyèm nivo apèl la pral fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 15 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou revizyon desizyon apèl premye nivo a.
- Pou apèl reklamasyon apre sèvis yo jan li defini pi wo a, premye nivo apèl la pral fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 30 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou apèl yon refi reklamasyon. Si ou pa satisfè ak desizyon apèl premye nivo a, ou gen dwa pou mande yon apèl dezyèm nivo. Ou dwe soumèt demann sa a bay Administratè Reklamasyon yo nan 60 jou oplita apre ou resevwa desizyon apèl premye nivo a. Dezyèm nivo apèl la pral fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 30 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou revizyon desizyon apèl premye nivo a.

Tanpri konnen desizyon Administratè Reklamasyon yo baze sèlman sou si wi ou non Avantaj yo disponib nan Plan an pou tretman oswa pwosedi yo pwopoze a.

Ou ka gen dwa pou jwenn yon revizyon ekstèn nan men yon *Òganizasyon Revizyon Endepandan (Independent Review Organization, IRO)* lè pwosesis apèl entèn lan fini. Y ap ba ou nan lèt desizyon an machaswiv konsènan tout dwa sa yo, ak fason pou jwenn aksè nan dwa sa yo.

Nenpòt Moun ki Asire ka egzamine dosye reklamasyon ak/oswa dosye apèl li (yo) avèk yon demann alekri epi gratis. Moun ki Asire yo ka soumèt tou prèv, opinyon ak kòmantè nan kad pwosesis revizyon entèn reklamasyon yo. Administratè Reklamasyon yo pral egzamine tout reklamasyon yo dapre règ Depatman Travay Etazini etabli. Y ap bay nenpòt Moun ki Asire otomatikman, gratis, epi sifizaman avan dat avi dwe bay sou desizyon final entèn defavorab sou avantaj la: (i) nenpòt nouvo prèv oswa prèv anlplis ke Plan an te konsidere, apiye sou li, oswa pwodui anrapò avèk reklamasyon an; epi, (ii) yon okazyon rezonab pou nenpòt Moun ki Asire pou reponn pou nouvo prèv oswa rezon sa yo.

## Apèl Ijan ki Nesesite yon Aksyon Imedyat

Apèl ou a ka neseseite yon aksyon ijan si yon reta nan tretman an ta ka ogmante risk pou sante ou, oswa kapasite pou reprann maksimòm fonksyon ou, oswa lakòz doulè grav. Nan sitiyasyon ijan sa yo:

- Apèl la pa bezwen soumèt alekri. Oumenm oubyen Doktè ou dwe rele Administratè Reklamasyon yo san pèdi tan.
- Administratè Reklamasyon yo ap ba ou yon desizyon alekri oswa elektwonik nan 72 èdtan oplita apre li resevwa demann ou pou revizyon desizyon an, kote l ap teni kont de gravite eta ou.
- Si Administratè Reklamasyon yo bezwen plis enfòmasyon nan men Doktè ou pou pran yon desizyon, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen desizyon an nan fen pwochen jòu ouvrab apre dat li resevwa enfòmasyon li mande yo.

Pwosesis apèl la pou sitiyasyon ijan pa aplike pou tretman, terapi oswa operasyon planifye.

## Pwogram Revizyon Federal Ekstèn

Ou ka gen dwa pou mande yon revizyon ekstèn desizyon Administratè Reklamasyon yo apre ou fin sèvi ak tout dwa apèl entèn ou si youn nan kondisyon ki annapre la yo aplike:

- Ou pa satisfè avèk desizyon Administratè Reklamasyon yo pran an.
- Administratè Reklamasyon yo pa reponn pou apèl ou an nan delè règleman aplikab yo egzije.

Si youn nan kondisyon yo ki anwo a ranpli, ou ka mande yon revizyon ekstèn desizyon defavorab sou avantaj yo baze sou nenpòt nan eleman ki annapre la yo:

- Rezon klinik yo.
- Esklizyon pou Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon (yo) oswa Sèvis ki Pa pwouve (yo).
- Anilasyon pwoteksyon asirans (pwoteksyon ki te anile oswa sispann pou peryòd ki deja pase).
- Jan lwa aplikab la egzije otreman.

Pou mande yon revizyon ekstèn estanda, oumenm oswa reprezantan ou ka voye yon demann alekri nan adrès ki endike nan lèt desizyon an. Pou mande yon revizyon ekstèn rapid, nan sitiyasyon ijan yo jan li defini anba a, oumenm oswa reprezantan ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an oswa voye yon demann alekri nan adrès ki endike nan lèt desizyon an. Ou dwe fè yon demann nan kat mwa oplita apre dat ou te resevwa desizyon final Administratè Reklamasyon yo pou apèl la.

Yon demann pou revizyon ekstèn dwe gen ladan tout sa ki annapre la yo:

- Yon demann byen presi pou yon revizyon ekstèn.
- Non, adrès, ak nimewo ID asirans ou.
- Non ak adrès reprezantan ou deziyen, lè sa aplikab.
- Sèvis ki te refize a.
- Nenpòt nouvo enfòmasyon aplikab ki pa te bay pandan apèl entèn lan.

Yon *Òganizasyon Revizyon Endepandan (IRO)* pral fè yon revizyon ekstèn. Administratè Reklamasyon yo pase akò avèk twa IROs oswa plis ki te dakò pou fè revizyon sa yo. Gen de kalite revizyon ekstèn disponib:

- Yon revizyon ekstèn estanda.



- Yon revizyon ekstèn rapid.

## Revizyon Ekstèn Estanda

Yon revizyon ekstèn estanda gen ladan tout sa ki annapre la yo:

- Yon revizyon preliminè Administratè Reklamasyon yo fè sou demann lan.
- Yon referans demann lan ke Administratè Reklamasyon yo fè bay *IRO* a.
- Yon desizyon *IRO* an pran.

Après li resevwa demann lan, Administratè Reklamasyon yo pral fè yon revizyon preliminè nan delè aplikab la, pou detèmine si moun yo te soumèt demann lan pou li a ranpli tout kondisyon ki annapre la yo:

- Li asire oswa li te asire nan Plan an nan moman yo te bay sèvis oswa pwosedi swen sante ki gen pwoblèm ki nan demann lan.
- Li te fin itilize tout pwosesis apèl entèn aplikab la.
- Li te bay tout enfòmasyon ak fòm obligatwa dekwa pou Administratè Reklamasyon yo ka travay sou demann lan.

Après Administratè Reklamasyon yo fin fè revizyon sa a, Administratè Reklamasyon yo ap voye yon notifikasyon alekri ba ou. Si demann lan kalifye pou revizyon ekstèn, Administratè Reklamasyon yo pral afekte yon *IRO* pou fè revizyon an. Pou afekte demann lan Administratè Reklamasyon yo pral, swa fè woulman afektasyon reklamasyon yo nan pami *IROs* yo oswa itilize yon pwosesis seleksyon oaza.

*IRO* a pral fè ou konnen alekri si demann lan kalifye ak aksepte pou revizyon ekstèn epi si sa nesèsè, nenpòt enfòmasyon anplis ki nesèsè pou fè revizyon ekstèn lan. Anjeneral, ou pral gen pou soumèt enfòmasyon anplis alekri bay *IRO* a nan dis jou ouvrab oplita apre dat ou resevwa demann *IRO* a pou enfòmasyon anplis yo. *IRO* a pa oblije, men li ka aksepte ak konsidere enfòmasyon anplis ou soumèt apre dis jou ouvrab.

Administratè Reklamasyon yo ap bay *IRO* ki afekte a dokiman ak enfòmasyon ki te konsidere pou pran desizyon Administratè Reklamasyon yo. Dokiman yo gen ladan:

- Tout dosye medikal aplikab yo.
- Tout lòt dokiman Administratè Reklamasyon yo te apiye sou yo.
- Tout lòt enfòmasyon oswa prèv ke oumenm oswa Doktè ou soumèt. Si gen nenpòt enfòmasyon oswa prèv oumenm oswa Doktè ou vle soumèt ki pa te bay deja, ou ka mete enfòmasyon sa yo avèk demann revizyon ekstèn ou an. Administratè Reklamasyon yo ap mete yo avèk dokiman li voye bay *IRO* a.

Pou pran yon desizyon, *IRO* a pral egzamine reklamasyon an kòm etan nouvo epi li pa oblije respekte okenn desizyon oswa konklizyon Administratè Reklamasyon yo. *IRO* a ap bay avi alekri sou desizyon li ("*Desizyon Final Revizyon Ekstèn*" lan) nan 45 jou oplita apre li resevwa demann lan pou revizyon ekstèn lan (sòf si li mande tan anplis epi ou aksepte). *IRO* a pral remèt oumenm ak Administratè Reklamasyon yo avi sou *Desizyon Final Revizyon Ekstèn*, epi li ap gen ladan baz klinik pou desizyon an.

Si Administratè Reklamasyon yo resevwa yon *Desizyon Revizyon Ekstèn Final* ki anile desizyon Administratè Reklamasyon yo, Administratè Reklamasyon yo pral bay pwoteksyon asirans oswa peman pou reklamasyon Avantaj ki konsène a selon kondisyon jeneral Plan an, ak tout lwa aplikab konsènan rekou plan an. Si *Desizyon Revizyon Ekstèn Final* la dakò avèk detèminasyon an, Administratè Reklamasyon yo p ap oblije bay Avantaj pou sèvis oswa pwosedi swen sante a.

## Revizyon Ekstèn Akselere

Yon revizyon ekstèn akselere menm jan ak yon revizyon ekstèn estanda. Diferans prensipal ki genyen ant yo de a sèke peryòd tan pou fini ak sèten pòsyon nan pwosesis revizyon an se pi kout anpil pou revizyon ekstèn akselere a, epi nan kèk ka ou ka depoze yon revizyon ekstèn akselere anvan ou fini pwosesis apèl entèn yo.

Ou ka fè yon demann alekri oswa vèbal pou yon revizyon ekstèn akselere, apa oswa an menm tan ou te depoze yon demann pou yon apèl entèn akselere, si ou resevwa youn nan sa ki annapre la yo:

- Yon desizyon defavorab sou avantaj nan yon reklamasyon oswa yon apèl ki konsène yon pwoblèm medikal kote delè pou fin travay sou yon apèl entèn akselere ta swa mete an danje:
  - Lavi oswa sante moun lan.
  - Kapasite moun lan pou reprann fonksyon maksimòm li.

Anplis, ou dwe depoze yon demann pou yon apèl entèn akselere.

- Yon desizyon final pou apèl, ki swa:
  - Konsène yon pwoblèm medikal kote delè pou fini ak yon revizyon ekstèn estanda ta swa mete an danje lavi oswa sante moun lan oswa ta mete an danje kapasite pou moun lan reprann fonksyon maksimòm li.
  - Konsène yon admisyon, disponiblite nan swen, kontinye sejou, oswa sèvis, pwosedi oswa pwodui swen sante ke moun lan te resevwa sèvis swen dijans pou yo, men moun lan pa te egzeyate nan yon etablisman.

Touswit apre yo fin resevwa demann lan, Administratè Reklamasyon yo ap detèmine si moun lan satisfè toude sa ki annapre la yo:

- Li asire oswa li te asire nan Plan an nan moman yo te bay sèvis oswa pwosedi swen sante ki gen pwoblèm ki nan demann lan.
- Li te bay tout enfòmasyon ak fòm obligatwa dekwa pou Administratè Reklamasyon yo ka travay sou demann lan.

Apre Administratè Reklamasyon yo fin fè revizyon an, Administratè Reklamasyon yo ap voye yon avi alekri ba ou. Lè yo fin detèmine ke yon demann kalifye pou revizyon ekstèn akselere, Administratè Reklamasyon yo ap afekte yon *IRO* nan menm fason Administratè Reklamasyon yo itilize pou afekte revizyon ekstèn estanda bay *IROs* yo. Administratè Reklamasyon yo pral bay tout dokiman ak enfòmasyon obligatwa ke Administratè Reklamasyon yo te itilize pou pran desizyon defavorab sou avantaj la oswa desizyon final avantaj defavorab la bay *IRO* ki afekte a elektwonikman oswa nan telefòn oswa faks oswa nenpòt lòt metòd disponib nan bon moman. Nan mezi kote enfòmasyon oswa dokiman yo disponib epi *IRO* a konsidere yo apwopriye, *IRO* a dwe konsidere menm kalite enfòmasyon ak dokiman yo te konsidere nan yon revizyon ekstèn estanda.

Pou pran yon desizyon, *IRO* a pral egzamine reklamasyon an kòm etan nouvo epi li pa oblije respekte okenn desizyon oswa konklizyon Administratè Reklamasyon yo. *IRO* a ap bay yon avi sou desizyon final revizyon ekstèn pou yon revizyon ekstèn akselere ak tout rapidite pwoblèm medikal demandè a egzijè oswa sikonstans yo egzijè, men nan kèlkeswa ka pa plis pase 72 èdtan apre *IRO* a resevwa demann lan. Si yo kominike desizyon final revizyon ekstèn *IRO* a aloral toudabò, *IRO* a pral voye annapre yon konfimasyon alekri pou desizyon an nan 48 èdtan oplita apre kominikasyon vèbal la.

Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo telefòn kat ID ou an pou jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa revizyon ekstèn yo, oswa si w ap fè yon demann vèbal pou yon revizyon ekstèn akselere.

<b>Demann pou Avantaj Swen Ijan*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Si demann ou pou Avantaj yo pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	24 èdtan
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo demann konplete pou Avantaj yo nan:	48 èdtan apre ou resevwa avi sou enfòmasyon anplis yo mande yo
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la nan:	72 èdtan
Si Administratè Reklamasyon yo refize demann pou Avantaj ou yo, ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl la nan:	72 èdtan apre li resevwa apèl la

\*Ou pa bezwen soumèt apèl pou swen ijan yo alekri. Ou dwe rele Administratè Reklamasyon yo san pèdi tan pou fè apèl pou yon demann pou Avantaj pou swen ijan yo.

<b>Demann pou Avantaj Anvan Sèvis*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Si ou depoze demann pou Avantaj yo yon fason ki pa kòrèk, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	5 jou
Si demann ou pou Avantaj yo pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	15 jou
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon demann konplete pou Avantaj yo oplita nan:	45 jou
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la:	
• si demann inisyèl pou Avantaj yo konplè, nan:	15 jou
• apre li resevwa demann konplete pou Avantaj yo (si demann inisyèl pou Avantaj yo pa konplè), nan:	15 jou
Ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl premye nivo a nan:	15 jou apre yo resevwa apèl premye nivo an

<b>Demann pou Avantaj Anvan Sèvis*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Ou dwe fè apèl kont apèl premye nivo a (depoze yon apèl dezyèm nivo) nan:	<b>60 jou</b> apre yo resevwa desizyon apèl premye nivo an
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl dezyèm nivo a nan:	<b>15 jou</b> apre yo resevwa apèl dezyèm nivo an

\*Administratè Reklamasyon yo ka mande yon pwolongasyon yon sèl fwa detèminasyon inisyal reklamasyon an, ki pa plis pase 15 jou, sèlman si plis tan nesese akòz sikonstans ki depase kontwòl Plan an.

<b>Reklamasyon Apre Sèvis</b>	
<b>Kalite Reklamasyon oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Si reklamasyon ou an pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	30 jou
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon reklamasyon konplete yo oplita nan:	45 jou
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la:	
• si reklamasyon inisyal la konplè, nan:	30 jou
• apre li resevwa reklamasyon konplete a (si reklamasyon inisyal la pa konplè), nan:	30 jou
Ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl premye nivo a nan:	30 jou apre yo resevwa apèl premye nivo an
Ou dwe fè apèl kont apèl premye nivo a (depoze yon apèl dezyèm nivo) nan:	<b>60 jou</b> apre yo resevwa desizyon apèl premye nivo an
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl dezyèm nivo a nan:	<b>30 jou</b> apre yo resevwa apèl dezyèm nivo an

## Kowòdinasyon Avantaj yo

### Avantaj Lè Ou Gen Pwoteksyon asirans nan Plis pase yon Sèl Plan

Seksyon sa a dekri kijan yo pral kowòdone Avantaj nan Plan an ak sa ki nan nenpòt lòt plan ki ba ou avantaj.

### Kilè Kowòdinasyon Avantaj yo Aplike?

Dispozisyon *Kowòdinasyon Avantaj (Coordination of Benefits, COB)* sa aplike pou ou si ou asire nan plis pase yon sèl plan avantaj sante, sa gen ladan nenpòt youn nan sa ki annapre la yo:

- Yon lòt plan avantaj sante travay ou patwone.
- Yon eleman medikal nan yon plan swen kolektif alontèm, tankou swen etablisman swen enfimye kalifye.
- Tip avantaj peman medikal san fot oswa tradisyonèl "fot" oswa avantaj pwoteksyon blesi pèsònèl nan yon kontra asirans oto.
- Avantaj peman medikal nan nenpòt responsablite lokal oswa lòt kalite pwoteksyon asirans responsablite.
- Medicare oswa lòt avantaj sante leta.

Si gen pwoteksyon asirans nan de plan oswa plis, COB detèmine ki plan ki primè ak kiyès ki segondè. Plan ki konsidere kòm primè a peye avantaj li yo anpremye, san konsidere posibilite ke yon lòt plan an gendwa kouvri sèten depans. Nenpòt depans ki rete ka peye nan lòt Plan an, ki konsidere kòm segondè. Plan segondè a kapab detèmine avantaj li yo dapre avantaj plan primè a peye. Montan Plan sa a pral ranbouse ou, si genyen, pral depann tou an pati de depans ki admisib yo. Yo eksplike tèm "depans admisib" la piplis anba a.

### Ki Règ ki gen pou Detèmine Lòd Peman Avantaj yo?

#### Règ pou Detèmine Lòd Avantaj yo

Si ou asire nan de plan oswa plis, peman avantaj yo swiv règ yo ki anba a nan lòd sa a:

- Plan sa a ap toujou segondè parapò ak asirans peman medikal oswa asirans pwoteksyon pou blesi pèsònèl nan nenpòt kontra asirans responsablite oto oswa asirans san fòt.
- Lè ou gen pwoteksyon asirans nan de plan medikal oswa plis epi youn sèlman gen dispozisyon COB, Plan an ki san dispozisyon COB yo ap peye avantaj anpremye.
- Yon plan ki kouvri yon moun antanke anplwaye peye avantaj anvan yon plan ki kouvri moun lan antanke depandan.
- Si ou resevwa kouvèti kontinyasyon COBRA nan yon lòt plan travay, Plan sa a ap peye Avantaj anpremye.
- Timoun depandan ou yo ap resevwa pwoteksyon asirans primè nan men paran ki gen dat nesans li ki rive anpremye nan yon ane sivil. Si toude paran yo gen menm dat nesans, plan ki peye avantaj anpremye a se sa ki anvigè depi pi lontan an. Règ anivèsè nesans sa a aplike sèlman si:
  - Paran yo marye oswa y ap viv ansanm kit wi ou non yo te marye deja epi yo pa legalman separe.
  - Yon dekrè tribinal la akòde lagad komen san presize ke youn nan pati yo gen responsablite bay

pwoteksyon asirans swen sante.

- Si de plan oswa plis kouvri yon timoun depandan paran ki divòse oswa separe epi si pa gen okenn dekrè tribinal ki deklare ke yon paran responsab pou swen sante, timoun lan pral kouvri nan Plan:
  - Paran ki gen lagad timoun lan; apre sa
  - Mari/Madanm paran ki gen lagad timoun lan; apre sa
  - Paran ki pa gen lagad timoun lan; apre sa
  - Mari/Madanm paran ki pa gen lagad timoun lan.
- Plan pou anplwaye aktif yo peye anvan plan ki kouvri anplwaye ki nan sispanasyon tanpore oswa ki retrete.
- Plan ki kouvri moun demandè a pi lontan an ap peye anpremye.
- Finalman, si okenn nan règyo ki anwo a pa detèmine ki plan ki primè oswa segondè, depans admisib yo pral pataje egalego ant plan ki koresponn ak definisyon Plan an. Anplis, Plan sa a p ap peye plis pase sa li ta peye si se li ki te plan primè a.

## Kijan Avantaj yo Peye Lè Plan sa a Segondè?

Si Plan sa a segondè, li swiv etap yo ki anba a pou detèmine montan li pral peye pou yon Sèvis Swen Sante ki Garanti.

- Plan an detèmine montan li ta peye baze sou depans admisib yo.
- Si Plan sa a t ap peye menm montan oswa mwens pase sa plan primè a peye, Plan sa a pa peye okenn Avantaj.
- Si Plan sa a t ap peye plis pase sa plan primè a peye, Plan an ap peye diferans lan.

Ou pral responsab peman nenpòt Kopeman, Ko-asirans oswa Dediktib aplikab nan kad peman COB a. Peman konbine maksimòm ou ka resevwa nan men tout plan yo ka mwens pase 100% depans admisib yo.

## Kijan yo Detèmine Depans Admisib yo lè Plan sa a Segondè?

### Fason yo Detèmine Depans Admisib yo si Plan sa a Segondè

**Kisa yon depans admisib ye?** Pou rezon COB a, yon depans admisib se yon depans swen sante ki garanti omwen an pati nan yon plan avantaj sante ki kouvri ou yo.

Lè founisè a se yon founisè Rezo pou ni plan primè a ni Plan sa a, depans admisib yo se tarif rezo plan primè a. Lè founisè a se yon founisè rezo pou plan primè a epi yon founisè andeyò Rezo pou Plan sa a, depans admisib yo se tarif rezo plan primè a. Lè founisè a se yon founisè andeyò Rezo pou plan primè a epi yon founisè Rezo pou Plan sa a, depans admisib yo se frè rezonab ak abityèl ke plan primè a otorize. Lè founisè a se yon founisè andeyò Rezo ni pou plan primè a ni pou Plan sa a, depans admisib yo se montan ki pi gwo nan pami frè rezonab ak abityèl pou de Plan yo. Si plan sa a segondè parapò Medicare, tanpri, gade tou nan diskisyon ki nan seksyon ki anba a, ki gen tit "*Detèmine Depans Admisib lè Plan sa a Segondè parapò Medicare*".

## **Kisa ki Diferan Lè Ou Kalifye pou Medicare?**

### **Detèmine Kiyès ki Plan Primè Lè Ou Kalifye pou Medicare**

Dapre otorizasyon lalwa, Plan sa a ap peye Avantaj an dezyèm parapò Medicare lè ou vin kalifye pou Medicare, menm si ou pa chazi li. Men, gen moun ki kalifye pou Medicare ke Plan an peye Avantaj anpremye pou yo epi Medicare peye avantaj an dezyèm:

- Anplwaye ki gen sitiyaasyon travay aktif ki gen laj 65 lane oswa plis epi Mari/Madanm yo gen laj 65 lane oswa plis (men, Patnè Domestik yo eskli jan Medicare prevwa sa).
- Moun ki gen maladi renal nan dènye estad, pou yon peryòd tan limite.
- Moun ki andikape ki poko gen laj 65 lane ki gen sitiyaasyon travay aktif epi Depandan yo poko gen laj 65 lane.

### **Detèmine Depans Admisib lè Plan sa a Segondè parapò Medicare**

Si Plan sa a segondè parapò Medicare, montan apwouve Medicare a se depans admisib la, toutotan founisè a aksepte ranbousman dirèkteman nan men Medicare. Si founisè a aksepte ranbousman dirèkteman nan men Medicare, montan apwouve Medicare a se frè ke Medicare te detèmine li pral rekonèt e ke li rapòte nan yon "eksplikasyon sou avantaj Medicare" Medicare bay (Explanation Of Medicare Benefits, "EOMB an") pou yon sèten sèvis. Anjeneral Medicare ranbouse founisè sa yo yon pousantaj nan frè apwouve li yo - souvan 80%.

Si founisè a pa aksepte plasman avantaj Medicare ou yo, frè limitasyon Medicare yo (maksimòm yon founisè swen sante ka fè ou peye si li pa aksepte Medicare - anjeneral 115% montan apwouve Medicare a) pral depans admisib la. Peman Medicare yo, konbine avèk Avantaj Plan an, p ap depase 100% depans admisib yo.

Si ou kalifye pou li, men ou pa enskri nan Medicare, epi Plan sa a segondè parapò ak Medicare, oswa si ou te enskri nan Medicare men ou chwazi pou pran sèvis yo nan men yon founisè ki pa patisipe nan pwogram Medicare a (kontrèman ak yon founisè ki pa aksepte plasman avantaj Medicare), y ap peye Avantaj yo sou yon baz segondè nan Plan sa a epi yo pral detèmine yo kòm si ou te enskri atan nan Medicare epi ou pran sèvis yo nan men yon founisè ki patisipe nan Medicare.

Lè y ap kalkile Avantaj Plan an nan sitiyaasyon sa yo, ak lè Medicare pa bay yon EOMB, pou fasilite administratif, Administratè Reklamasyon yo ap trete frè founisè a faktire pou sèvis garanti yo kòm depans ki admisib ni pou Plan an ni pou Medicare, olye montan Medicare apwouve oswa frè limitasyon Medicare.

## **Pwogram Medicare Crossover**

Plan an ofri yon Pwogram Medicare Crossover (kwazman) pou reklamasyon Medicare Pati A ak Pati B ak Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME). Nan kad pwogram sa a, ou pa gen pou depoze yon reklamasyon apa ankò nan Plan an pou resevwa avantaj segondè pou depans sa yo. Depandan ou ap gen kwazman otomatik sa a tou, toutotan li kalifye pou Medicare epi Plan sa a se sèl pwoteksyon asirans medikal segondè ou.

On fwa konpayi asirans Medicare Pati A ak Pati B ak DME yo ranbouse founisè swen sante ou, konpayi asirans Medicare a pral soumèt elektwonikman enfòmasyon ki nesèsè yo bay Administratè Reklamasyon yo pou travay sou balans reklamasyon ou dapre dispozisyon plan sa a.

Ou ka verifye si kwazman otomatik la te fèt lè kopi eksplikasyon avantaj Medicare ou yo (explanation of Medicare benefits, EOMB) endike yo te voye reklamasyon ou an bay konpayi asirans segondè ou.

Pwosesis kwazman sa a pa aplike pou depans nan kad Pati A Medicare (depans lopital) depans nan Pati B (vizit nan kabinè Doktè) ak depans DME Medicare oswa depans Medicare pa kouvri. Ou dwe kontinye depoze reklamasyon pou depans sa yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon oswa si ou gen kesyon sou pwogram lan, rele nimewo telefòn ki endike sou do kat ID ou an.

## **Kimoun ki gen Dwa pou Resevwa ak Divilge Enfòmasyon ki Nesesè yo?**

Sèten enfòmasyon sou pwoteksyon asirans swen sante ak sèvis nesèsè pou aplike règ COB sa yo ak pou detèmine avantaj peyab nan Plan sa a ak nan lòt plan yo. Administratè Reklamasyon yo ka jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo nan men, oswa bay yo a, lòt òganizasyon oswa moun nan bi pou yo aplike règ sa yo ak pou detèmine si avantaj yo peyab nan Plan sa a ak nan lòt plan ki kouvri moun ki reklame avantaj yo.

Administratè Reklamasyon yo pa bezwen di, ni jwenn konsantman okenn moun pou fè sa. Chak moun ki reklame avantaj nan Plan sa a dwe bay Administratè Reklamasyon yo tout enfòmasyon ki nesèsè pou aplike règ sa yo ak pou detèmine avantaj peyab yo. Si ou pa bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon ki nesèsè pou aplike règ sa yo ak pou detèmine Avantaj peyab yo, y ap refize reklamasyon ou pou Avantaj yo.

## **Èske Plan sa a Gen Dwa pou Rekouvremant?**

### **Peman anplis ak Peman anmwens pou Avantaj yo**

Si ou asire nan plis pase yon sèl plan medikal, gen yon posibilite pou lòt plan an peye yon avantaj ke Plan an ta dwe peye. Si sa rive, Plan an ka peye lòt Plan an montan ou dwe a.

Si Plan an peye ou plis pase sa li dwe dapre dispozisyon COB sa a, ou dwe ranbouse eksedan an tousuit. Sinon, Esponnsò Plan an ka rekipere montan an sou fòm salè, peman, oswa avantaj ki peyab nan kèlkeswa plan avantaj ke Esponnsò Plan an finanse, sa gen ladan Plan sa a. Esponnsò Plan an gen dwa tou pou rekipere nenpòt peman anplis pa mwayen aksyon lajistis oswa konpanse peman yo nan Depans Admisib alavni yo.

Si Plan an peye twòp yon founisè swen sante, Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou li rekipere montan ki depase a nan men founisè a dapre *Ranbousman Peman Anplis*, pi ba a.

### **Ranbousman Peman Anplis**

Si Plan an peye Avantaj pou depans ki fèt pou ou, oumenm, oswa nenpòt lòt moun oswa òganizasyon yo te peye, dwe fè yon ranbousman bay Plan an si:

- Obligasyon Plan an pou peye Avantaj yo te depans de depans ki fèt ke ou dwe legalman e ke ou dwe peye, men ou pa te peye tout oswa enpe nan depans yo oswa ou pa te oblije legalman peye yo.
- Tout oswa enpe nan peman Plan an fè te depase Avantaj ki nan Plan an.
- Tout oswa enpe nan peman an te fèt pa erè.

Montan ki dwe ranbouse a egal ak montan Plan an peye anplis parapò montan li te dwe peye dapre Plan an. Si se yon lòt moun oswa òganizasyon ki dwe ranbousman an, ou dakò ede Plan an jwenn ranbousman an lè li mande sa.

Si se ou ki dwe ranbousman an epi ou pa ranbouse touswit montan konplè ou dwe a, pou rekipere peman anplis la, Plan an ka reyafekte montan anplis pou ranbouse a, annantye oswa an pati, apati Avantaj alavni ki peyab pou ou dapre Plan an. Si se yon moun oswa yon òganizasyon ki pa oumenm ki dwe ranbousman an, pou rekipere peman anplis la, Plan an ka reyafekte peman anplis la, annantye oswa an pati, (i) pou Avantaj alavni ki peyab anrapò avèk sèvis yo bay lòt Moun ki Asire nan Plan an; oswa (ii) pou Avantaj alavni ki peyab anrapò avèk sèvis yo bay moun nan lòt plan ke Administratè Reklamasyon yo trete peman pou yo, dapre yon tranzaksyon kote nan tranzaksyon an yo afekte dwa rekouvremant peman



## South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

anplis Plan an bay lòt plan yo ann echanj pou lòt plan sa yo remèt montan peman ki reyafekte a. Montan peman reyafekte a pral swa:

- egal ak montan ranbousman ki dwe fèt la, oswa
- si li mwens ke montan konplè ranbousman ki dwe fèt la, yo pral dedui li nan montan ranbousman ou dwe Plan an.

Plan an ka gen lòt dwa anplis dwa pou reyafekte montan anplis la ak lòt dwa ki site, ki gen ladan dwa pou antame yon aksyon lajistis.

## Dispozisyon Legal Jeneral yo

### Ki Relasyon Ou Genyen avèk Administratè Reklamasyon yo ak Esponnsò Plan an?

Li enpòtan pou ou konprann wòl Administratè Reklamasyon yo anrapò ak Plan an ak kijan li ka afekte ou. Administratè Reklamasyon yo ede administre peman reklamasyon yo pou Plan Esponnsò Plan an ou enskri ladan an. Administratè Reklamasyon yo ak Esponnsò Plan an pa bay sèvis medikal ni pran desizyon sou tretman an. Sa vle di:

- Administratè Reklamasyon yo kominike ou desizyon konsènan si Plan an pral kouvri oswa peye pou swen sante ou gendwa resevwa. Plan an peye pou Sèvis Swen Sante Garanti yo, ki dekri ak plis detay nan *SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a.
- Plan an pa ka peye pou tout tretman oumenm oswa Doktè ou gendwa kwè ki nesèsè. Si Plan an pa peye, ou pral responsab frè yo.

Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo ka itilize enfòmasyon ki idantifye ou pèsònèlman pou idantifye pou ou (epi ou pou sèlman) pwosedi, pwodui oswa sèvis ki ka gen anpil valè pou ou. Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo ap itilize enfòmasyon ki idantifye ou pèsònèlman dapre otorizasyon oswa egzijans lalwa, sa gen ladan nan operasyon Administratè Reklamasyon yo ak nan rechèch Administratè Reklamasyon yo. Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo pral itilize done yo rann anonim pou rezon komèsyal, sa gen ladan pou rechèch.

Tanpri gade nan *Avi sou Pratik Konfidansyalite* Administratè Reklamasyon yo pou jwenn plis detay.

### Ki Relasyon Administratè Reklamasyon yo avèk Founisè yo ak Esponnsò Plan yo?

Relasyon ki genyen ant Administratè Reklamasyon yo ak founisè Rezo yo ak Esponnsò Plan yo se sèlman relasyon kontra ant kontraktè endepandan. Founisè Rezo yo ak Esponnsò Plan yo se pa ajan ni anplwaye Administratè Reklamasyon yo. Ni Administratè Reklamasyon yo ni okenn nan anplwaye Administratè Reklamasyon yo pa ajan oswa anplwaye founisè Rezo yo oswa Esponnsò Plan an.

Esponnsò Plan yo ak Administratè Reklamasyon yo pa bay sèvis oswa founiti swen sante, ni pratike lamedsin. Esponnsò Plan yo ak Administratè Reklamasyon yo fè aranjman pou founisè swen sante yo patisipe nan yon Rezo epi Administratè Reklamasyon yo trete peman Avantaj Plan an. Founisè Rezo yo se pratisyen endepandan ki dirije pwòp kabinè yo ak etablisman yo. Pwosesis kalifikasyon Administratè Reklamasyon yo konfime enfòmasyon piblik sou lisans founisè yo ak lòt kalifikasyon. Li pa asire kalite sèvis ke yo ofri yo. Founisè Rezo yo se pa anplwaye Esponnsò Plan an. Founisè Rezo yo se pa anplwaye Administratè Reklamasyon yo. Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo pa gen okenn lòt relasyon avèk founisè Rezo yo tankou ajan prensipal oswa antrepriz konjwen. Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo pa responsab pou okenn zak oswa mankman okenn founisè.

Administratè Reklamasyon yo pa konsidere kòm yon patwon pou kèlkanswa rezon anrapò ak administrasyon oswa pwovizyon avantaj nan Plan Esponnsò Plan an. Administratè Reklamasyon yo pa responsab akonpli okenn devwa ni obligasyon yon patwon konsènan Plan Esponnsò Plan an.

Esponnsò Plan an se sèl responsab pou tout sa ki annapre la yo:

- Chanjman enskripsyon ak klasifikasyon (sa gen ladan chanjman klasifikasyon ki abouti nan enskripsyon ou oswa anilasyon pwoteksyon asirans ou).
- Peman nan bon moman Frè Sèvis Plan an ba Administratè Reklamasyon yo.

- Finansman Avantaj yo nan bon moman.
- Enfòmè ou lè Plan an fini.

Lè Esponnsò Plan an etabli Plan an pou founi pwoteksyon asirans dapre yon plan avantaj ki kontwole pa *Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye* (Employee Retirement Income Security Act, "ERISA"), 29 U.S.C. §1001 e swivan, Administratè Reklamasyon yo se pa administratè ni fidisyè plan avantaj la, jan tèm sa yo itilize nan ERISA. Si ou gen kesyon sou plan avantaj byennèt ou an, ou dwe kontakte Esponnsò Plan an. Si ou gen nenpòt kesyon sou deklarasyon sa a oswa sou dwa ou genyen dapre ERISA, kontakte biwo zòn ki pi pre a pou *Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye, Depatman Travay Etazini (Employee Benefits Security Administration, U. S. Department of Labor)*.

## **Ki Relasyon Ou Genyen avèk Founisè yo ak Esponnsò Plan yo?**

Relasyon ki genyen ant oumenm ak nenpòt founisè se relasyon founisè ak pasyan.

Ou responsab pou tout sa ki annapre la yo:

- Chwazi pwòp founisè ou.
- Peye, founisè ou an dirèkteman, nenpòt montan ki idantifye kòm yon responsablite patisipan, sa gen ladan Kopeman, Ko-asirans, nenpòt dediktib ak nenpòt montan ki depase Montan Otorize a.
- Peye, founisè ou an dirèkteman, frè nenpòt Sèvis Swen Sante ki pa-Garanti.
- Deside si nenpòt founisè k ap trete ou bon pou ou. Sa gen ladan founisè Rezo ou chwazi yo ak founisè kote yo refere ou.
- Deside avèk founisè ou ki swen ou dwe resevwa.

Founisè ou an se sèl responsab pou kalite sèvis li ofri ou.

Relasyon ant oumenm ak Esponnsò Plan an se relasyon patwon ak anplwaye, Depandan oswa lòt klasifikasyon jan sa defini nan Plan an.

## **Avi**

Lè Administratè Reklamasyon yo bay yon avi alekri konsènan administrasyon Plan an bay yon reprezantan otorize Esponnsò Plan an, avi sa konsidere kòm yon avi pou tout Patisipan ki afekte yo ansanm ak Depandan yo ki enskri. Esponnsò Plan an responsab pou ba ou avi a.

## **Deklarasyon Esponnsò Plan an oswa Patisipan yo**

Tout deklarasyon ke Esponnsò Plan an oswa yon Patisipan fè, si pa gen fwòd, dwe konsidere kòm reprezantasyon e non pa kòm garanti e ke deklarasyon ki fèt nan bi pou fè yon pwoteksyon asirans p ap evite pwoteksyon asirans lan ni redui Avantaj yo. Administratè Reklamasyon yo p ap itilize okenn deklarasyon Esponnsò Plan an fè pou anile Plan an apre li te anvigè depi dezan sòf si se yon deklarasyon ki gen fwòd.

## **Èske Administratè Reklamasyon yo Peye Founisè yo?**

Administratè Reklamasyon yo peye founisè Rezo yo pa mwayen divès kalite aranjman nan kontra. Kèk nan aranjman sa yo ka gen ladan ankourajman finansye pou favorize founiti swen sante nan yon fason rantab ak efikas. Ankourajman finansye sa yo pa gen entansyon afekte aksè ou nan swen sante.

Men kèk egzanp ankourajman finansye pou founisè Rezo yo:

- Bonis pou pèfòmans baze sou faktè ki ka gen ladan kalite, satisfaksyon manm ak/oswa rantabilite.
- Kapitasyon - yon gwoup founisè Rezo resevwa yon peman mansyèl nan men Administratè Reklamasyon yo pou chak Moun ki Asire ki chwazi yon founisè Rezo nan gwoup la pou fè oswa pou kowòdone sèten sèvis swen sante. Founisè Rezo yo resevwa peman chak mwa sa yo kèlkeswa si frè pou founi oswa pou fè aranjman pou bay Moun ki Asire a swen sante mwens pase oswa plis pase peman an.

Administratè Reklamasyon yo itilize plizyè metòd peman pou peye founisè Rezo byen presi yo. Metòd peman an ka chanje detanzantan. Si ou gen kesyon konsènan si kontra founisè Rezo ou an avèk Administratè Reklamasyon yo gen ladan nenpòt ankourajman finansye, Administratè Reklamasyon yo ankouraje ou pale sou kesyon sa yo avèk founisè ou an. Ou ka rele Administratè Reklamasyon yo tou nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Administratè Reklamasyon yo ka endike si yo peye founisè Rezo ou an nenpòt ankourajman finansye, sa gen ladan sa yo ki endike pi wo a; men, kondisyon byen presi ki nan kontra a, sa gen ladan to peman yo, se bagay konfidansyèl epi yo pa ka divilge yo.

## Èske Gen Ankourajman Disponib pou Ou?

Pafwa Administratè Reklamasyon yo ka ofri kupon, Avantaj amelyore, oswa lòt ankourajman pou ankouraje ou patisipe nan divès pwogram, sa gen ladan pwogram byennèt oswa sèten pwogram jesyon maladi, sondaj, pwogram rabè ak/oswa pwogram pou chèche swen nan yon anviwònman ki pi rantab ak/oswa nan men Founisè Deziyen yo. Nan kèk ka, yo ka ofri pwogram sa yo ansanm ak yon antite ki pa UnitedHealthcare. Desizyon konsènan si wi ou non pou ou patisipe nan yon pwogram se desizyon pa ou sèlman. Men, ou ta dwe pale sou patisipasyon ou nan pwogram sa yo avèk Doktè ou. Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

## Èske Administratè Reklamasyon yo Resevwa Rabè ak Lòt Peman?

Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo ka resevwa rabè pou sèten medikaman ke yo ba ou nan kay ou oswa nan yon kabinè Doktè, oswa nan yon Lopital oswa Lòt Etablisman. Sa gen ladan ranbousman pou medikaman ke yo ba ou anvan ou atenn nenpòt dediktib aplikab. Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo pa transmèt ou rabè sa yo, ni yo pa aplike pou okenn dediktib ni yo pa pran teni kont de yo pou detèmine Kopeman oswa Ko-asirans ou.

## Ki Moun ki Entèprete Avantaj yo ak Lòt Dispozisyon yo nan Plan an?

Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo sèlman gen pouvwa esklizif pou fè tout sa ki annapre la yo:

- Entèprete Avantaj yo nan Plan an.
- Entèprete lòt tèm, kondisyon, limit ak esklizyon ki endike nan Plan an, sa gen ladan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a, *Lis Avantaj yo ak nenpòt Rezime Modifikasyon Materyèl (Summary Material Modifications, SMM)*, ak/oswa Amanman yo.
- Pran desizyon reyèl anrapò ak Plan an ak Avantaj li yo.

Esponnsò Plan an ak Administratè Reklamasyon yo ka delege otorite desizyon sa a bay lòt moun oswa antite ki bay sèvis konsènan administrasyon Plan an.

Nan sèten sikonstans, pou rezon ekonomi global oswa efikasite, Esponnsò Plan an ka ofri Avantaj pou sèvis ki otreman pa ta Sèvis Swen Sante ki Garanti. Lefèt ke Esponnsò Plan an fè sa nan nenpòt ka

espesyalman pa dwe nan okenn fason konsidere oblije pou Esponnsò Plan an fè sa nan lòt ka menm jan an.

## **Kiyès ki Bay Sèvis Administratif?**

Administratè Reklamasyon yo bay sèvis administratif pou reklamasyon oswa, dapre jan Administratè Reklamasyon yo detèmine, Administratè Reklamasyon yo ka fè aranjman pou divès moun oswa antite bay sèvis administratif reklamasyon, tankou tretman reklamasyon yo. Idantite founisè sèvis yo ak nati sèvis yo bay yo ka chanje detanzantan selon sa Administratè Reklamasyon yo detèmine. Administratè Reklamasyon yo pa oblije ba ou yon avi davans pou okenn nan chanjman sa yo, ni Administratè Reklamasyon yo pa oblije jwenn apwobasyon ou. Ou dwe kolabore ak moun oswa antite sa yo nan akonplisman responsablite yo.

## **Ki Avni plan an?**

Byenke Esponnsò Plan atann pou kontinye Plan an san yon peryòd tan fiks, li gen dwa pou sispann, chanje oswa modifye Plan annantye oswa an pati, nenpòt lè ak pou nenpòt rezon, dpre sèl desizyon li.

Desizyon Konpayi an pou sispann oswa pou chanje yon Plan gendwa akòz chanjman nan lwa federal oswa lwa Eta ki kontwole avantaj anplwaye yo, egzijans Kòd Revni Entèn oswa *Lwa 1974 sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye (Employee Retirement Income Security Act, ERISA)*, oswa pou nenpòt lòt rezon. Yon chanjman plan ka transfere byen ak dèt Plan yo nan yon lòt plan oswa divize yon plan an de oswa plis pati. Si Konpayi an chanje oswa mete fen nan yon plan, li ka deside mete an plas yon plan diferan pou bay avantaj menm jan oswa diferan.

Si yo sispann Plan sa a, Moun ki Asire yo p ap gen dwa a okenn lòt Avantaj nan Plan an, apa pou reklamasyon ki te fèt anvan dat anilasyon an, oswa jan li prevwa otreman nan Plan an. Anplis, si yo modifye Plan an, Moun ki Asire yo ka anba pwoteksyon asirans ak Avantaj ki modifye.

Montan ak fòm nenpòt avantaj final ou resevwa pral depann de nenpòt dokiman Plan oswa dispozisyon kontra ki afekte Plan an ak desizyon Konpayi an. Apre yo fin peye tout Avantaj yo epi yo te ranpli lòt egzijans lalwa yo, yo pral remèt bay Konpayi an ak lòt moun sèten aktif Plan an ki rete jan nenpòt lwa aplikab ka egzijè sa.

## **Amanman nan Plan an**

Nan limit lalwa otorize, Esponnsò Plan an gen dwa, jan li detèmine epi san apwobasyon ou, pou chanje, entèprete, retire oswa ajoute Avantaj oswa mete fen nan Plan an.

Nenpòt dispozisyon nan Plan an ki, nan dat li antre anvigè, nan konfli ak egzijans dispozisyon lwa Eta aplikab yo ke ERISA oswa lwa oswa règleman federal pa sispann otreman (nan jiridiksyon kote yo bay Plan an), dispozisyon sa yo amande pou konfòme yo avèk egzijans minimòm lwa ak règleman sa yo.

Pa gen okenn lòt chanjman ki ka fèt nan Plan an sòf si yo fèt avèk yon Amanman oswa yon SMM. Tout kondisyon annapre la yo aplike:

- Amanman nan Plan an anvigè pwochen dat anivèsè Plan an, eksepte jan lalwa otorize otreman.
- SMM yo nan Plan an anvigè nan dat Esponnsò Plan an presize.
- Okenn ajan pa gen otorite pou chanje Plan an oswa pou anile okenn dispozisyon Plan an.
- Okenn moun pa gen otorite pou fè okenn chanjman oswa amanman aloral nan Plan an.

## **Kijan Administratè Reklamasyon yo Itilize Enfòmasyon ak Dosye yo?**

Administratè Reklamasyon yo ka itilize enfòmasyon medikal ki ka idantifye moun pèsònèlman nan fason konsa:

- Pou administre Plan an ak peye reklamasyon yo.
- Pou idantifye pwosedi, pwodui oswa sèvis ki ka gen anpil valè pou ou.
- Dapre otorizasyon oswa egzijans lalwa otreman.

Administratè Reklamasyon yo ka mande ou enfòmasyon anplis pou deside sou reklamasyon ou pou Avantaj yo. Administratè Reklamasyon yo ap kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl. Administratè Reklamasyon yo ka itilize done tou ke yo rann anonim pou rezon komèsyal, sa gen ladan pou rechèch, jan lalwa otorize. Ou jwenn plis detay sou fason Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon ou nan *Avi sou Pratik Konfidansyalite* Administratè Reklamasyon yo.

Lè ou aksepte Avantaj nan Plan an, ou otorize epi òdone nenpòt moun oswa enstitisyon ki te ba ou sèvis pou yo bay Administratè Reklamasyon yo tout enfòmasyon oswa kopi dosye anrapò ak sèvis yo te ba ou yo. Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou mande enfòmasyon sa yo nan nenpòt moman rezonab. Sa aplike pou tout Moun ki Asire yo, sa gen ladan Depandan Enskri yo kit wi ou non yo te siyen fòm enskripsyon Patisipan an. UnitedHealthcare aksepte ke enfòmasyon ak dosye sa yo ap konsidere konfidansyèl.

Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou kominike dosye konsènan sèvis swen sante lè nenpòt nan sa ki annapre la yo aplike:

- Nesesè pou mete an plas ak administre kondisyon ki nan Plan an.
- Nesesè pou revizyon medikal oswa evalyasyon kalite.
- Dapre egzijans lwa oswa règleman.

Pandan ak apre peryòd Plan an, Administratè Reklamasyon yo ak antite anrapò ak Administratè Reklamasyon yo ka itilize ak transfere enfòmasyon ki te rasanble nan Plan an nan yon fòm ke yo rann anonim pou rezon komèsyal, sa gen ladan pou rezon rechèch ak analiz. Tanpri al gade nan *Avi sou Pratik Konfidansyalite* Administratè Reklamasyon yo.

Pou jwenn lis konplè dosye medikal ou oswa relve faktirasyon ou, ou ka kontakte founisè swen sante ou. Founisè yo ka faktire ou frè rezonab pou kouvri frè yo pou bay dosye oswa ranpli fòm ou mande yo.

Si ou mande Administratè Reklamasyon yo fòm oswa dosye medikal, Administratè a Reklamasyon ka fè ou peye frè rezonab tou kouvri depans pou ranpli fòm yo oswa pou bay dosye yo.

Nan sèten ka, jan lalwa pèmèt sa, Administratè Reklamasyon yo ap deziyen lòt moun oswa antite pou mande dosye oswa enfòmasyon ki konsène ou oswa ki anrapò ak ou, ak pou bay dosye sa yo si sa nesèsè. Reprèzantan Administratè Reklamasyon yo deziyen gen menm dwa sou enfòmasyon sa yo jan Administratè Reklamasyon yo.

## **Èske Plan an Egziye Egzamen Moun ki Asire yo?**

Sizoka gen yon kesyon oswa diskisyon konsènan dwa ou pou Avantaj yo, Esponnsò Plan an ka mande pou yon Doktè Rezo ke li chwazi egzamine ou sou frè Plan an.

## **Èske Konpansasyon Travayè Afekte?**

Avantaj yo bay nan Plan an pa ranplase ni pa afekte okenn egzijans pwoteksyon asirans konpansasyon travayè.

## Kijan Yo Peye Avantaj yo Lè Ou Kalifye pou Medicare?

Avantaj nan Plan an pa gen entansyon konplete okenn pwoteksyon asirans Medicare bay. Men, nan kèk sikonstans, Moun ki Asire ki kalifye oswa ki enskri nan Medicare kapab enskri tou nan Plan an.

Si ou kalifye oswa ou enskri nan Medicare, tanpri li enfòmasyon annapre la yo ak anpil atansyon.

Si ou kalifye pou Medicare sou yon baz primè (Medicare peye anvan Avantaj ki nan Plan an), ou dwe enskri epi konsève pwoteksyon asirans nan Medicare ni Pati A ni Pati B. Si ou pa enskri ak konsève pwoteksyon asirans sa a, epi si Plan Esponnsò Plan an se peyè segondè jan li dekri nan *Kowòdinasyon Avantaj yo*, Administratè Reklamasyon yo ap trete paman Avantaj Esponnsò Plan an nan Plan an kòm si ou te kouvri nan Medicare ni Pati A ni Pati B. Kòm rezilta, ou pral responsab pou frè ke Medicare ta peye yo epi ou pral gen yon gwo depans ki sot nan pòch.

Si ou enskri nan yon plan *Medicare Advantage* (Medicare Pati C) sou yon baz primè (Medicare peye anvan Avantaj nan Plan an), ou dwe swiv tout règle ki nan plan sa ki egzije pou ou chèche sèvis nan men founisè ki patisipe nan plan sa. Lè se Plan Esponnsò Plan an ki peyè segondè a, Administratè Reklamasyon yo pral trete paman Esponnsò Plan an pou nenpòt Avantaj ki disponib pou ou nan Plan an kòm si ou te swiv tout règle ki nan plan *Medicare Advantage* la. Ou pral responsab pou nenpòt lòt frè anplis oswa Avantaj redui ki genyen paske ou pa swiv règle sa yo, epi ou pral gen yon pi gwo depans ki Sot nan pòch ou.

## Sibwogasyon ak Ranbousman

Plan an gen dwa a sibwogasyon ak ranbousman. Lè yo di "ou" oswa "oumenm" nan seksyon Sibwogasyon ak Ranbousman sa a, I ap gen ladan oumenm, siksesyon ou ak eritye ak benefisyè, sòf si li deklare otreman.

Sibwogasyon aplike lè Plan an te peye Avantaj onon ou pou yon Maladi oswa Blesi ki sou responsablite prezime nenpòt tyès pati. Dwa sibwogasyon an vle di ke Plan an ranplase ak epi dwe resevwa tout reklamasyon legal sanzesepsyon ke ou ka gen dwa pou chèche kont nenpòt tyès pati pou Avantaj ke Plan an te peye anrapò ak Maladi oswa Blesi ki konsidere kòm etan responsablite tyès pati a.

*Egzanp Sibwogasyon:*

*Sipozon ou blese nan yon aksidan machin ki pa fèt ou, epi ou resevwa Avantaj nan Plan an pou trete blesi ou yo. Dapre sibwogasyon, Plan an gen dwa pou fè aksyon lajistis onon ou kont chofè ki te lakòz aksidan an ak konpayi asirans chofè sa pou li rekipere pri Avantaj sa yo.*

Dwa pou ranbousman an vle di ke si li prezime ke yon tyès pati te lakòz oswa responsab yon Maladi oswa Blesi epi ou resevwa yon règleman, jijman, oswa lòt rekipasyon nan men nenpòt tyès pati pou sa, ou dwe itilize pwodui sa yo pou remèt Plan an konplètman 100% nan nenpòt Avantaj ou resevwa pou Maladi oswa Blesi sa. Dwa pou ranbousman an dwe aplike pou nenpòt avantaj ou te resevwa nenpòt lè jiskaske dwa yo pa valab, rezoud oswa anile alekri.

*Egzanp Ranbousman:*

*Sipozon ou blese nan yon aksidan bato ki pa fèt ou, epi ou resevwa Avantaj nan Plan an akòz blesi ou yo. Anplis, ou resevwa yon règleman nan yon pwosedi lajisits nan men moun ki te lakòz aksidan an. Ou dwe itilize lajan règleman yo pou remèt Plan an 100% nenpòt Avantaj ou te resevwa pou trete blesi ou yo.*

Moun ak antite annapre la yo konsidere kòm tyès pati:

- Yon moun oswa yon antite ki prezime te lakòz ou soufri yon Maladi, Blesi oswa domaj, oswa ki responsab legalman pou Maladi, Blesi oswa domaj la.
- Nenpòt asirè oswa lòt antite ki bay konpasasyon pou nenpòt moun oswa antite ki prezime te lakòz oswa ki te lakòz Maladi, Blesi oswa domaj la.

## South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

- Patwon ou nan yon ka konpansasyon travayè oswa lòt zafè ki prezime responsablite.
- Nenpòt moun oswa antite ki oblije, oswa ki petèt oblije ba ou avantaj oswa peman, sa gen ladan avantaj oswa peman pou asirans otomobilis ki manke asirans oswa ki san asirans, asirans otomobil ki pa gade sou responsablite oswa asirans tradisyonèl, pwoteksyon asirans peman medikal (oto, pwopriyete kay oswa otremàn), asirans konpansasyon travayè, lòt konpayi asirans oswa administratè tyès pati.
- Nenpòt moun oswa antite ou ka gen nenpòt reklamasyon kont li pou fot pwofesyonèl ak/oswa jiridik ki soti nan oswa ki konekte ak yon Maladi oswa Blesi ou prezime oswa ki te ka prezime kòm etan responsablite nenpòt tyès pati.
- Nenpòt moun oswa antite ki responsab pou peye ou selon nenpòt teyori responsablite ekitab oswa legal.

Ou dakò nan fason konsa:

- Ou pral kolabore avèk Plan an pou pwoteje dwa legal ak ekitab Plan an genyen pou sibwogasyon ak ranbousman nan bon moman, sa gen ladan, men se pa sa sèlman:
  - Enfòm Plan an, alekri, sou nenpòt posiblite reklamasyon legal ou ka genyen kont nenpòt tyès pati pou zak ki te lakòz Avantaj ki dwe peye oswa ki vin peyab.
  - Bay nenpòt enfòmasyon aplikab Plan an mande.
  - Siyen ak/oswa livre dokiman jan Plan an oswa ajan Plan an mande yon fason rezonab pou garanti sibwogasyon ak ranbousman reklamasyon an.
  - Reponn demann pou enfòmasyon sou nenpòt aksidan oswa blesi.
  - Parèt nan tribinal.
  - Jwenn konsantman Plan an oswa konsantman ajan Plan an anvan ou retire sou do nenpòt pati responsablite oswa peman depans medikal yo.
  - Konfòmite ak kondisyon ki nan seksyon sa a.

Si ou pa kolabore ak Plan an, sa konsidere kòm yon vyolasyon kontra. Kidonk, Plan an gen dwa pou mete fen oswa refize Avantaj alavni, pran aksyon lajistis kont ou, ak/oswa rekipere nan nenpòt Avantaj alavni valè Avantaj Plan an te peye anrapò ak nenpòt Maladi oswa Blesi ke nenpòt tyès pati swadizan te lakòz, oswa te lakòz, nan limit rekouvremàn ke Plan an pa te rive fè poutèt oumenm oswa reprezantan ou pa kolabore avèk Plan an. Si Plan an fè frè ak frè avoka pou kolekte lajan règleman tyès pati ke oumenm oswa reprezantan ou te kenbe, Plan an gen dwa pou rekipere frè ak depans sa yo nan men ou. Ou pral oblije peye tou enterè sou nenpòt montan ou kenbe ke ou te dwe retounen bay Plan an.

- Plan an gen yon dwa premye priyorite pou resevwa peman nan nenpòt reklamasyon kont nenpòt tyès pati anvan ou resevwa peman nan men tyès pati sa. Anplis, dwa premye priyorite Plan an pou peman siperyè parapò tout reklamasyon, dèt oswa privilèj sanzesepsyon ki revandike pa nenpòt founisè medikal, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, Lopital oswa etablisman tretman dijans, ki revandike yon dwa pou peman apati lajan ki peyab oswa ki rekipere nan yon prezime lòt pati ki gen responsablite ak/oswa konpayi asirans.
- Dwa sibwogasyon ak ranbousman Plan an aplike pou règleman, jijman, oswa lòt rekouvremàn total ak pasyèl ke yo peye oswa ki peyab pou oumenm oswa reprezantan ou, siksesyon ou, eritye ak benefisyè ou, kèlkeswa jan montan sa yo lejande oswa karakterize. Peman yo gen ladan, men se pa sa sèlman, domaj ekonomik, non-ekonomik, lajan, konsòsyòm ak domaj pinitif. Plan an pa oblije ede ou pouswiv reklamasyon ou pou domaj oswa blesi pèsonèl epi okenn montan frè asosye, sa gen ladan frè avoka, p ap dedui nan rekouvremàn Plan an san konsantman Plan an alekri aklè.



Okenn sa yo rele "Doktrin Fon" oswa "Doktrin Fon Komen" oswa "Doktrin Fon Avoka" p ap anile dwat sa a.

- Kèlkeswa si yo te endamnize ou konplètman, oswa konpase ou, Plan an ka kolekte nan men ou tout pwodui rekouvreman konplè oswa pasyèl ke oumenm oswa reprezantan legal ou jwenn, kite se sou fòm yon règleman (swa anvan oswa apre nenpòt desizyon sou responsablite) oswa jijman, kèlkeswa jan montan sa yo lejande oswa karakterize. Pwodui ke Plan an ka kolekte ladann gen ladan, men se pa sa sèlman, domaj ekonomik, non-ekonomik, ak pinitif. Okenn règ "sous kolateral", okenn "doktrin konpansasyon" oswa reklamasyon "doktrin konpansasyon", reklamasyon anrichisman san kòz, ni okenn lòt limitasyon ekitab p ap limite dwa sibwogasyon ak ranbousman Plan an.
- Avantaj Plan an peye ka konsidere tou kòm avans Avantaj.
- Si ou resevwa nenpòt peman nan men nenpòt pati kòm rezilta Maladi oswa Blesi, epi Plan an pretann ke yo dwe Plan an enpe oswa tout lajan sa, oumenm ak/oswa reprezantan ou dwe kenbe lajan sa nan fidisi, swa nan yon kont labank apa nan non ou oswa nan kont fidisi reprezantan ou.
- Lè ou patisipe ladan epi ou aksepte Avantaj ki nan Plan an, ou aksepte ke (i) nenpòt montan ou rekipere nan men nenpòt tyès pati ap reprezante byen Plan (nan limit montan Avantaj yo bay onon Moun ki Asire a), (ii) oumenm ak reprezantan ou yo pral fidisyè Plan an (nan sans ERISA) pou sa ki konsène montan sa yo, epi (iii) ou pral responsab epi aksepte peye nenpòt depans ak frè (sa gen ladan frè avoka rezonab) ke fèt pa Plan an fè pou egzès dwa ranbousman li yo.
- Dwa Plan pou rekouvreman an p ap redui akòz pwòp neglijan ou.
- Lè ou patisipe ak aksepte Avantaj nan Plan an, ou dakò pou ou asiyen bay Plan an nenpòt avantaj, reklamasyon oswa dwa rekouvreman ou genyen nan nenpòt Plan otomobil - tankou avantaj ki pa gade sou responsablite, avantaj PIP ak/oswa avantaj peman medikal - lòt pwoteksyon asirans oswa lòt pwoteksyon asirans kont nenpòt tyès pati, nan tout limit Avantaj Plan an te peye pou Maladi oswa Blesi an. Lè ou aksepte pou bay transfè dwa sa a ann echanj pou patisipasyon ak akseptasyon avantaj yo, ou admèt ak rekonèt dwa Plan an pou afime, pouswiv ak rekipere nenpòt reklamasyon sa yo, kit wi ou non ou chwazi pou fè reklamasyon an, epi ou aksepte ke transfè sa a volontèman.
- Plan an kapab, jan li chwazi, pran mezi ki nesèsè ak apwopriye pou prezève dwa Plan an dapre dispozisyon sa yo, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, bay oswa fè echanj enfòmasyon sou peman medikal avèk yon asirè, reprezantan legal asirè a oswa lòt tyès pati; fè yon pwosè pou ranbousman ERISA pou rekipere tout montan total avantaj medikal ou resevwa pou Maladi oswa Blesi a apati nenpòt règleman, jijman oswa lòt rekouvreman nan men nenpòt tyès pati ki konsidere kòm responsab; fè yon pwosè lajistis onon ou oswa onon siksesyon ou, sa ki pa oblije Plan an nan okenn fason peye ou yon pati nan nenpòt rekouvreman Plan ta ka jwenn. Nenpòt pwosè ranbousman ERISA ki vin genyen akòz yon refi pou ranbouse Avantaj dapre egzijans kondisyon ki nan Plan an kontwole ak yon lwa delè limit sis ane.
- Ou pa kapab aksepte okenn règleman ki pa ranbouse Plan an konplètman, san apwobasyon alekri Plan an.
- Plan an gen otorite ak diskresyon pou rezoud tout diskisyon konsènan entèpretasyon pawòl ki endike nan dokiman sa a.
- Nan ka lanmò ou, ki vin lakòz nenpòt reklamasyon pou lanmò akòz yon fèt ak reklamasyon pou sivi, dispozisyon ki nan seksyon sa a aplike pou siksesyon ou, reprezantan pèsone siksesyon ou, ak eritye oswa benefisyè ou yo. Nan ka lanmò ou, dwa Plan an pou ranbousman ak dwa pou sibwogasyon ap aplike si yon reklamasyon fèt onon ou oswa siksesyon ou ki ka gen ladan yon reklamasyon pou depans medikal oswa domaj pase. Obligasyon pou ranbouse Plan an pa anile ak yon liberasyon reklamasyon ni okenn kalite akò règleman.

- Okenn alokasyon domaj ak enterè, lajan règleman oswa nenpòt lòt rekouvremant, ke oumenm, siksesyon, reprezantan pèsonel siksesyon ou, eritye ou, benefisyè ou oswa nenpòt lòt moun oswa pati, p ap valab si li pa ranbouse Plan an pou 100% enterè Plan an, sòf si Plan an bay konsantman alekri pou alokasyon an.
- Dispozisyon ki nan seksyon sa a aplike pou paran, gadyen, oswa lòt reprezantan yon timoun Depandan ki gen yon Maladi oswa Blesi nenpòt tyès pati te lakòz. Si yon paran oswa gadyen ka fè yon reklamasyon pou domaj ki rive soti nan Maladi oswa Blesi yon minè, kondisyon ki klòz sibwogasyon ak ranbousman sa a ap aplike pou reklamasyon sa.
- Si nenpòt tyès pati lakòz oswa prezime te lakòz ou soufri yon Maladi oswa Blesi pandan ou asire nan Plan an, dispozisyon ki nan seksyon sa a kontinye aplike, menm apre ou pa asire ankò.
- Sizoka ou pa respekte kondisyon ki nan Plan an konsènan ranbousman, Plan an ka mete fen nan Avantaj yo pou oumenm, depandan ou oswa patisipan an, refize Avantaj alavni, pran aksyon lajistis kont ou, ak/oswa rekipere nan nenpòt Avantaj alavni valè Avantaj Plan an te peye anrapò ak nenpòt Maladi oswa Blesi ke nenpòt tyès pati swadizan te lakòz, oswa te lakòz, nan limit rekouvremant ke Plan an pa te rive fè poutèt ou pa respekte kondisyon ki nan Plan an. Si Plan an fè frè ak frè avoka pou kolekte lajan règleman tyès pati ke oumenm oswa reprezantan ou te kenbe, Plan an gen dwa pou rekipere frè ak depans sa yo nan men ou. Ou pral oblije peye tou enterè sou nenpòt montan ou kenbe ke ou te dwe retounen bay Plan an.
- Plan an ak tout Administratè yo ki administre kondisyon jeneral dwa sibwogasyon ak ranbousman Plan an gen pouvwa ak devwa ki nesèsè pou egzekite devwa ak fonksyon li yo, ki gen ladan egzèsè otorite desizyon Plan pou (1) entèprete ak fè respekte kondisyon dwa ranplasman ak ranbousman Plan an ak (2) fè detèminasyon pou sa ki konsène montan ranplasman ak ranbousman yo dwe Plan an.

## **Kilè Plan an Resevwa Ranbousman Peman Anplis yo?**

Si Plan an peye Avantaj pou depans ki fèt pou ou, oumenm, oswa nenpòt lòt moun oswa òganizasyon yo te peye, dwe fè yon ranbousman bay Plan an si nenpòt nan sa ki annapre la yo aplike:

- Ou pa te peye tout oswa enpe nan depans yo oswa ou pa te oblije legalman peye yo.
- Tout oswa enpe nan peman Plan an fè te depase Avantaj ki nan Plan an.
- Tout oswa enpe nan peman an te fèt pa erè.

Ranbousman an egal ak montan Plan an peye anplis parapò montan Plan an te dwe peye dapre Plan an. Si se yon lòt moun oswa òganizasyon ki dwe ranbousman an, ou dakò ede Plan an jwenn ranbousman an lè li mande sa.

Si se ou ki dwe ranbousman an epi ou pa ranbouse touswit montan konplè a, pou rekipere peman anplis la, Plan an ka reyafekte montan anplis pou ranbouse a, annantye oswa an pati, apati Avantaj alavni ou ki peyab dapre Plan an. Si se yon moun oswa yon òganizasyon ki pa oumenm ki dwe ranbousman an, pou rekipere peman anplis la, Plan an ka reyafekte peman anplis la, annantye oswa an pati; (i) pou Avantaj alavni ki peyab anrapò avèk sèvis yo bay lòt Moun ki Asire nan Plan an; oswa (ii) pou Avantaj alavni ki peyab anrapò avèk sèvis yo bay moun nan lòt plan ke Administratè Reklamasyon yo trete peman pou yo, dapre yon tranzaksyon kote nan tranzaksyon an yo afekte dwa rekouvremant peman anplis Plan an bay lòt plan yo ann echanj pou lòt plan sa yo remèt montan peman ki reyafekte a.

Rediksyon yo ap egal ak montan ranbousman ki dwe fèt la. Plan an ka gen lòt dwa anplis dwa pou redui avantaj pi devan yo.

## Èske Gen yon Limit pou Aksyon?

Ou pa ka fè okenn aksyon lajistis kont Plan an oswa Administratè Reklamasyon yo pou rekipere ranbousman jiskaske ou fini ak tout etap yo nan pwosesis apèl la ki dekri nan *Kesyon, Plent ak Apèl*. Apre ou fini ak pwosesis sa a, si ou vle fè yon aksyon lajistis kont Plan an oswa Administratè Reklamasyon yo, ou dwe fè sa nan twa zan oplita apati dat Plan an enfòmè ou pou desizyon final li sou apèl ou an, sinon ou pèdi nenpòt dwa pou fè yon aksyon konsa kont Plan an oswa Administratè Reklamasyon yo.

Pwosesis apèl la dekri nan *Kesyon, Plent ak Apèl*. Ou pa ka fè okenn aksyon lajistis kont Plan an oswa Administratè Reklamasyon yo pou rekipere ranbousman jiskaske ou te soumèt prèv alekri pou pèt epi ou te tann 60 jou. Okenn aksyon lajistis pa ka fèt apre ekspirasyon delè limit aplikab la apati moman kote yon prèv alekri pou pèt oblije bay.

## Tèm Defini yo

**Administratè Reklamasyon** - òganizasyon ki bay sèten sèvis administrasyon reklamasyon ak lòt sèvis pou Plan an.

**Ajans Sante Kay** - yon pwogram oswa yon òganizasyon lalwa otorize bay sèvis swen sante nan kay.

**Amannman** - nenpòt deskripsyon alekri nan anèks ki ajoute nan dispozisyon Plan an oswa ki chanje yo. Li anvigè sèlman lè Esponnsò Plan an oswa Administratè Plan an distribiye li. Li depann de tout kondisyon, limit ak esklizyon ki nan Plan an, sòf pou sa yo ki amande yon fason byen presi.

**Anomali Konjenital** - yon defo devlopman fizik ki prezan nan moman nesans, e ke yo idantifye nan premye douz mwa yo apre nesans.

**Antite Distribisyon Deziyen** - yon famasi oswa lòt founisè ki te pase yon kontra avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk yon òganizasyon ki fè kontra onon Administratè Reklamasyon yo, pou bay Pwodui Famasetik pou tretman maladi oswa pwoblèm medikal presi. Se pa tout famasi Rezo oswa founisè Rezo ki Antite Distribisyon Deziyen.

**Aparèy Mobilite** - Yon chèz woulant manyèl, chèz woulant elektrik, chèz transfè oswa scooter.

**Avantaj** - dwa ou pou jwenn peman pou Sèvis Swen Sante Garanti ki disponib dapre Plan an.

**Avantaj andeyò Rezo** - deskripsyon sou fason yo peye Avantaj yo pou Sèvis Swen Sante Garanti ke founisè andeyò Rezo yo founi. *Lis Avantaj yo* ap fè ou konnen si Plan ou a ofri Avantaj Andeyò Rezo ak kijan Avantaj Andeyò Rezo yo aplike.

**Avantaj Rezo** - deskripsyon sou fason yo peye Avantaj yo pou Sèvis Swen Sante Garanti ke founisè Rezo yo founi. *Lis Avantaj yo* ap fè ou konnen si Plan ou an ofri Avantaj Rezo ak kijan Avantaj Rezo yo aplike.

**Avantaj Rezo Deziyen** - deskripsyon sou fason yo peye Avantaj yo pou sèten Sèvis Swen Sante Garanti ke yon founisè oswa yon etablisman founi ke Administratè Reklamasyon yo te idantifye kòm Founisè Deziyen. *Lis Avantaj yo* ap fè ou konnen si plan ou a ofri Avantaj Andeyò Rezo Deziyen ak kijan yo aplike.

**Blesi** - domaj nan kò, sa gen ladan tout pwoblèm medikal ak sentòm asosye yo.

**Chanm Semi-prive** - yon chanm ki gen de kabann oswa plis. Lè yon Sejou Pasyan entène nan yon Chanm Semi-Prive se yon Sèvis Swen Sante Garanti, diferans nan pri ant yon Chanm Semi-Prive ak yon chanm prive se yon Avantaj sèlman lè yon chanm prive Nesesè pou rezon medikal, oswa lè yon Chanm Semi-Prive pa disponib.

**Dediktib Anyèl** - total Montan Otorize ke ou dwe peye pou Sèvis Swen Sante Garanti yo pou chak ane anvan Plan an kòmanse peye pou Avantaj yo. Li pa gen ladan okenn montan ki depase Montan Otorize yo. *Lis Avantaj yo* ap endike ou si plan ou an anba yon peman Dediktib Anyèl ak kijan li aplike.

**Doktè** - nenpòt *Doktè an Medsin* oswa *Doktè nan Osteopati* ke lalwa otorize ak kalifye kòrèkteman.

Tanpri Konnen: Nenpòt ki podyat, dantis, sikològ, kiwopratisyen, optometris, oswa lòt founisè ki aji nan kad pèmi li ap konsidere sou menm baz ak yon Doktè. Lefèt ke Administratè Reklamasyon yo dekri yon founisè kòm yon Doktè pa vle di ke Avantaj pou sèvis nan men founisè sa disponib pou ou nan Plan an.

**Doktè Swen Jeneral** - yon Doktè ki gen yon majorite pratik li nan pedyatri jeneral, medsin entèn, obstetrik/jinekoloji, medsin famiyal oswa medsin jeneral.

**Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME)** - ekipman medikal ki gen tout sa ki annapre la yo:

- Yon Doktè òdone oswa bay li pou pasyan ekstèn itilize sitou nan yon anviwònman kay.
- Itilize pou rezon medikal.
- Pa konsomab oswa jetab eksepte jan sa nesèsè pou itilizasyon efikas DME ki garanti.
- Pa pou yon moun itilize si pa gen yon maladi oswa andikap.
- Sèvi yon objektif medikal pou tretman yon Maladi oswa Blesi.
- Itilize esansyèlman nan kay.

**Espesyalis** - yon Doktè ki gen yon majorite pratik li nan lòt domèn pase pedyatri jeneral, medsin entèn, obstetrik/jinekoloji, medsin familyal oswa medsin jeneral.

**Esponnsò Plan** - patwon an, oswa lòt gwoup defini oswa etabli otreman legalman, ke yo emèt Plan an pou li. Dispozisyon "Kisa *Deskripsyon Rezime Plan an Ye?*" a nan SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS lan ap endike ou kiyès ki Esponnsò Plan pou Plan sa a.

**Etablisman ki baze nan Lopital** - yon etablisman pasyan ekstèn ki founi sèvis epi soumèt reklamasyon kòm yon pati nan yon Lopital.

**Etablisman Otonòm** - yon sant pasyan ekstèn, dyagnostik oswa anbilatwa oswa laboratwa endepandan ki reyalize sèvis epi soumèt reklamasyon apa parapò yon Lopital.

**Etablisman Reyadaptasyon Pasyan entènè** - nenpòt nan sa ki annapre la yo ki bay sèvis swen sante pou pasyan ki entènè (sa gen ladan terapi fizik, terapi okipasyonèl ak/oswa terapi lapawòl), jan lalwa otorize:

- Yon sant reyadaptasyon egi alontèm,
- Yon Lopital, oswa
- Yon inite espesyal nan yon Lopital ki deziyen kòm yon Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entènè.

**Etablisman Swen Enfimye Kalifye** - yon Lopital oswa etablisman swen enfimye ki otorize ak opere jan lalwa egzije.

**Founisè Deziyen** - yon founisè ak/oswa etablisman ki:

- Te pase yon kontra avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk yon òganizasyon ki fè kontra onon Administratè Reklamasyon yo, pou bay Sèvis Swen Sante Garanti pou tretman maladi oswa pwoblèm medikal byen presi; oswa
- Administratè Reklamasyon yo te idantifye pa mwayen pwogram deziyasyon Administratè Reklamasyon yo kòm yon Founisè Deziyen. Deziyasyon sa ka aplike pou tretman, pwoblèm mediakl ak/oswa pwosedi byen presi.

Yon Founisè Deziyen gendwa sitiye oswa pa sitiye nan zòn jeyografik ou. Se pa tout Lopital Rezo oswa Doktè Rezo yo ki Founisè Deziyen.

Pou konnen si founisè ou an se yon Founisè Deziyen, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Founisè Rezo Vityèl Deziyen** - yon founisè oswa etablisman ki te pase yon kontra avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk yon òganizasyon ki fè kontra onon Administratè Reklamasyon yo, pou bay Sèvis Swen Sante Garanti yo pa mwayen teknoloji odyo ak videyo andirèk.

**Frè Sèvis** - frè peryodik yo egzije pou chak Patisipan ak chak Depandan Enskri, dapre kondisyon yo nan Plan an.

**Gwosès** - gen ladan tout sa ki annapre la yo:

- Swen prenatal.
- Swen apre akouchman.
- Akouchman.
- Nenpòt komplikasyon ki asosye avèk Gwosès.

**Ko-Asirans** - frè, ki endike kòm yon pousantaj nan Montan Otorize a, ke ou oblije peye pou sèten Sèvis Swen Sante Garanti.

**Komite Jesyon Lis Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug List, PDL)** - komite ke Administratè Reklamasyon yo deziyen, nan pami lòt responsablite, ki mete Pwodui Famasetik yo nan nivo byen presi.

**Konsèy Jenetik** - konsèy yon klinisyen kalifye bay, ki gen ladan:

- Idantifye risk potansyèl ou pou maladi jenetik yo sispèk;
- Yon diskisyon endividalize sou avantaj, risk ak limit Tès Jenetik pou ede ou pran desizyon reflechi sou Tès Jenetik; ak
- Entèpretasyon rezilta Tès Jenetik yo pou gide desizyon sante yo.

Konseye jenetik sètifye, jenetisyen medikal ak doktè ki gen sètifikasyon yon sosyete pwofesyonèl ke yo te swiv fòmasyon avanse nan jenetik konsidere kòm klinisyen kalifye lè Sèvis Swen Sante Garanti pou Tès Jenetik bezwen Konsèy Jenetik.

**Kopeman** - frè, ki endike kòm yon montan dola fiks, ke ou oblije peye pou sèten Sèvis Swen Sante Garanti yo.

Tanpri konnen pou Sèvis Swen Sante Garanti yo, ou responsab pou peye montan ki pi piti nan sa ki annapre la yo:

- Kopeman an.
- Montan Otorize a.

**Limit ki Sot nan Pòch** - montan maksimòm ou peye chak ane. *Lis Avantaj* yo ap endike ou si plan ou an anba yon Limit ki Sot nan pòch ak kijan Limit ki Sot nan pòch lan aplike.

**Lopital** - yon enstitisyon ki opere jan lalwa egzije epi ki ranpli toude kondisyon ki annapre la yo:

- Li se angaje sitou nan bay pasyan entène yo sèvis swen sante, pou swen dire kout, epi tretman pou moun ki blese oswa malad. Yon estaf Doktè bay oswa sipèvize swen yo nan etablisman medikal, dyagnostik ak chirijikal.
- Li gen sèvis swen enfimye 24 sou 24.
- Komisyon Miks Akreditasyon Òganizasyon Swen Sante oswa American Osteopathic Hospital Association akredite li antanke Lopital.

Yon Lopital pa sitou yon kote pou repo, Swen Debaz oswa swen moun aje. Li pa yon etablisman swen enfimye, mezon konvalesans oswa enstitisyon menm jan.

Remak: Si sèvis yo se espesyalman pou tretman yon andikap fizik ke yo bay nan yon Lopital otorize, ki gen akreditasyon Komisyon Miks sou Akreditasyon Òganizasyon Swen Sante, Asosyasyon Osteyopati Ameriken oswa Komisyon sou Akreditasyon Etablisman Reyadaptasyon yo, yo p ap refize peman pou sèvis sa yo senpleman paske Lopital sa manke enstalasyon chirijikal majè oswa li gen aspè reyadaptasyon prensipalman. Rekonesans etablisman annapre la yo pa elaji pòte Sèvis Swen Sante Garanti nan Plan an. Li agrandi sèlman anviwònman kote yo ka bay Sèvis Swen Sante Garanti yo.

**Lòt Etablisman** - yon etablisman swen sante ki pa yon Lopital. Li bay youn oswa plizyè nan sèvis annapre la yo sou yon baz pasyan ekstèn, jan lalwa pèmèt sa:

- Sèvis chirijikal.
- Sèvis Swen Sante Dijans.
- Sèvis reyadaptasyon, laboratwa, dyagnostik oswa terapetik.

Li ka bay tou Sèvis Swen Sante Mantal oswa Sèvis pou Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon sou baz pasyan ekstèn oswa pasyan entène.

**Maladi** - maladi fizik, pwoblèm medikal oswa Gwosès. Tèm Maladi ke yo itilize nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a gen ladan Maladi Mantal oswa twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon, kèlkeswa kòz oswa orijin Maladi Mantal la oswa twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon an.

**Maladi Mantal** - kategori dyagnostik sante mantal ak sikyatrik ki endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken* an. Lefèt ke yon pwoblèm medikal endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken* an pa vle di ke tretman pou pwoblèm medikal la se yon Sèvis Swen Sante Garanti.

**Manman Pòtez** - yon fanm ki vin ansent òdinèman ak enseminasyon atifisyèl oswa transfè yon ze fekonde (anbriyon) pou li pote fetis la pou yon lòt moun. Manman pòtez lan bay ze a, pakonsekan li fanmi sou plan biyolojik (jenetikman) ak timoun lan.

**Medicaid** - yon pwogram federal ke gouvènman Eta ak teritwa patisipan yo administre ak opere apa. Pwogram lan bay avantaj medikal pou moun revni fèb ki kalifye ki bezwen swen sante. Gouvènman federal ak gouvènman Eta yo pataje depans yo pou pwogram lan.

**Medicare** - Pati A, B, C ak D nan pwogram asirans ki etabli dapre Tit XVIII, *Lwa sou Sekirite Sosyal Etazini*, nan vèsyon amande li a dapre 42 Seksyon U.S.C. 1394, e swivan. ak jan li modifeye pita.

**Montan Otorize** - pou Sèvis Swen Sante Garanti yo, ki fèt pandan peryòd Plan an anviè, Administratè Reklamasyon yo detèmine Montan Otorize yo jan sa endike nan *Lis Avantaj* yo.

Yo detèmine Montan Otorize yo sèlman annakò avèk machaswiv politik ranbousman Administratè Reklamasyon yo. Administratè Reklamasyon yo devlope direktiv annapre la yo, jan Administratè Reklamasyon yo detèmine, apre li egzamine tout fakti founisè yo dapre youn oswa plizyè nan metodoloji annapre la yo:

- Jan sa endike nan edisyon pi resan *Tèminoloji Aktyèl pou Pwosedi* yo, yon piblikasyon *Asosyasyon Medikal Ameriken, ak/oswa Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS)*.
- Jan pwofesyonèl oswa piblikasyon yo rekonèt anjeneral yo rapòte yo.
- Jan yo itilize yo pou Medicare.
- Jan estaf medikal ak konsiltan medikal deyò detèmine yo dapre lòt sous apwopriye oswa detèminasyon ke Administratè Reklamasyon yo aksepte.

**Moun ki Asire** - Patisipan an oswa yon Depandan, men tèm sa a aplike sèlman pandan moun lan enskri nan Plan an. Esponnsò Plan an itilize "ou" ak "oumenm" ak "w" nan sètifika *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a pou pale de yon Moun ki Asire.

**Nesesè pou rezon medikal** - sèvis swen sante ke yo bay nan bi pou anpeche, evalye, fè dyagnostik oswa trete yon Maladi, Blesi, Maladi Mantal, twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon, pwoblèm medikal, maladi oswa sentòm maladi a, ki se tout nan sa ki annapre la yo dapre desizyon Administratè Reklamasyon yo oswa reprezantan Administratè Reklamasyon yo.

- Dapre *Prensip Pratik Medikal yo Aksepte Anjeneral*.
- Apwopriye sou plan klinik, pou sa ki konsène kalite, kantite fwa, limit, anplasman ak dire, epi ki konsidere efikas pou Maladi, Blesi, Maladi Mantal, twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon, maladi oswa sentòm maladi a.
- Pa sitou pou fasilite ou oswa pou avantaj doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante.
- Pa koute pi chè pase yon lòt medikaman, sèvis (yo) oswa founiti ki omwen gendwa pwodui rezilta terapetik oswa dyagnostik ki egal konsènan dyagnostik oswa tretman Maladi, Blesi, pwoblèm medikal oswa sentòm ou yo.

*Prensip Pratik Medikal yo Aksepte Anjeneral* se prensip ki baze sou prèv syantifik fyab yo pibliye-dokiman medikal revize yo rekonèt anjeneral nan kominote medikal enpòtan, ki depannde esè klinik kontwole yo sitou, oswa, si yo pa disponib, etid pou obsèvasyon nan plis pase yon enstitisyon ki sijere yon relasyon kozal ant sèvis la oswa tretman an ak rezilta swen sante a.

Si pa gen prèv syantifik fyab ki disponib, lè sa nou ka konsidere prensip ki baze sou rekòmandasyon sosyete espesyalite Doktè oswa prensip pwofesyonèl swen sante. Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou konsilte pwendvi espè lè l ap detèmine si sèvis swen sante yo Nesèsè pou Rezon Medikal. Desizyon pou aplike rekòmandasyon sosyete espesyalite Doktè, chwa espè ak detèminasyon lè pou itilize nenpòt pwendvi ekspè, dwe detèmine pa Administratè Reklamasyon yo.

Administratè Reklamasyon yo devlope ak mentni politik klinik ki dekri prèv syantifik *Prensip Pratik Medikal yo Aksepte Anjeneral*, estanda medikal ak direktiv klinik ki anviè ki soutni desizyon Administratè Reklamasyon yo konsènan sèvis byen presi. Politik klinik sa yo (jan Administratè Reklamasyon yo devlope yo ak revize yo detanzantan), disponib pou Moun ki Asire yo an pasan pa [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Yo disponib tou pou Doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante sou [UnitedHealthcareOnline](http://UnitedHealthcareOnline.com).



**Nouvo Pwodui Famasetik** - yon Pwodui Famasetik oswa nouvo fòm dòz yon Pwodui Famasetik ki apwouve deja. Li aplike pou peryòd tan ki kòmanse nan dat *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* apwouve Pwodui Famasetik la oswa nouvo fòm dòz la epi ki fini dat ki avan nan pami dat annapre la yo:

- Dat Komisyon Administrasyon PDL Administratè Reklamasyon yo mete li nan yon nivo.
- 31 Desanm nan ane sivil annapre a.

**Ospitalizasyon Pasyèl/Tretman Lajounen** - yon pwogram anbilatwa estriktire. Pwogram lan kapab otonòm oswa baze nan Lopital epi li bay sèvis pandan omwen 20 èdtan pa semèn.

**Patisipan** - yon Patisipan Patwon an a plentan ki ranpli egzijans kalifikasyon ki presize nan Plan an. Yon Patisipan dwe viv ak/oswa travay Ozetazini.

**Plan** - Plan avantaj swen sante kolektif Oto-Finanse Esponnsò Plan an.

Dispozisyon "Kisa *Deskripsyon Rezime Plan an Ye?*" a nan SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS lan ap endike ou kiyès ki Esponnsò Plan pou Plan sa a.

**Pòtez Jestasyonèl** - Yon Pòtez Jestasyonèl se yon fi ki vin ansent ze fekonde (anbriyon) ke yo enplante nan matris li nan bi pou li pote fetis la pou yon lòt moun jiska fen yon gwosès konplè. Se pa pòtez lan ki pa bay ze a, pakonsekan pa fanmi sou plan biyolojik (jenetikman) ak timoun lan.

**Pwoblèm Medikal Dijans** - yon pwoblèm medikal, sa gen ladan Blesi, Maladi oswa Maladi Mantal ki manifeste poukont li atravè sentòm grav toudentou ki sifizaman gravite, ki ka gen ladan doulè grav oswa lòt sentòm grav toudenkou, ki fè si pa gen swen medikal ki bay touswit, sa ta abouti yon fason rezonab nan nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Danje grav pou sante yon pasyan, sa gen ladan yon fanm ansent oswa yon fetis.
- Deteryorasyon grav nan fonksyon kòporèl li yo.
- Malfonksyonman grav nan nenpòt ògàn oswa pati kò a.

Pou sa ki konsène yon fanm ansent:

- Ke pa gen ase tan pou òganize yon transfè san danje nan yon lòt Lopital anvan akouchman an;
- Ke yon transfè ka poze yon menas pou sante ak sekirite pasyan an oswa fetis la; oswa
- Ke gen prèv ki montre kòmansman ak pèsistans kontraksyon matris oswa kase lezo.

**Pwodui Famasetik (yo)** - Medikaman sou preskripsyon, pwodui oswa aparèy ke *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* apwouve ke yon Doktè bay anrapò avèk yon Sèvis Swen Sante Garanti.

**Pwogram Epay Pataje** - yon pwogram kote Administratè Reklamasyon yo ka jwenn yon rabè sou frè yon founisè andeyò Rezo faktire. Anjeneral rabè sa a baze sou yon lis founisè andeyò Rezo a deja aksepte. Lè sa rive, ou ka jwenn montan ki pi ba ki sot nan pòch ou. Ko-asirans ak nenpòt dediktib aplikab t ap toujou aplike nan frè redui a. Dispozisyon Plan an oswa pratik administratif ranplase to ki prevwa a, epi Administratè Reklamasyon yo detèmine yon to diferan. Nan ka sa a, founisè andeyò Rezo a ka faktire ou pou diferans ki genyen ant montan faktire a ak to Administratè Reklamasyon yo detèmine an. Si sa rive, ou dwe rele nimewo telefòn ki endike sou kat ID ou an. Founisè Pwogram Epay Pataje yo pa founisè Rezo epi yo pa gen akreditasyon Administratè Reklamasyon yo.

**Pwosedi Kosmetik** - pwosedi oswa sèvis ki chanje oswa ki amelyore aparans san yo pa amelyore fonksyon fizyolojik anpil.

**Reprezantan pou Sante Mantal/ Twoub Asosye ak Sibstans ak Adiksyon** - òganizasyon oswa moun, ke Administratè Reklamasyon yo deziyen, ki bay oswa ki fè aranjman pou Sèvis Swen Sante Mantal ak Sèvis pou Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon.

**Rezo** - lè yo itilize li pou dekri yon founisè sèvis swen sante, sa vle di yon founisè ki gen yon akò patisipasyon anvigè (swa dirèkteman oswa endirèkteman) avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk afilye Administratè Reklamasyon yo pou li patisipe nan Rezo Administratè Reklamasyon yo. Sa pa gen ladan founisè sa yo ki te dakò pou fè rabè nan frè yo faktire pou Sèvis Swen Sante Garanti yo pa mwayen patisipasyon yo nan Pwogram Epay Pataje a. Afilye Administratè Reklamasyon yo se enstitisyon sa yo ki afilye avèk Administratè Reklamasyon yo pa mwayen pwopriyete oswa kontwòl avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk sosyete paran prensipal Administratè Reklamasyon yo, sa gen ladan filyal dirèk ak endirèk yo.

Yon founisè Rezo gendwa pase yon kontra pou founi sèlman sèten Sèvis Swen Sante Garanti, pa tout Sèvis Swen Sante ki Garanti yo, oswa pou li yon founisè Rezo pou sèlman kèk nan pwodui Administratè Reklamasyon yo. Nan ka sa a, founisè a pral yon founisè Rezo pou pwodui ak Sèvis Swen Sante Garanti ki nan akò patisipasyon an epi yon founisè andeyò Rezo pou lòt pwodui ak Sèvis Swen Sante Garanti yo. Sityasyon patisipasyon founisè yo ap chanje detanzantan.

**Sant Swen Ijan** - yon etablisman ki founi Sèvis Swen Sante Garanti ki nesese pou evite sante ou deteryore gravman. Sèvis sa yo nesese kòm rezilta yon Maladi, yon Blesi enprevi, oswa aparasyon sentòm toudenkou oswa grav.

**Sejou Pasyan entènè** - yon sejou kontini ki fèt apre admisyon ofisyèl nan yon Lopital, yon Etablisman Swen Enfimye Kalifye oswa yon Etablisman Reyadaptasyon Pasyan Entènè.

**Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon(yo)** - sèvis medikal, chirijikal, dyagnostik, sikyatrik, sante mantal, twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon oswa lòt sèvis swen sante, teknoloji, founiti, tretman, pwosedi, terapi medikaman, medikaman oswa aparèy ki, nan moman Administratè Reklamasyon yo pran yon desizyon konsènan pwoteksyon asirans pou yon ka espesyalman, detèmine kòm nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* pa apwouve li pou komès legal pou itilizasyon ki pwopoze a, epi *American Hospital Formulary Service* oswa *United States Pharmacopeia Dispensing Information* pa idantifye li kòm apwopriye pou itilizasyon ki pwopoze a.
- Depann de revizyon ak apwobasyon nenpòt komite revizyon enstitisyonèl pou itilize yo pwopoze a. (Aparèy ke *FDA* apwouve dapre egzansyon konsènan *Aparèy pou Itilizasyon Imanite* pa ni Eksperimantal ni pou Envestigasyon.)
- Li nan yon esè klinik ankou ki koresponn ak definisyon esè klinik Faz I, II oswa III ki presize nan règleman *FDA* yo, kèlkeswa si esè a aktyèlman anba sipèvizyon *FDA*.

Eksepsyon:

- Esè klinik ki gen Avantaj disponib pou yo jan sa dekri nan seksyon *Esè Klinik* nan *Sèvis Swen Sante ki Garanti yo*.
- Administratè Reklamasyon yo ka, jan Administratè Reklamasyon yo detèmine, konsidere otreman yon Sèvis Eksperimantal oswa Sèvis ki pou Envestigasyon kòm etan yon Sèvis Swen Sante Garanti pou Maladi oswa pwoblèm sa si:

- Ou pa yon patisipan nan yon esè klinik admisib, jan sa dekri nan *Esè Klinik nan Sèvis Swen Sante Garanti*: epi
- Ou gen yon Maladi oswa yon pwoblèm ki gen chans lakòz lanmò nan lespas yon ane apre demann tretman an.

Anvan yon konsiderasyon konsa, Administratè Reklamasyon yo dwe toudabò etabli ke gen ase prèv pou konkli ke, menm si li pa prouve, sèvis la gen gwo potansyèl kòm yon tretman efikas pou Maladi oswa pwoblèm medikal sa.

**Sèvis ki pa pwouve (yo)** - sèvis, sa gen ladan medikaman, ke yo detèmine ki pa efikas pou tretman pwoblèm medikal la epi/oswa ki pa gen yon efè benefik sou rezilta sante akòz prèv klinik ki manke oswa ki pa apwopriye ki soti nan esè kontwòle oaza ki byen fèt oswa etid kowòt nan piblikasyon literati medikal anvigè kamarad nan domèn lan te egzamine.

- Esè kontwòle, oaza, ki byen fèt. (Yo fè konparezon youn ak lòt pou de tretman oswa plis, epi pasyan an pa otorize chwazi ki tretman pou li resevwa.)
- Etid kowòt ki byen fèt nan plis pase yon sèl enstitisyon. (Yo konpare pasyan ki resevwa tretman etid la ak yon gwoup pasyan ki resevwa terapi estanda. Gwoup konparezon an dwe prèske idantik ak gwoup tretman etid la.)

Administratè Reklamasyon yo gen yon pwosesis kote Administratè Reklamasyon yo konpile epi egzamine prèv klinik anrapò ak sèten sèvis swen sante. Detanzantan, Administratè Reklamasyon yo pibliye politik medikal ak famasetik ki dekri prèv klinik ki disponib pou sa ki konsène sèvis swen sante byen presi. Politik medikal ak famasetik sa yo ka chanje san avètisman davans. Ou ka wè règleman sa yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com).

Tanpri konnen:

- Si ou gen yon Maladi oswa yon pwoblèm ki ka mete lavi ou an danje (youn ki riske lakòz lanmò nan lespas yon ane apre demann tretman an), Administratè Reklamasyon yo ka, jan Administratè Reklamasyon yo detèmine, konsidere otreman yon Sèvis ki pa pwouve kòm etan yon Sèvis Swen Sante Garanti pou Maladi oswa pwoblèm sa. Anvan yon konsiderasyon konsa, Administratè Reklamasyon yo dwe toudabò etabli ke gen ase prèv pou konkli ke, menm si li pa prouve, sèvis la gen gwo potansyèl kòm yon tretman efikas pou Maladi oswa pwoblèm medikal sa.

**Sèvis Kiwopratik** - yon kalite swen ki kiwopratisyen bay pou fè dyagnostik pwoblèm nan misk, nè ak jwenti. Yo bouje pati kò yo swa alamen oswa ak yon ti enstriman pou:

- Retabli oswa amelyore mouvman.
- Diminye doulè.
- Ogmante fonksyon.

**Sèvis pou Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon** - Sèvis Swen Sante Garanti pou dyagnostik ak tretman alkolis ak twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon ki endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken* an. Lefèt ke yon twoub endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken* an pa vle di ke tretman pou twoub lan se yon Sèvis Swen Sante Garanti.

**Sèvis Swen Sante Dijans** - depistaj, egzamen ak evalyasyon medikal ki fèt pa yon Doktè, oswa nan mezi lwa aplikab yo otorize, ki fèt pa lòt pèsonèl apwopriye anba sipèvizyon yon Doktè, pou detèmine si yon Pwoblèm Medikal Dijans egziste, epi si li egziste, swen, tretman oswa operasyon pou yon Sèvis Swen Sante Garanti ke yon Doktè fè ki nesèsè pou soulaje oswa pou elimine Pwoblèm Medikal Dijans lan, nan kapasite sèvis yon Lopital.

**Sèvis Swen Sante Garanti (yo)** - sèvis sante, sa gen ladan sèvis, founiti, oswa Pwodui Famasetik, ke Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm etan tout bagay annapre la yo:

- Nesesè pou Rezon Medikal.
- Dekri kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* nan *Sèvis Swen Sante Garanti* ak nan *Lis Avantaj*.
- Pa eskli nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a nan seksyon *Esklizyon ak Limit yo*.
- Founi pou prevansyon, dyagnostik oswa tretman Maladi, Blesi, Maladi Mantal ak Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon, oswa sentòm bagay sa yo.
- Annakò avèk prèv syantifik ki rekonèt onivo nasyonal kòm etan estanda medikal ak direktiv klinik ki disponib ak anvigè. Nan aplikasyon definisyon ki anwo a, "prèv syantifik" ak "estanda medikal anvigè" gen siyifikasyon annapre la yo:
  - "Prèv syantifik" vle di rezilta ki soti nan esè klinik kontwole oswa lòt etid kiibliye ke moun nan menm domèn lan evalye, literati medikal kominote espesyalite medikal domèn lan rekonèt anjeneral.
  - "Estanda medikal ak direktiv klinik ki anvigè" vle di estanda swen pwofesyonèl ki rekonèt onivo nasyonal, ki gen ladan, men se pa sa sèlman, deklarasyon konsansis nasyonal, direktiv klinik ki rekonèt onivo nasyonal, ak direktiv sosyete nasyonal espesyalite.
- Pa founi pou fasilite Moun ki Asire a, Doktè, etablisman an oswa nenpòt lòt moun.
- Dekri kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* nan *Seksyon 1: Sèvis Swen Sante Garanti yo* ak nan *Lis Avantaj yo*.
- Founi pou yon Moun ki Asire ki ranpli kondisyon kalifikasyon Plan an.
- Pa eskli nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a nan seksyon: *Esklizyon ak Limit*.

**Sèvis Swen Sante Mantal** - Sèvis Swen Sante Garanti pou dyagnostik ak tretman kategori dyagnostik sante mantal ak sikyatrik sa yo ki endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken an*. Lefèt ke yon pwoblèm medikal endike nan edisyon aktyèl seksyon *Klasifikasyon Entènasyonal Maladi sou Twoub Mantal ak Konpòtmantal* oswa *Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Asosyasyon Sikyatri Ameriken an* pa vle di ke tretman pou pwoblèm medikal la se yon Sèvis Swen Sante Garanti.

**Swen Debaz** - sèvis ki se nenpòt nan sèvis Swen non-kalifye annapre la yo:

- Sèvis ki pa anrapò ak sante tankou èd pou aktivite lavi toulejou. Egzanp yo gen ladan manje, abiye, benyen, transfere ak mache.
- Sèvis anrapò ak sante ke yon pèsònèl fòme ki pa-medikal ka reyalize san danje epi avèk efikasite nan bi prensipal pou satisfè bezwen pèsònèl pasyan an oswa pou kenbe yon nivo fonksyon, kontrèman ak amelyore fonksyon an, nan yon limit ki ta kapab pèmèt yon egzistans ki pi endepandan.

**Swen Enfimye Prive** - swen enfimye ke yon enfimye/enfimyè otorize bay yon pasyan sou yon baz youn-a-youn nan yon anviwònman pasyan entènè oswa nan kay lè nenpòt nan kondisyon annapre la yo vre:

- Pa gen sèvis kalifye ki idantifye.
- Resous swen enfimye kalifye disponib nan etablisman an.
- Yon Ajans Swen Sante nan Kay ka founi Swen Kalifye yo pa vizit pou yon rezon byen presi.
- Yon enfimye/enfimyè endepandan ke Moun ki Asire a oswa fanmi li anboche dirèkteman founi sèvis la pou Moun ki Asire a. Sa gen ladan sèvis swen enfimye yo bay sou yon baz pasyan entènè oswa swen nan kay, si sèvis la se swen enfimye endepandan kalifye oswa ki pa kalifye.

**Swen Entèmitan** - swen enfimye kalifye ke yo bay swa:

- Mwens pase sèt jou chak semèn.
- Mwens pase uit èdtan chak jou pou peryòd 21 jou oswa mwens.

Yo ka fè eksepsyon nan sèten sikonstans lè nesessite pou plis swen limite ak previzib.

**Swen Kalifye** - swen enfimye kalifye, ansèyman kalifye ak sèvis reyadaptasyon kalifye lè tout kondisyon ki annapre la yo ranpli:

- Se pèsònèl teknik oswa pwofesyonèl medikal otorize ki dwe bay oswa sipèvize yo pou jwenn rezilta medikal byen presi an, epi garanti sekirite pasyan an.
- Yon Doktè mande yo.
- Yo pa bay yo nan bi pou ede pou aktivite lavi toulejou, sa gen ladan abiye, manje, benyen oswa transfere soti nan yon kabann ale nan yon chèz.
- Nesessite yon fòmasyon klinik pou bay yo avèk sekirite ak efikasite.
- Yo pa Swen Debaz, ke pèsònèl fòme ki pa medikal kapab bay avèk sekirite ak efikasite.

**Terapi Jenik** - administrasyon terapeitik asid nikleyik (ADN oswa RNA) nan selil yon pasyan kòm yon medikaman pou trete yon maladi.

**Terapi Konpòtmantal Entansif (Intensive Behavioral Therapy, IBT)** - Sèvis Swen Sante Mantal pasyan ekstèn ki gen pou objektif ranfòse konpòtman adaptasyon yo, pou diminye konpòtman ki pa adapte yo ak pou amelyore metriz konpetans fonksyonèl apwopriye pou laj kay moun ki gen Twoub Espèk Otis. IBT ki pi kouran an se *Analiz Aplike Konpòtman (Applied Behavior Analysis, ABA)*.

**Terapi Selilè** - selil antye vivan yo bay yon pasyan pou tretman maladi.

**Tès Dwòg Definitif** - tès pou idantifye medikaman byen presi, sibstans ilegal ak metabolit pa yo epi ki kalitatif oswa kantitatif pou idantifye posiblite ke yo itilize oswa ki pa itilize yon dwòg.

**Tès Dwòg Prezime** - tès pou detèmine prezans oswa absans medikaman oswa yon klas medikaman kote yo endike rezilta yo kòm rezilta negatif oswa pozitif.

**Tès Jenetik** - egzamen san oswa lòt tisi pou chèche chanjman nan jèn yo (ADN oswa RNA) ki ka endike yon ogmantasyon risk pou devlope yon maladi oswa twoub byen presi, oswa ki bay enfòmasyon pou gide seleksyon pou tretman sèten Maladi, sa gen ladan kansè.

**Tretman Entansif Pasyan Ekstèn** - yon pwogram tretman estriktire pasyan ekstèn pou sante mantal oswa twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon. Pwogram lan kapab otonòm oswa baze nan Lopital epi li bay sèvis pandan omwen twazèdtan pa jou, de jou oswa plis pa semèn.

**Tretman Manipilatif (ajisteman)** - yon kalite swen ki kiwopratisyen oswa osteyopat bay pou fè dyagnostik pwoblèm nan misk, nè ak jwenti. Yo bouje pati kò yo swa alamen oswa ak yon ti enstriman pou:

- Retabli oswa amelyore mouvman.
- Diminye doulè.
- Ogmante fonksyon.

**Tretman Rezidansyèl** - tretman nan yon etablisman ki etabli ak opere dapre egzijans lalwa, ki bay Sèvis Swen Sante Mantal oswa Sèvis pou Twoub Anrapò ak Sibstans ak Adiksyon. Li dwe reponn a tout egzijans annapre la yo:

- Ofri yon pwogram tretman, ki apwouve pa Repezantan pou Sante Mantal/Twoub Asosye ak Sibstans ak Adiksyon, sou patisipasyon aktif ak direksyon yon Doktè epi, ki apwouve pa Repezantan pou Sante Mantal/Twoub Asosye ak Sibstans ak Adiksyon.
- Genyen oswa mentni yon pwogram tretman alekri, byen presi ak detaye ki mande pou ou rezide ak patisipe a plentan.
- Ofri omwen sèvis debaz annapre la yo nan yon anviwònman estriktire 24 èdtan pa jou:
  - Chanm ak pansyon.
  - Evalyasyon ak dyagnostik.
  - Konsèy.
  - Referans ak oryantasyon nan resous kominotè espesyalize yo.

Yon Etablisman Tretman Rezidansyèl ki kalifye kòm yon Lopital konsidere kòm yon Lopital.

**Twoub Espèk Otis** - yon pwoblèm medikal ki endike pa mwayen pwoblèm pèsistan pou kominike ak entèraji avèk lòt moun, ansanm ak konpòtman, enterè oswa aktivite ki gen restriksyon ak repetisyon.

**Vi Tranzisyonèl** - Sèvis swen sante mantal ak sèvis pou twoub anrapò ak sibstans ak adiksyon ke yo bay nan etablisman, fwaye an gwoup ak apatman sipèvize ki bay sipèvizyon 24 sou 24 epi ki swa:

- Aranjman pou viv sòb, tankou lojman san dwòg oswa kay tranzisyon alkòl/dwòg. Yo bay lojman ki estab ak an sekirite, yon anviwònman san alkòl/dwòg ak sipò pou rekiperasyon. Yo ka itilize yo kòm yon konpleman tretman anbilatwa lè li pa ofri entansite ak estrikti ki nesèsè ede ou rekiperè.
- Aranjman pou viv sipèvize ki se rezidans tankou etablisman, kay an gwoup ak apatman sipèvize. Yo bay manm ak lojman ki estab ak an sekirite avèk posiblite pou aprann kijan pou jere aktivite lavi toulejou yo. Yo ka itilize yo kòm yon konpleman tretman lè li pa ofri entansite ak estrikti ki nesèsè ede ou rekiperè.

## Real Appeal

Esponnsò Plan an bay Amanman sa a nan Plan an li dekri anba a.

Paske Amanman sa a fè pati yon dokiman legal, Plan an vle ba ou enfòmasyon sou dokiman an ki pral ede ou konprann li. Sèten mo an majiskil gen siyifikasyon espesyal. Plan an defini mo sa yo nan *Deskripsyon Rezime Plan nan Tèm Defini* yo.

### Kisa Amanman Real Appeal la ye?

Amanman sa a nan Plan an bay yon entèvansyon sou mòdvi vityèl pou pwoblèm anrapò ak pwa pou Moun ki Asire kalifye ki gen laj 18 lane oswa plis. Real Appeal la fèt pou ede moun ki gen risk pou maladi ki asosye ak obezite.

Entèvansyon entansif sa a ki gen plizyè eleman konpòtmantal founi 52 semèn sipò. Sipò sa a gen ladan yon ankadreman sèl a sèl avèk akonpayatè vityèl andirèk ak patisipasyon nan gwoup sou entènèt avèk kontni videyo sipò. Eksperyans lan ap adapte espesyalman pou chak moun pa mwayen yon sesyon entwodiksyon anliy.

Sèvis Swen Sante Garanti sa yo pral adapte pou ou pèsònèlman epi yo ka gen ladan sa ki annapre la yo:

- Sipò vityèl ak zouti pou ede pwòp tèt ou: Ankadreman pèsònèl sèl a sèl, sesyon sipò an gwoup, videyo edikatif, kit adapte, platfòm entènèt entegre ak aplikasyon mobil.
- Edikasyon ak materyèl fòmasyon ki konsantre sou fikse objektif, konpetans pou rezolisyon pwoblèm, baryè ak estrateji pou kenbe chanjman yo.
- Konsèy pou chanjman konpòtman nan men yon akonpayatè fòme espesyalman pou pèt pwa klinik.

Si ou vle jwenn enfòmasyon konsènan Sèvis Swen Sante Garanti yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo an pasan pa [www.realappeal.com](http://www.realappeal.com), <https://member.realappeal.com> oswa nimewo ki endike sou kat ID ou an.

## Pwogram ak Resous Klinik

### Jesyon Swen

#### Solisyon Jesyon Swen

#### Kowòdinasyon Swen Estanda

Administratè Reklamasyon yo bay yon pwogram ki rele Care Coordination<sup>SM</sup> ki fèt pou ankouraje swen ki adapte pèsonèlman, ki efikas pou ou ak Depandan ou ki asire yo.

Enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> yo konsantre efò yo sou prevansyon, edikasyon, ak konble nenpòt twou vid ki genyen nan swen ou. Objektif pwogram lan se pou asire ou resevwa sèvis ki pi apwopriye ak pi rantab ki disponib.

Enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> yo ap bay divès kalite sèvis diferan pou ede oumenm ak manm fanmi ou ki asire yo resevwa swen medikal apwopriye. Eleman ki gen nan pwogram lan ka sibi chanjman san preyavi.

Lè yo rele Administratè Reklamasyon yo jan sa nesèsè, li pral travay avèk ou pou mete anplas pwosesis Care Coordination<sup>SM</sup> ak pou ba ou enfòmasyon sou lòt sèvis anplis ki disponib pou ou, tankou pwogram jesyon maladi, edikasyon lasante, ak defans pasyan. Depi piblikasyon SÉTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS sa a, pwogram Care Coordination<sup>SM</sup> an gen ladan:

- **Konsèy nan admisyon** - Enfimyè/Enfimyè Defansè yo disponib pou ede ou prepare pou yon admisyon ak rekiperasyon chirijikal ki gen siksè. Rele nimewo ki sou do Kat ID ou an pou jwenn sipò.
- **Jesyon swen pasyan entènè** - Si ou entènè nan Lopital, yon enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> pral kolabore avèk Doktè ou pou asire ou resevwa swen ou bezwen yo e ke yo aplike plan tretman Doktè ou an.
- **Jesyon Readmisyon** - Pwogram sa a sèvi kòm yon pon ant Lopital la ak lakay ou si ou gen gwo risk pou yo tounen entènè lopital. Apre ou kite Lopital la, si ou gen yon sèten maladi kwonik oswa konplike, ou ka resevwa yon koutfil nan men yon enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> pou konfime ke gen an plas medikaman, ekipman, oswa sèvis swivi ki nesèsè yo. Epitou enfimyè/enfimyè a pral pataje enfòmasyon enpòtan sou swen sante, repete ak ranfòse machaswiv egzeyat yo, ak soutni yon tranzisyon san danje nan kay.
- **Jesyon Risk** - Li fèt pou patisipan ki gen sèten pwoblèm medikal kwonik oswa konplike, epi pwogram sa a abòde bezwen swen sante tankou aksè nan espesyalis medikal, enfòmasyon sou medikaman, ak kowòdinasyon ekipman ak founiti. Patrisipan yo ka resevwa yon koutfil nan men yon enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> pou diskite ak pataje enfòmasyon medikal enpòtan anrapò ak maladi kwonik oswa konplike byen presi patrisipan an.

Si ou pa resevwa yon koutfil nan men yon enfimyè/enfimyè Care Coordination<sup>SM</sup> men ou santi ou ka jwenn yon avantaj nan nenpòt nan pwogram sa yo, tanpri rele nimewo ki sou kat ID ou an.

### Pwoblèm Medikal Konplike, Pwogram ak Sèvis

#### Pwogram Sèvis Resous pou Kansè (Cancer Resource Services, CRS)

Plan ou an ofri pwogram Sèvis Resous pou Kansè (Cancer Resource Services, CRS) pou ba ou aksè nan enfòmasyon ak asistans manm grasa yon ekip konsiltan enfimyè/enfimyè espesyalize ak aksè nan youn nan pwogram prensipal pou kansè nan peyi a.



Pou aprann plis sou CRS, vizite [www.myoptumhealthcomplexmedical.com](http://www.myoptumhealthcomplexmedical.com) oswa rele nimewo ki sou do kat ID ou an oswa rele pwogram lan dirèkteman nan 1-866-936-6002.

Pwoteksyon asirans pou sèvis onkoloji ak sèvis asosye yo baze sou tè, esklizyon, limit ak kondisyon plan sante ou an, sa gen ladan egzijans pou kalifikasyon nan plan an ak machaswiv pou kouvèti asirans lan. Patisipasyon nan pwogram sa a fèt volontèman.

Esponnsò Plan ou an ap founi ou asistans pou Vwayaj ak Lojman. Gade nan *Pwogram Asistans pou Vwayaj ak Lojman*.

## **Sèvis Resous Maladi Kadyak Konjenital (Congenital Heart Disease, CHD)**

Administratè Reklamasyon yo bay yon pwogram ki idantifye ak soutni yon Moun ki Asire ki gen yon Maladi Kadyak Konjenital (Congenital Heart Disease, CHD) nan tout etap tretman ak rekiperasyon an. Pwogram sa a ap travay avèk oumenm ak Doktè ou yo, si sa nesèsè, pou ofri sipò ak edikasyon sou CHD. Karakteristik pwogram lan gen ladan jesyon klinik pa Enfimye/Enfimyè espesyalize nan CHD, sipò nan men Travayè Sosyal espesyalize, asistans pou chwazi Doktè ak Etablisman, ak aksè nan Founisè Deziyen.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Sèvis Resous CHD yo, vizite [www.myoptumhealthcomplexmedical.com](http://www.myoptumhealthcomplexmedical.com) oswa rele Administratè Reklamasyon yo nan nimewo ki sou do kat ID ou an.

Pwoteksyon asirans pou operasyon CHD ak sèvis asosye ak CHD baze sou tè, esklizyon, limit ak kondisyon plan sante ou an, sa gen ladan egzijans pou kalifikasyon nan Plan an ak machaswiv pou kouvèti asirans lan. Patisipasyon nan pwogram sa a fèt volontèman. Si w ap anvizaje nenpòt operasyon CHD, ou dwe kontakte Sèvis Resous CHD yo anvan operasyon an pou enskri nan pwogram lan dekwa pou operasyon an ka konsidere kòm yon Sèvis Swen Sante Garanti nan Plan an.

Esponnsò Plan ou an ap founi ou asistans pou Vwayaj ak Lojman. Gade nan *Pwogram Asistans pou Vwayaj ak Lojman*.

## **Pwogram pou Maladi Ren**

### ***Pwogram Sèvis Resous pou Ren (Kidney Resource Services, KRS)***

Pwogram Sèvis Resous pou Ren yo bay Moun ki Asire yo aksè nan yon defansè enfimye/enfimyè otorize ki espesyalize nan ede moun k ap viv avèk maladi ren. Antanke patisipan nan pwogram KRS lan, ou pral travay avèk yon enfimye/enfimyè ki pral ba ou sipò ak enfòmasyon. Enfimye/Enfimyè a ka ede w jere lòt pwoblèm, tankou dyabèt ak tansyon wo. Li kapab ede ou jwenn tou doktè, espesyalis ak sant dyaliz. Pwogram sa a disponib san w pa gen frè anplis pou peye.

Avèk KRS lan, ou gen aksè nan yon enfimye/enfimyè otorize ki espesyalize nan sante ren. Pwogram sa a fèt pou ede ou plede anfavè sante ou pi byen. Founisè medikal ou gendwa te refere ou nan pwogram KRS lan oswa apati enfòmasyon reklamasyon anvan yo. Nan avantaj asirans sante ou, li disponib pou ou san w pa gen frè anplis.

Enfimye/enfimyè defansè KRS yo disponib, Lendi jiska Vandredi nan nimewo apèl gratis 1-866-561-7518 (TTY: 711).

Pwoteksyon asirans pou dyaliz ak sèvis anrapò ak ren yo baze sou tè, esklizyon, limit ak kondisyon plan sante ou an, sa gen ladan egzijans pou kalifikasyon nan Plan an ak machaswiv pou kouvèti asirans lan.

Patisipasyon nan pwogram sa a fèt volontèman.

## **Pwogram Sèvis Resous pou Transplantasyon (Transplant Resource Services, TRS)**

Plan ou an ofri pwogram Sèvis Resous pou Transplantasyon (Transplant Resource Services, TRS) pou bay ou aksè nan youn nan prensipal pwogram transplantasyon nan peyi a. Resevwa sèvis transplantasyon grasa pwogram sa a vle di tretman transplantasyon ou an baze sou yon apwòch "meyè pratik" nan men pwofesyonèl swen sante ki gen gwo kantite ekspètiz nan transplantasyon. Pou aprann plis sou Sèvis Resous pou Transplantasyon yo, vizite [www.myoptumhealthcomplexmedical.com](http://www.myoptumhealthcomplexmedical.com) oswa rele nimewo ki sou do kat ID ou an.

Pwoteksyon asirans pou transplantasyon ak sèvis anrapò ak transplantasyon baze sou tèm, esklizyon, limit ak kondisyon plan sante ou an, sa gen ladan egzijans pou kalifikasyon nan Plan an ak machaswiv pou kouvèti asirans lan. Patisipasyon nan pwogram sa a fèt volontèman.

Esponnsò Plan ou an ap founi ou asistans pou Vwayaj ak Lojman. Gade nan *Pwogram Asistans pou Vwayaj ak Lojman*.

## **Pwogram Asistans pou Vwayaj ak Lojman**

Esponnsò Plan ou an ap founi ou asistans pou Vwayaj ak Lojman. Asistans pou Vwayaje ak Lojman disponib sèlman pou oumenm oswa pou manm fanmi ou ki kalifye si ou ranpli kondisyon yo pou avantaj la, tankou resevwa swen nan men yon Founisè Deziyen ak distans ant adrès kay ou ak etablisman an. Yo ranbouse Montan Otorize yo apre ou fin ranpli fòm pou depans yo epi soumèt yo avèk resi apwopriye yo.

Si ou gen kesyon byen presi konsènan Pwogram Asistans pou Vwayaj ak Lojman an, tanpri rele biwo Vwayaj ak Lojman an nan 1-800-842-0843.

### **Frè pou Vwayaj ak Lojman**

Plan an kouvri frè pou vwayaj ak lojman pou pasyan an, akondisyon pasyan an pa kouvri nan Medicare, ak yon pou yon konpayon nan fason konsa:

- Transpò pasyan an ak yon konpayon k ap vwayaje nan menm jou (yo) ale retou nan sant pou pwosedi kalifye a ke yon Founisè Deziyen founi pou fè yon evalyasyon, pou fè pwosedi a oswa ki nesèsè pou swivi apre egzeyat.
- Montan Otorize a pou lojman pou pasyan an (pandan li pa yon pasyan entènè nan Lopital) ak pou yon konpayon.
- Si pasyan an se yon timoun minè Depandan Manm, yo pral kouvri frè pou transpò de konpayon.
- Frè pou vwayaj ak lojman yo disponib sèlman si pasyan an abite nan distans plis pase 50 mil ak Founisè Deziyen an.
- Ranbousman pou sèten frè lojman pou pasyan an ak pou konpayon li (yo) ka antre nan revni patisipan Plan an yo ka pran taks sou li si ranbousman an depase to pèdiyèm lan.
- Pwogram pou kansè, maladi kadyak konjenital ak transplantasyon ofri yon maksimòm konbine \$10,000 pou dire plan pou chak Moun ki Asire pou tout frè transpò ak lojman ke ou te fè epi ki ranbouse nan Plan an anrapò ak tout pwosedi kalifye yo.

Administratè Reklamasyon yo dwe resevwa resi valab pou frè sa yo anvan yo pral ranbouse ou yo. Ranbousman se nan fason konsa:

#### *Lojman*

- Yon to pèdiyèm, jiska \$50.00 pa jou, pou pasyan an oswa moun k ap okipe li si pasyan an nan Lopital.
- Yon to pèdiyèm, jiska \$100.00 pa jou, pou pasyan an ak yon moun k ap okipe li. Lè se yon timoun

ki pasyan an, de moun gendwa akonpaye timoun lan.

Egzanp atik ki pa garanti yo:

- Pwovizyon manje.
- Bwason ki gen alkòl.
- Pwodui pèsonèl oswa pou netwayaj.
- Repa.
- Pansman oswa founiti medikal yo vann san preskripsyon.
- Depo.
- Sèvis piblik ak lokasyon mèb, lè yo faktire apa ak peman lwaye a.
- Apèl nan telefòn, jounal, lokasyon fim.

*Transpò*

- Mileyaj machin (ranbouse nan to medikal IRS la) pou wout ki pi dirèk la ant kay pasyan an ak Etablisman Deziyen an.
- Tarif taksi (anwetan limouzin oswa sèvis vwati yo).
- Biyè avyon economy oswa coach.
- Pakin.
- Tren.
- Bato.
- Otobis.
- Tòl.

## **Sipò Desizyon**

### **NurseLine<sup>SM</sup>**

NurseLine<sup>SM</sup> se yon sèvis nan telefòn ki mete ou an kontak touswit nenpòt lè ak yon enfimye/enfimyè otorize ki gen eksperyans, 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt. Enfimye/Enfimyè yo kapab bay enfòmasyon sou sante pou ede ou pran desizyon sou swen sante ki pi reflechi. Lè ou rele, yon enfimye/enfimyè otorize ka refere ou nan nenpòt resous anplis ke Esponnsò Plan gen disponib ki ka ede ou amelyore sante ak byennèt ou oswa jere yon pwoblèm kwonik. Rele nenpòt lè ou vle aprann plis sou:

- Yon dyagnostik resan.
- Yon Maladi oswa Blesi minè.
- Byennèt pou gason, fanm, ak timoun yo.
- Fason pou pran Pwodui Medikaman Preskripsyon yo san danje.
- Konsèy pou swen pèsonèl ak opsyon tretman yo.
- Abitid lavi an sante.

- Nenpòt lòt sijè anrapò ak sante.

NurseLine<sup>SM</sup> lan ba ou yon lòt fason pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou sante ou. Lè ou rele menm nimewo a, ou ka koute youn nan plis pase 1,100 mesaj anrejistre Bibliyotèk Enfòmasyon Sante, avèk plis pase mwaye an Panyòl.

NurseLine<sup>SM</sup> disponib pou ou san okenn frè anplis. Pou itilize sèvis sa a, annik rele nimewo ki sou do Kat ID ou an.

Remak: Si ou gen yon ijans medikal, rele 911 olye ou rele NurseLine<sup>SM</sup>. Timoun ou gen yon lafyèv epi li fè 1:00 AM. Kisa ou fè?

Rele NurseLine<sup>SM</sup> nenpòt lè, 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt. Ou ka konte sou NurseLine<sup>SM</sup> pou ede reponn kesyon sante ou yo.

## Jesyon Maladi

Si te fè yon dyagnostik sèten pwoblèm medikal kwonik pou ou, ou gendwa kalifye pou patisipe nan yon pwogram jesyon maladi san w pa peye frè anplis. Yo fè pwogram pou ensifizans kadyak, maladi atè kwonè, dyabèt ak opresyon pou soutni ou. Sa vle di ou pral resevwa enfòmasyon edikatif gratis pa lapòs, epi ou ka menm resevwa apèl yon enfimye/enfimyè otorize ki se yon espesyalis nan pwoblèm medikal byen presi ou genyen an. Enfimye/Enfimyè sa a pral yon resous pou konseye ak ede ou jere eta ou.

Pwogram sa yo ofri:

- Yo voye pou ou lakay ou pa lapòs materyèl edikatif ki bay konsèy sou jesyon pwoblèm medikal kwonik byen presi ou genyen an. Sa ka gen ladan enfòmasyon sou sentòm yo, siy avètisman yo, teknik pou jere li oumenm, egzamen ki rekòmande ak medikaman yo.
- Aksè nan resous edikatif ak pou jesyon pèsonèl sou yon sit entènèt pou kliyan.
- Yon okazyon pou enfimye/enfimyè jesyon maladi a kolabore avèk Doktè ou pou asire ou resevwa swen ki apwopriye yo.
- Aksè nan sipò youn-a-youn nan menm yon enfimye/enfimyè otorize ki espesyalize nan pwoblèm ou an. Egzanp sijè sipò yo gen ladan:
  - Edikasyon sou maladi ak pwoblèm byen presi a.
  - Jesyon ak respè medikaman.
  - Ranfòsman objektif pwogram modifikasyon konpòtman anliy.
  - Preparasyon ak sipò pou pwochen vizit kay Doktè yo.
  - Egzamine sèvis sikososyal ak resous kominotè yo.
  - Sitiyasyon moun k ap bay swen ak sekirite nan kay.
  - Itilizasyon famasi kòmman pa lapòs ak founisè Rezo yo.

Patisipasyon an volontè nèt epi san frè anplis. Si ou panse ou gendwa kalifye pou patisipe oswa ou vle jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram lan, tanpri kontakte nimewo ki sou do kat ID ou an.

## Jesyon Byennèt/Swen prevantif

### HealthNotes<sup>SM</sup>

Administratè Reklamasyon yo bay yon sèvis ki rele HealthNotes<sup>SM</sup>. HealthNotes<sup>SM</sup> bay oumenm ak Doktè ou enfòmasyon konsènan swen prevantif, tès oswa medikaman, entèraksyon ki ka genyen avèk medikaman yo te preskri, ak sèten tretman. Anplis, rapò HealthNotes<sup>SM</sup> an ka gen ladan konsèy sou sante ak lòt enfòmasyon sou byennèt.

Administratè Reklamasyon yo bay enfòmasyon sa yo pa mwayen yon pwogram lojisyèl ki bay idantifikasyon annaryè swen medikal yo ki baze sou reklamasyon yo. Grasa pwosesis sa a, yo idantifye pasyan ki ka jwenn yon avantaj nan enfòmasyon sa yo avèk itilizasyon estanda etabli medsin ki baze sou prèv jan sa dekri nan *Tèm Defini* yo nan definisyon Sèvis Swen Sante Garanti.

Si Doktè ou idantifye nenpòt enkyetid apre li egzamine rapò HealthNotes<sup>SM</sup> li yo, li ka kontakte ou si li kwè sa apwopriye. Anplis, ou ka itilize enfòmasyon ki nan rapò ou an pou angaje chita pale avèk Doktè ou konsènan sante ou ak enfòmasyon Administratè Reklamasyon yo bay. Men, nenpòt desizyon konsènan swen ou toujou ant oumenm ak Doktè ou.

Si ou gen kesyon oswa ou vle jwenn enfòmasyon anplis sou sèvis sa a, tanpri rele nimewo ki sou do kat ID ou an.

## Sante Fanm/Repwodiksyon

### Pwogram Sipò Matènite

Si ou ansent oswa ou anvizaje pou ou vin ansent, epi ou enskri nan Plan medikal la, ou ka jwenn enfòmasyon edikatif ak jesyon ka konplè lè ou rele nimewo ki sou kat ID ou an. Yon enfimye/enfimyè an OB ki afekte pou ou pral jere enskripsyon ou nan pwogram lan.

Pwogram sa a ofri:

- Enskripsyon yon enfimye/enfimyè OB fè.
- Ankadreman lasante avan-kòmansman gwosès.
- Resous edikatif alekri ak sou entènèt ki kouvri yon pakèt kalite sijè.
- Depistaj risk premye ak dezyèm trimès.
- Idantifikasyon ak jesyon pwoblèm arisk oswa pwoblèm gwo risk ki ka gen enpak sou gwosès la.
- Konsiltasyon anvan-akouchman.
- Kowòdinasyon avèk referans nan lòt avantaj ak pwogram disponib nan Plan medikal la.
- Yon koutfil yon enfimye/enfimyè apeprè de semèn apre akouchman pou bay enfòmasyon sou swen apre akouchman ak swen tibebe ki fenk fèt, manje, nitrisyon, vaksen ak plis ankò.
- Depistaj depresyon apre akouchman.

Patisipasyon an volontè nèt epi san frè anplis. Pou pwofite nèt de avantaj pwogram lan, nou ankouraje ou enskri nan premye trimès Gwosès la. Ou ka enskri nenpòt lè, jiska 34 semèn ou. Pou enskri, rele nimewo ki sou do Kat ID ou an.

Antanke patisipan nan pwogram lan, ou ka toujou rele enfimye/enfimyè ou pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ta ka genyen.

## Sèvis Resous Neyonatal

Sèvis Resous Neyonatal (Neonatal Resource Services, NRS) se yon pwogram Administratè Reklamasyon yo oswa afilye li yo ke Esponnsò Plan an mete aladispozisyon ou. Pwogram NRS lan bay aksè gide nan yon Rezo founisè NICU kalifye ak sèvis konsiltasyon enfimye/enfimyè espesyalize pou ede jere admisyon nan NICU.

Lè ou enskri nan pwogram sa a, Plan an peye Avantaj pou sèvis inite swen entansif neyonatal (neonatal intensive care unit, NICU) ke Founisè Deziyen ki patisipe nan pwogram Sèvis Resous Neyonatal (Neonatal Resource Services, NRS) la ofri. NRS lan bay aksè gide nan yon Rezo founisè NICU kalifye ak sèvis konsiltasyon enfimye/enfimyè espesyalize pou jere admisyon nan NICU.

Pou patisipe nan pwogram NRS lan, rele yon enfimye/enfimyè neyonatal nan 1-866-534-7209. Plan an ap peye Avantaj yo sèlman nan pwogram NRS lan si NRS bay notifikasyon apwopriye a Founisè Deziyen k ap fè sèvis yo (menm si ou refere tèt oumenm bay yon founisè nan Rezo sa).

Oumenm oswa yon Depandan ki kouvri kapab tou:

- Rele Administratè Reklamasyon yo.
- Rele NRS nan 1-888-936-7246 epi chwazi endikasyon NRS lan.

Pou resevwa Avantaj NICU yo, ou pa oblije vizite yon Founisè Deziyen. Si ou resevwa sèvis nan men yon etablisman ki pa yon Founisè Deziyen, Plan an peye Avantaj yo jan li dekri nan Kategori Sèvis Swen Sante Garanti yo.

## Solisyon Konsomatè ak Zouti Sèvis Lib

Esponnsò Plan an kwè nan ba ou zouti pou ede ou vin yon konsomatè swen sante edike. Nan objektif sa, Esponnsò Plan an mete aladispozisyon ou plizyè sèvis edikasyon ak sipò pratik, ki aksesib nan telefòn ak sou entènèt, ki ka ede ou:

- Pran swen tèt ou ak manm fanmi ou.
- Jere yon pwoblèm sante kwonik.
- Navige nan sistèm swen sante konplike a.

REMAK: Enfòmasyon ou jwenn grasa sèvis yo idantifye nan seksyon sa a baze sou literati medikal aktyèl ak sou evalyasyon Doktè. Li pa gen entansyon ranplase konsèy yon doktè. Enfòmasyon an gen entansyon ede ou pran desizyon swen sante pi reflechi ak pran yon pi gwo responsablite pou pwòp sante ou. Administratè Reklamasyon yo ak Esponnsò Plan an pa responsab pou rezilta desizyon ou yo nan itilizasyon enfòmasyon yo, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, chwa ou fè pou chèche oswa pou pa chèche swen medikal pwofesyonèl, chwa konsènan founisè pou pran swen medikal pwofesyonèl nan men li, oswa chwa pou pran oswa pou pa pran tretman byen presi.

## [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com)

Sitwèb manm UnitedHealthcare, [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com), bay enfòmasyon nan plamen ou nenpòt kote ak nenpòt lè ou gen aksè nan entènèt. [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) louvri pòt sou yon pakèt enfòmasyon lasante ak zouti pou sèvi pwòp tèt ou.

Avèk [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) ou kapab:

- Fè rechèch sou yon pwoblèm sante ak opsyon tretman pou prepare ou pou yon chita pale avèk Doktè ou.
- Chèche founisè Rezo ki disponib nan Plan ou nan anyè founisè sou entènèt la.

## South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

- Jwenn aksè nan tout kontni ak sijè byennèt nan NurseLine<sup>SM</sup>.
- Reponn yon sondaj sou sante pou ede ou idantifye abitud sante ou ka amelyore, aprann sou teknik mòdvi an sante ak aksè nan resous pou amelyorasyon sante.
- Sèvi ak estimatè frè tretman an pou jwenn yon estimasyon sou depans yo pou divès pwosedi nan zòn ou an.
- Itilize zouti konparezon Lopital la pou konpare Lopital yo nan zòn ou an sou divès mezi sekirite ak kalite pasyan.

Enskri nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com)

Si ou pa deja enskri nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com), annik ale nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) epi klike sou "Enskri Kounye a." Gen kat ID ou bò kote ou. Pwosesis enskripsyon an rapid ak fasil.

Vizite [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) epi:

- Fè demann ransèyman an tan reyèl sou eta ak istwa reklamasyon ou yo.
- Gade enfòmasyon sou kalifikasyon ak enfòmasyon sou Avantaj Plan an.
- Gade ak enprime tout Eksplikasyon Avantaj (Explanation Of Benefits, EOB) ou sou entènèt.
- Kòmande yon nouvo kat ID oswa yon ranplasman osnon enprime yon kat ID tanporè.

Ou vle aprann plis sou yon pwoblèm medikal oswa tretman?

Konekte ou nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) epi fè rechèch sou sijè sante ki enterese ou. Aprann sou yon pwoblèm medikal byen presi, kisa sentòm yo ye, kijan yo fè yon dyagnostik li, nan ki degre li kouran, ak kisa pou mande Doktè ou.

## Sondaj Sante

Nou envite ou aprann plis sou sante ak byennèt nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) epi nou ankouraje pou ou patisipe nan sondaj lasante a sou entènèt. Sondaj lasante a se yon kesyonè entèaktif ki la pou ede ou idantifye abitud ki bon pou sante ou ansanm ak risk pou sante ou ka genyen.

Sondaj lasante ou rete konfidansyèl. Reponn sondaj la pa pral afekte Avantaj ou yo ni kalifikasyon pou Avantaj nan okenn fason.

Pou jwenn sondaj lasante a, ale nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com). konekte ou, epi jwenn aksè nan paj Sante ak Byennèt ki adapte pou ou pèsònèlman. Si ou bezwen nenpòt èd pou sondaj sou entènèt la, tanpri rele nimewo ki sou do kat ID ou an.

## Lis Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn

### United Healthcare Services, Inc.

#### Kilè Avantaj yo Disponib pou Pwoudi Medikaman Preskripsyon?

Avantaj yo disponib pou Pwoudi Medikaman Preskripsyon nan Famasi Rezo a, epi yo depann de Kopeman ak/oswa Ko-asirans oswa lòt peman ki varye selon nan ki nivo yo mete Pwoudi Medikaman Preskripsyon an sou lis Medikaman Preskripsyon yo.

Avantaj pou Pwoudi Medikaman Preskripsyon yo disponib lè Pwoudi Medikaman Preskripsyon an koresponn ak definisyon yon Sèvis Swen Sante Garanti oswa yo preskri li pou anpeche kòmansman gwosès.

#### Kisa ki rive lè yon Medikaman Mak komèsyal vin disponib kòm yon Jenerik?

Si yon Jenerik vin disponib pou yon Pwoudi Medikaman Preskripsyon Mak komèsyal, plasman nivo Pwoudi Medikaman Preskripsyon mak komèsyal la ka chanje. Pakonsekan Kopeman ou ak/oswa Ko-asirans ou ka chanje oswa ou pa pral gen Avantaj ankò Pwoudi Medikaman Preskripsyon Mak komèsyal espesyal sa.

#### Kijan Limit Apwovizyonman Aplike?

Avantaj pou Pwoudi Medikaman Preskripsyon yo depann de limit ki endike nan kolòn "Deskripsyon ak Limit Apwovizyonman" nan tablo Enfòmasyon sou Avantaj yo. Pou yon sèl Kopeman ak/oswa Ko-asirans, ou ka resevwa yon Pwoudi Medikaman Preskripsyon jiska limit apwovizyonman ki endike a.

Remak: Sèten pwoudi depann de limit apwovizyonman anplis baze sou kritè ke Administratè Reklamasyon yo te devlope. Limit apwovizyonman yo ka sibi revizyon ak chanjman Administratè Reklamasyon yo detanzantan. Sa ka limite kantite yo bay pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman ak/oswa kantite apwovizyonman yo bay pa mwa, oswa li ka mande pou bay yon kantite minimòm.

Pou konnen si yon Pwoudi Medikaman Preskripsyon depann de limit pwovizyon pou bay, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

#### Èske Egzijans Otorizasyon Davans yo Aplike?

Anvan yo livre ou sèten Pwoudi Medikaman Preskripsyon, Doktè ou, famasyen ou oswa oumenm oblije jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo oswa reprezantan Administratè Reklamasyon yo. Rezon pou jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo se pou detèmine si Pwoudi Medikaman Preskripsyon an, dapre direktiv apwouve Administratè Reklamasyon yo, se chak nan sa ki annapre la yo:

- Li reponn a definisyon yon Sèvis Swen Sante Garanti.
- Se pa yon Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa Sèvis ki Pa pwouve.

Plan an ka egzije tou pou ou jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo oswa reprezantan Administratè Reklamasyon yo pou Administratè Reklamasyon yo ka detèmine si se yon espesyalis ki te preskri Pwoudi Medikaman Preskripsyon an, dapre direktiv apwouve Administratè Reklamasyon yo.



### **Otorizasyon Davans Famasi Rezo**

Lè yo bay Pwouduit Medikaman Preskripsyon yo nan yon Famasi Rezo, founisè ki fè preskripsyon an, famasyen an, oswa oumenm responsab pou jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo.

Si ou pa jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo anvan yo bay Pwouduit Medikaman Preskripsyon an, ou ka peye plis pou Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman medikaman an. Pwouduit Medikaman Preskripsyon ki egzije otorizasyon davans yo ka sibi revizyon ak chanjman Administratè Reklamasyon yo detanzantan. Pou konnen si yon Pwouduit Medikaman Preskripsyon espesyalman egzije notifikasyon/otorizasyon davans, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

Si ou pa jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo anvan yo bay Pwouduit Medikaman Preskripsyon an, ou ka mande Administratè Reklamasyon yo pou anvizaje ranbousman apre ou resevwa Pwouduit Medikaman Preskripsyon an. Ou pral oblije peye pou Pwouduit Medikaman Preskripsyon an nan famasi a. Ou ka chèche ranbousman nan men Administratè Reklamasyon yo jan sa dekri nan *Deskripsyon Rezime Plan sa a (SËTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS)* nan *Fason pou Depoze yon Reklamasyon*.

Lè ou soumèt yon reklamasyon sou baz sa a, ou ka peye plis paske ou pa te jwenn otorizasyon davans nan men Administratè Reklamasyon yo anvan yo te ba ou Pwouduit Medikaman Preskripsyon an. Montan y ap ranbouse a ap baze sou Frè Medikaman Preskripsyon an, mwens Kopeman ak/oswa Ko-asirans obligatwa ak nenpòt dediktib ki aplike.

Avantaj yo gendwa pa disponib pou Pwouduit Medikaman Preskripsyon an apre Administratè Reklamasyon yo egzamine dokiman yo bay yo epi Administratè Reklamasyon yo detèmine ke Pwouduit Medikaman Preskripsyon an pa yon Sèvis Swen Sante Garanti oswa se yon Sèvis Eksperimantal oswa pou Investigasyon oswa Sèvis ki Pa pwouve.

Administratè Reklamasyon yo ka egzije otorizasyon davans tou pou sèten pwogram ki ka gen egzijans byen presi pou patisipasyon ak/oswa aktivasyon nan yon nivo amelyore Avantaj anrapò ak pwogram sa yo. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwogram ki disponib yo ak nenpòt egzijans otorizasyon davans, patisipasyon oswa aktivasyon aplikab anrapò ak pwogram sa yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

### **Èske Terapi pa Etap Aplike?**

Sèten Pwouduit Medikaman Preskripsyon ki gen Avantaj pou yo ki dekri nan Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn lan ka depann de egzijans terapi pa etap. Pou ou kapab resevwa Avantaj pou Pwouduit Medikaman Preskripsyon sa ou dwe itilize yon Pwouduit Medikaman Preskripsyon diferan (yo) anvan.

Pou konnen si yon Pwouduit Medikaman Preskripsyon depann de egzijans terapi pa etap, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

### **Kisa Ou Peye?**

Administratè Reklamasyon yo gendwa pa otorize sèten kupon oswa òf fabrikan pwouduit famasetik yo oswa yon afilye aplike pou rive nan Dediktib Anyèl ou. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou yo entèdikeyon kupon oswa òf, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

Ou responsab peye Kopeman ak/oswa Ko-asirans aplikab ki dekri nan tablo Enfòmasyon sou Avantaj yo.

Montan ou peye pou nenpòt nan sa ki annapre la yo nan Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn lan p ap gen ladan kalkil okenn limit ki Sot nan pòch ki endike nan *SËTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS sa a*:

## South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

- Sèten kupon oswa òf ki sot nan fabrikan pwodui famasetik oswa yon afilye. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou yo entèdiksyon kupon oswa òf, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.
- Nenpòt pwodui medikaman ki pa garanti. Ou responsab peye 100% pri a (montan famasi a faktire ou) pou nenpòt pwodui medikaman ki pa kouvri. Tarif Administratè Reklamasyon yo gen nan kontra (Frè Medikaman Preskripsyon Administratè Reklamasyon yo) p ap disponib pou ou.

## Enfòmasyon sou Peman

Yo kalkile Limit ki Sot nan pòch pou Medikaman sou baz yon ane sivil.

<b>Kondisyon Peman ak Deskripsyon</b>	<b>Montan yo</b>
<b>Limit ki Sot nan pòch pou Medikaman</b>	
<p>Montan maksimòm ou oblije peye pou Pwodui Medikaman Preskripsyon garanti yo nan yon sèl ane. On fwa ou rive nan Limit ki Sot nan pòch ou pou Medikaman, ou p ap gen pou peye Kopeman oswa Ko-asirans pou Pwodui Medikaman Preskripsyon ki garanti yo pou rès ane a.</p> <p>Koupon: Administratè Reklamasyon yo gendwa pa otorize sèten kupon oswa òf fabrikan pwodui famasetik yo oswa yon afilye aplike nan Limit ki Sot nan pòch ou pou Medikaman. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou yo entèdiksyon kupon oswa òf, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p>	<p>\$2,000 pou chak Moun ki Asire, san depase \$6,000 pou tout Moun ki Asire nan yon fanmi.</p>
<b>Kopeman ak Ko-asirans</b>	
<p><b>Kopeman</b></p> <p>Kopeman pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo se yon montan dola byen presi.</p> <p><b>Ko-asirans</b></p> <p>Ko-asirans pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo se yon pousantaj Frè Pwodui Medikaman Preskripsyon an.</p> <p><b>Kopeman ak Ko-asirans</b></p> <p>Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou detèmine dapre plasman nivo ke Komite Jesyon Lis Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug List, PDL) an mete pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon.</p> <p>Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou ka redui lè ou patisipe nan sèten pwogram ki ka gen egzijans byen presi pou patisipasyon ak/oswa aktivasyon nan yon nivo amelyore Avantaj ki asosye ak</p>	<p>Pou Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo detayan, ou responsab pou peye montan ki pi ba a nan pami sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kopeman ak/oswa Ko-asirans ki aplikab la.</li> <li>• Frè Nòmal ak Òdinè Famasi Rezo a pou Pwodui Medikaman Preskripsyon an.</li> <li>• Frè Medikaman Preskripsyon pou Pwodui Medikaman Preskripsyon sa.</li> </ul> <p>Pou Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo kòmman pa lapòs, ou responsab montan ki pi ba a nan pami sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kopeman ak/oswa Ko-asirans ki aplikab la.</li> <li>• Frè Medikaman Preskripsyon pou Pwodui Medikaman Preskripsyon sa.</li> </ul> <p>Gade nan Kopeman ak/oswa Ko-asirans ki endike nan tablo Enfòmasyon Avantaj la pou jwenn montan yo.</p>

<b>Kondisyon Peman ak Deskripsyon</b>	<b>Montan yo</b>
<p>pwoqram sa yo. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwogram sa yo ak nenpòt egzijans otorizasyon davans, patisipasyon oswa aktivasyon aplikab ki asosye ak pwogram sa yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p> <p><b>Pwogram Espesyal:</b> Administratè Reklamasyon yo ka gen sèten pwogram kote nan pwogram sa yo ou ka resevwa yon Kopeman ak/oswa Ko-asirans redui oswa ogmante baze sou aksyon ou tankou respè/konfòmite avèk rejim medikaman oswa tretman ak/oswa patisipasyon nan pwogram jesyon sante. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwogram sa yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p> <p><b>Pwogram Dispans Kopeman/Ko-asirans:</b> Si w ap pran sèten Medikaman Preskripsyon, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite, epi ou vin nan sèten Pwodui Medikaman Preskripsyon ki gen yon nivo ki pi ba oswa Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite, Administratè Reklamasyon yo ka anile Kopeman ou ak/oswa Ko-asirans ou pou youn oswa plizyè Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p><b>Pwodui Medikaman Preskripsyon ke yon Espesyalis preskri:</b> Ou ka resevwa yon Kopeman ak/oswa Ko-asirans redui oswa ogmante baze sou si se yon Espesyalis ki te preskri Pwodui Medikaman Preskripsyon an. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon konsènan ki Pwodui Medikaman Preskripsyon ki depann de yon Kopeman ak/oswa Ko-asirans redui oswa ogmante, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p> <p><b>REMAK:</b> Sitiyasyon nivo yon Pwodui Medikaman Preskripsyon ka chanje detanzantan. Chanjman sa yo fèt</p>	

<b>Kondisyon Peman ak Deskripsyon</b>	<b>Montan yo</b>
<p>anjeneral chak twa mwa, men pa plis pase sis fwa pou chak ane sivil, baze sou desizyon Komite Jesyon PDL lan sou nivo yo. Lè sa rive, ou ka peye plis oswa mwens pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon, selon plasman nivo li. Pou konnen sitiyasyon nivo ki pi resan an, tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p> <p><b>Koupon:</b> Administratè Reklamasyon yo gendwa pa otorize itilizasyon sèten kupon oswa òf fabrikan pwodui famasetik yo oswa yon afilye aplike pou redui Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou yo entèdiksyon kupon oswa òf, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p>	

## Tablo Lis Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn

Montan ou oblije peye yo jan yo endike anba a nan *Lis Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* lan baze sou Frè Medikaman Preskripsyon pou Avantaj Rezo yo.

<b>Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn</b>	<b>Ki Montan Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon Kopeman, Ko-asirans oswa Toude</b>	<b>Deskripsyon ak Limit Apwovizyonman</b>
<b>Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite</b>		
<p>Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou detèmine dapre plasman nivo ke Komite Jesyon PDL lan mete pou Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite a. Yo mete tout Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo sou Lis Medikaman Preskripsyon yo nan Nivo 1, Nivo 2 oswa Nivo 3. Pou konnen plasman nivo ou, tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p>	<p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite Nivo 1: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$15.00 pou chak Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite Nivo 2: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$125.00 pou chak Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite Nivo 3: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$250.00 pou chak Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p>	<p>Limit apwovizyonman annapre la yo aplike.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Jan founisè a ekri li, jiska yon apwovizyonman pou 31 jou youn dèyè lòt pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite, sòf si yo ajiste li dapre gwochè anbalaj fabrikasyon medikaman an, oswa baze sou limit apwovizyonman yo.</li> </ul> <p>Lè yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite anbale oswa fèt pou livre nan yon fason ki bay plis pase yon apwovizyonman 31 jou youn dèyè lòt, Kopeman ak/oswa Ko-asirans ki aplike a ap montre kantite jou yo bay yo.</p> <p>Limit apwovizyonman an aplike pou Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite ou pran nan Famasi Rezo, yon Famasi Rezo kòmman pa lapòs oswa yon Famasi Deziyen.</p>

<b>Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn</b>	<b>Ki Montan Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon Kopeman, Ko-asirans oswa Toude</b>	<b>Deskripsyon ak Limit Apwovizyonman</b>
<b>Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo Detayan</b>		
<p>Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou detèmine dapre plasman nivo ke Komite Jesyon PDL lan mete pou Pwodui Medikaman Preskripsyon an. Yo mete tout Pwodui Medikaman Preskripsyon yo sou Lis Medikaman Preskripsyon yo nan Nivo 1, Nivo 2 oswa Nivo 3. Pou konnen plasman nivo ou, tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p>	<p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 1: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$15.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 2: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$35.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 3: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$60.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon apwovizyonman yon sèl sik pou yon kontraseptif. Ou ka jwenn jiska twa sik yon sèl kou si ou peye yon Kopeman ak/oswa Ko-asirans pou chak sik yo founi.</li> </ul> <p>Lè yon Pwodui Medikaman Preskripsyon anbale oswa fèt pou livre nan yon fason ki bay plis pase yon apwovizyonman 31 jou youn dèyè lòt, Kopeman ak/oswa Ko-asirans ki aplike a ap montre kantite jou yo bay yo.</p>
<b>Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo Kòmman pa Lapòs</b>		
<p>Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou detèmine dapre plasman nivo ke Komite Jesyon PDL lan mete pou Pwodui Medikaman Preskripsyon an. Yo mete tout Pwodui Medikaman Preskripsyon yo sou Lis Medikaman Preskripsyon yo nan Nivo 1, Nivo 2 oswa Nivo 3. Pou konnen sityasyon nivo ou, tanpri kontakte nou nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p>	<p>Pou pwovizyon jiska 90 jou, ou peye:</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 1: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$30.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 2: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$70.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p> <p>Pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon Nivo 3: Okenn Frè Medikaman Preskripsyon apre ou peye \$120.00 pou chak Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.</p>	<p>Limit apwovizyonman annapre la yo aplike:</p> <p>Administratè Reklamasyon yo ka otorize yon apwovizyonman 31-jou nan Famasi Kòmman pa Lapòs pou sèten Pwodui Medikaman Preskripsyon pou Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou ta peye nan yon Famasi Rezo detayan. Pou konnen si yon apwovizyonman 31 jou pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon disponib pa mwayen Famasi Kòmman pa Lapòs pou yon Kopeman ak/oswa</p>

<b>Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn</b>	<b>Ki Montan Ou Peye? Sa Ka Gen Ladan yon Kopeman, Ko-asirans oswa Toude</b>	<b>Deskripsyon ak Limit Apwovizyonman</b>
		<p>Ko-asirans Famasi Rezo detayan, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan <a href="http://www.myuhc.com">www.myuhc.com</a> oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.</p> <p>Ou ka oblije egzekite premye kòmman Pwodui Medikaman Preskripsyon an epi jwenn 2 renouvèlman medikaman atravè yon famasi detayan anvan ou itilize yon Famasi Rezo kòmman pa lapòs.</p> <p>Pou itilize pi byen Avantaj ou an, mande Doktè ou pou li ekri Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman ou an pou yon apwovizyonman 90 jou, avèk renouvèlman lè genyen. Yo pral faktire ou yon Kopeman ak/oswa Ko-asirans kòmman pa lapòs pou nenpòt Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman ou voye nan famasi kòmman pa lapòs la kèlkeswa kantite jou apwovizyonman ki ekri sou Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman an. Asire ou Doktè ou ekri Odonans Preskripsyon oswa Renouvèlman ou pou yon apwovizyonman 90 jou, men li pa yon ekri yon apwovizyonman 30 jou avèk twa renouvèlman.</p>



## **Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn**

### **United Healthcare Services, Inc.**

Pòsyon sa a nan Plan an bay Avantaj pou Pwodui Medikaman Preskripsyon yo.

Paske seksyon sa a fè pati yon dokiman legal, Esponnsò Plan an vle ba ou enfòmasyon sou dokiman an ki pral ede ou konprann li. Sèten mo an majiskil gen siyifikasyon espesyal. Administratè Reklamasyon yo te defini mo sa yo swa nan *Deskripsyon Rezime Plan (SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS)* an nan *Tèm Defini* yo oswa nan Plan sa a nan *Tèm Defini Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn*.

Lè Esponnsò Plan an itilize mo "ou" ak "w" ak "oumenm", Esponnsò Plan vle pale de moun ki se Moun ki Asire yo, paske tèm lan defini nan *Tèm Defini* yo.

REMAK: Dispozisyon Kowòdinasyon Avantaj nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a nan *Kowòdinasyon Avantaj* yo aplike pou Pwodui Medikaman Preskripsyon ki garanti nan Plan Medikaman Preskripsyon pasyan ekstèn sa a. Avantaj pou Pwodui Medikaman Preskripsyon yo pral kowòdone ak avantaj nenpòt lòt plan sante nan menm fason ak Avantaj pou Sèvis Swen Sante Garanti ki dekri nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* lan.

## Entwodiksyon Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn

### Politik ak Machaswiv Pwoteksyon asirans

Komite Jesyon Lis Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug List, PDL) Administratè Reklamasyon yo fè chanjman plasman nivo onon Administratè Reklamasyon yo. Komite Jesyon PDL la konsidere yon kantite faktè, sa gen ladan faktè klinik ak ekonomik, pou mete Pwodui Medikaman Preskripsyon FDA apwouve yo nan nivo yo. Faktè klinik yo ka gen ladan evalyasyon plas la nan terapi oswa nan itilizasyon parapò ak lòt pwodui oswa sèvis sanblab, sit swen, sekirite oswa efikasite relatif Pwodui Medikaman Preskripsyon an, ansanm ak si sèten limit apwovizyonman oswa egzijans otorizasyon davans ta dwe aplike. Faktè ekonomik yo ka gen ladan pri total Pwodui Medikaman Preskripsyon an, sa gen ladan nenpòt rabè ak evalyasyon efikasite rantabilite Pwodui Medikaman Preskripsyon an.

Sèten Pwodui Medikaman Preskripsyon pi rant pou trete pwoblèm medikal byen presi parapò ak lòt yo; pakonsekan, yo ka mete yon Pwodui Medikaman Preskripsyon nan plizyè nivo selon pou ki pwoblèm medikal yo preskri Pwodui Medikaman Preskripsyon an pou tretman, oswa selon si se yon Espesyalis ki te preskri li.

Administratè Reklamasyon yo ka, detanzantan, chanje plasman yon Pwodui Medikaman Preskripsyon nan pami nivo yo. Chanjman sa yo ap fèt anjeneral chak twa mwa, men pa plis pase sis fwa pou chak ane sivil. Chanjman sa yo ka rive san avètisman davans pou ou.

Lè y ap konsidere yon Pwodui Medikaman Preskripsyon pou plasman nivo, Komite Jesyon PDL lan egzamine faktè klinik ak ekonomik konsènan Moun ki Asire yo antanke popilasyon jeneral. Se oumenm ak Doktè ki preskri ou an ki deside si yon Pwodui Medikaman Preskripsyon espesyalman apwopriye pou ou.

REMAK: Plasman nivo yon Pwodui Medikaman Preskripsyon ka chanje, detanzantan, baze sou pwosesis la ki dekri anwo a. Kòm rezilta chanjman sa yo, ou ka oblije peye plis oswa mwens pou Pwodui Medikaman Preskripsyon sa. Pou konnen plasman nivo ki pi resan an, tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

### Kat Idantifikasyon (Kat ID) - Famasi Rezo

Ou dwe swa montre kat ID ou nan moman ou pran Pwodui Medikaman Preskripsyon ou nan yon Famasi Rezo oswa ou dwe bay Famasi Rezo a enfòmasyon idantifikasyon ke Administratè Reklamasyon yo ka verifye pandan lè nòmal biwo.

Si ou pa montre kat ID ou oswa ou pa bay enfòmasyon ki ka verifye nan yon Famasi Rezo, ou dwe peye Frè Nòmal ak Òdinè pou Pwodui Medikaman Preskripsyon an nan famasi a.

Ou ka chèche ranbousman nan men Plan an jan sa dekri nan (*SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS*) nan *Fason pou Depoze yon Reklamasyon*. Lè ou soumèt yon reklamasyon sou baz sa a, ou ka peye plis paske ou pa te verifye kalifikasyon ou lè yo te ba ou Pwodui Medikaman Preskripsyon an. Montan y ap ranbouse a ap baze sou Frè Medikaman Preskripsyon an, mwens Kopeman ak/oswa Ko-asirans obligatwa ak nenpòt dediktib ki aplike.

Soumèt reklamasyon ou bay:

Optum Rx

PO Box 29077

Hot Springs, AR 71903

## Famasi Deziyen yo

Si ou bezwen sèten Pwodui Medikaman Preskripsyon, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou nan yon Famasi Deziyen ke Administratè Reklamasyon yo te fè yon aranjman ak li pou bay Pwodui Medikaman Preskripsyon yo.

Si yo dirije ou nan yon Famasi Deziyen epi ou chwazi pou ou pa pran Pwodui Medikaman Preskripsyon ou an nan yon Famasi Deziyen, w ap resevwa Avantaj andeyò Rezo pou Pwodui Medikaman Preskripsyon sa.

## Kilè Administratè Reklamasyon yo Limite Seleksyon Famasi yo?

Si Administratè Reklamasyon yo detèmine ke ou petèt ap itilize Pwodui Medikaman Preskripsyon yo nan yon fason danjere oswa abizif, oswa avèk frekans ki danjere, chwa Famasi Rezo ou ka limite. Si sa rive, Administratè Reklamasyon yo ka egzije pou ou chwazi yon Famasi Rezo ki pral bay epi kowòdone tout sèvis famasi yo pi devan. Avantaj yo ap peye sèlman si ou itilize Famasi Rezo ki chwazi a. Si ou pa fè yon chwa nan 31 jou oplita apre dat Administratè Reklamasyon yo enfòmè ou, Administratè Reklamasyon yo pral chwazi yon Famasi Rezo pou ou.

## Ranbousman ak Peman Lòt

Administratè Reklamasyon yo ak South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund ka resevwa rabè pou sèten medikaman ki sou lis Pwodui Medikaman Preskripsyon yo. Administratè Reklamasyon yo pa transmèt ou rabè sa yo, ni yo pa pran teni kont de yo pou detèmine Kopeman ak/oswa Ko-asirans ou.

Administratè Reklamasyon yo, epi yon kantite antite afilye Administratè Reklamasyon, fè afè avèk fabrikan pwodui famasetik separe ak apa de *Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan Ekstèn* sa a. Biznis sa yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, kòlèk done, konsiltasyon, sibvansyon edikatif ak rechèch. Montan yo te resevwa nan men fabrikan pwodui famasetik yo dapre aranjman sa yo pa gen rapò ak *Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan Ekstèn* sa a. Administratè Reklamasyon yo pa oblije transmèt ou, epi li pa transmèt ou, montan sa yo.

## Koupon, Ankourajman ak lòt Kominikasyon

Nan divès moman, Administratè Reklamasyon yo ka voye kourye oswa voye lòt kominikasyon pou ou, Doktè ou, oswa famasi ou ki kominike divès kalite mesaj, tankou enfòmasyon sou Pwodui Medikaman Preskripsyon ak san preskripsyon. Kominikasyon sa yo ka gen ladan òf ki pèmèt ou, dapre desizyon ou, pou achte pwodui ki dekri a avèk yon rabè. Nan sèten ka, antite ki pa UnitedHealthcare ka soutni ak/oswa bay kontni pou kominikasyon ak òf sa yo. Se sèlman oumenm ak Doktè ou ki kapab detèmine si yon chanjman nan Rejim Medikaman Preskripsyon ak/oswa san preskripsyon apwopriye pou eta sante ou.

## Pwogram Espesyal

Administratè Reklamasyon yo ka gen sèten pwogram kote nan pwogram sa yo ou ka resevwa yon Avantaj amelyore oswa redui baze sou aksyon ou tankou respè/konfòmite avèk rejim medikaman oswa tretman ak/oswa patisipasyon nan pwogram jesyon sante. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwogram sa yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

## Pwogram Medikaman Antretyen

Si ou bezwen sèten Medikaman Antretyen, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou nan Famasi Rezo kòmman pa lapòs pou jwenn Medikaman Antretyen sa yo. Si ou chwazi pou ou pa pran Medikaman Antretyen ou yo nan Famasi Rezo Kòmman pa Lapòs la, pou ou chwazi pou pa patisipe nan Pwogram

South Florida Hotel & Culinary Welfare Fund Medical ak Plan Medikaman sou Preskripsyon

Medikaman Antretyen an, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an. Si ou chwazi pou ou pa patisipe lè yo dirije ou sou yon Famasi Rezo Kòmman pa Lapòs, men ou pa enfòme Administratè Reklamasyon yo, yo p ap peye okenn Avantaj.

### **Pwodui Medikaman Preskripsyon ke yon Espesyalis Preskri**

Ou ka resevwa yon Avantaj amelyore oswa redui, ou ka pa resevwa Avantaj, baze sou si se yon Espesyalis ki te preskri Pwodui Medikaman Preskripsyon an. Pou jwenn aksè nan enfòmasyon konsènan ki Pwodui Medikaman Preskripsyon ki depann de amelyorasyon, rediksyon Avantaj oswa ki pa gen Avantaj, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

# Avantaj pou Pwodui Medikaman Preskripsyon

Avantaj yo disponib pou Pwodui Medikaman Preskripsyon nan Famasi Rezo a, epi yo depann de Kopeman ak/oswa Ko-asirans oswa lòt peman ki varye selon nan ki nivo yo mete Pwodui Medikaman Preskripsyon an sou lis Medikaman Preskripsyon yo. Gade nan *Lis Avantaj Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* pou jwenn egzijans Kopeman ak/oswa Ko-asirans aplikab yo.

Avantaj pou Pwodui Medikaman Preskripsyon yo disponib lè Pwodui Medikaman Preskripsyon an koresponn ak definisyon yon Sèvis Swen Sante Garanti oswa yo preskri li pou anpeche kòmansman gwosès.

## **Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite**

Yo bay Avantaj yo pou Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo.

Si ou Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo, Administratè Reklamasyon yo ka dirije ou nan yon Famasi Deziyen ke Administratè Reklamasyon yo te fè yon aranjman ak li pou bay Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo.

Si yo dirije ou nan yon Famasi Deziyen epi ou chwazi pou ou pa pran Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite ou an nan yon Famasi Deziyen, yo p ap peye Avantaj.

Tanpri gade nan *Tèm Defini Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* pou jwenn yon deskripsyon konplè Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite ak Famasi Deziyen.

*Lis Avantaj Pwodui Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* lan ap endike ou kijan limit apwovizyonman Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite aplike.

## **Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo Detayan**

Yo bay Avantaj pou Pwodui Medikaman Preskripsyon ke yon Famasi Rezo detayan bay.

*Lis Avantaj Pwodui Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* lan ap endike ou kijan limit apwovizyonman Famasi Rezo detayan aplike.

## **Pwodui Medikaman Preskripsyon nan yon Famasi Rezo Kòmman pa Lapòs**

Yo bay Avantaj pou sèten Pwodui Medikaman Preskripsyon ke yon Famasi Rezo kòmman pa lapòs bay.

*Lis Avantaj Pwodui Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* lan ap endike ou kijan limit apwovizyonman Famasi Rezo kòmman pa lapòs aplike.

Tanpri kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou konnen si yo bay Avantaj yo pou Pwodui Medikaman Preskripsyon ou ak pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn Pwodui Medikaman Preskripsyon ou pa mwayen yon Famasi Rezo kòmman pa lapòs.

# Esklizyon Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan Ekstèn

Esklizyon pwoteksyon asirans ki endike nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a aplike tou pou Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan Ekstèn sa a. Anplis, esklizyon yo ki endike anba a aplike.

Lè yon esklizyon aplike sèlman pou sèten Pwoudui Medikaman Preskripsyon, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an pou jwenn enfòmasyon konsènan ki Pwoudui Medikaman Preskripsyon yo eskli.

1. Pwoudui Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn ou jwenn nan yon Famasi andeyò Rezo a.
2. Pwoteksyon asirans pou Pwoudui Medikaman Preskripsyon pou kantite yo bay (jou apwovizyonman oswa limit sou kantite) ki depase limit apwovizyonman an.
3. Pwoteksyon asirans pou Pwoudui Medikaman Preskripsyon pou kantite yo bay (jou apwovizyonman oswa limit sou kantite) ki mwens ke limit apwovizyonman minimòm lan.
4. Pwoudui Medikaman Preskripsyon yo bay andeyò Etazini, eksepte si sa nesèsè pou Tretman Dijans.
5. Medikaman ki preskri, ke yo bay oswa ke yo gen pou itilize pandan yon Sejou Pasyan entène.
6. Sèvis Eksperimantal oswa pou Envestigasyon oswa ki Pa pwouve epi medikaman; medikaman yo itilize pou tretman eksperimantal pou maladi byen presi ak/oswa rejim dòz yo ke Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm eksperimantal, pou investigasyon oswa ki pa pwouve.
7. Pwoudui Medikaman Preskripsyon ke gouvènman lokal, Eta oswa federal founi. Nenpòt Pwoudui Medikaman Preskripsyon nan mezi ke peman oswa avantaj bay oswa disponib nan gouvènman lokal, Eta oswa federal (pa egzanp, Medicare), kit wi ou non ou peman oswa avantaj yo resevwa, eksepte jan lalwa prevwa otreman.
8. Pwoudui Medikaman Preskripsyon pou nenpòt pwoblèm, Blesi, Maladi oswa Maladi Mantal ki soti nan, oswa ki rive nan dewoulman, travay ki gen avantaj disponib pou yo nan nenpòt lwa konpansasyon travayè oswa lòt lwa menm jan, kit wi ou non yon reklamasyon pou Avantaj sa yo te fèt oswa peman oswa avantaj te resevwa.
9. Nenpòt pwoudui yo bay nan bi pou siprime apeti oswa pou pèdi pwa.
10. Yon Pwoudui Famasetik ki gen Avantaj yo bay pou li nan pòsyon avantaj medikal yo nan Plan an nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a. Sa gen ladan tout fòm vaksen/iminizasyon yo. Esklizyon sa a pa aplike nan Depo Provera ak lòt medikaman enjektab yo itilize pou kontrasepsyon.
11. Ekipman Medikal Dirab, sa gen ladan ponp ensilin ak founiti asosye yo pou jesyon ak tretman dyabèt, ki gen Avantaj yo bay pou yo nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a. Founiti Pasyan ekstèn ki preskri ak sa ki pa-preskri. Sa pa aplike pou founiti dyabetik ak espasè inalaté ki endike espesyalman kòm atik ki garanti.
12. Vitamin jeneral yo, alesepsyon sa ki annapre la yo, ki mande yo Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman:
  - Vitamin prenatal.
  - Vitamin ak fliyòrid.
  - Vitamin antite inik.
13. Anbalaj inite oswa rekondisyonè Pwoudui Medikaman Preskripsyon.

14. Medikaman yo itilize pou rezon kosmetik.
15. Pwoudui Medikaman Preskripsyon, sa gen ladan Nouvo Pwoudui Medikaman Preskripsyon oswa nouvo fòm dòz, ke Administratè Reklamasyon yo detèmine ki pa reponn a definisyon yon Sèvis Swen Sante Garanti.
16. Pwoudui Medikaman Preskripsyon kòm yon ranplasman pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon yo te bay anvan sa ki pèdi, ke yo vòlè, ki kase oswa detwi.
17. Pwoudui Medikaman Preskripsyon lè preskri yo pou trete enfètilite.
18. Sèten Pwoudui Medikaman Preskripsyon pou sispann tabak.
19. Medikaman konpoze ki gen sèten pwoudui chimik angwo ladan. (Medikaman konpoze ki gen omwen yon engredyan ki egzije pou yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman afekte nan Nivo 3.) Medikaman konpoze ki disponib kòm yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon sanblab ki disponib sou mache a.
20. Medikaman ki disponib san preskripsyon ki pa egzije yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman dapre lwa federal oswa lwa Eta anvan yo bay yo, sòf si Administratè Reklamasyon yo te deziyen medikaman yo vann san preskripsyon an kòm medikaman ki kalifye pou pwoteksyon kòm si se te yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon epi yo jwenn li ak yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman yon Doktè bay. Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki disponib sou fòm san preskripsyon oswa ki fèt ak konpozan ki disponib sou fòm san preskripsyon oswa ekivalan. Sèten Pwoudui Medikaman Preskripsyon ke Administratè Reklamasyon yo detèmine kòm Ekivalan sou plan Terapetik ak yon medikaman oswa sipleman san preskripsyon. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil. Administratè Reklamasyon yo ka deside nenpòt lè pou retabli Avantaj pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki te eskli anvan sa dapre dispozisyon sa a.
21. Sèten nouvo Pwoudui Medikaman Preskripsyon ak/oswa nouvo fòm dòz jouk rive nan dat Komite Jesyon PDL Administratè Reklamasyon yo egzamine yo ak mete yo nan yon nivo.
22. Òmòn kwasans pou timoun ki gen ti wotè nan fanmi (tay kout baze sou eridite epi ki pa akòz yon dyagnostik pwoblèm medikal).
23. Nenpòt pwoudui ki gen itilizasyon prensipal kòm yon sous nitrisyon, sipleman nitrisyonèl, oswa jesyon dyetetik maladi, ak pwoudui alimantè medikal sou preskripsyon menm lè yo itilize yo pou tretman Maladi oswa Blesi.
24. Yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki gen (yon) engredyan aktif (yo) disponib epi ki Ekivalan sou plan Terapetik ak yon lòt Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki Garanti. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil. Administratè Reklamasyon yo ka deside nenpòt lè pou retabli Avantaj pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki te eskli anvan sa dapre dispozisyon sa a.
25. Yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki gen (yon) engredyan aktif (yo) ki se yon vèsyon modifiye epi ki Ekivalan sou plan Terapetik ak yon lòt Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki Garanti. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil. Administratè Reklamasyon yo ka deside nenpòt lè pou retabli Avantaj pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki te eskli anvan sa dapre dispozisyon sa a.
26. Sèten Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki gen disponib pou yo lòt chwa Ekivalan sou plan Terapetik, sòf si lalwa egzije oswa Administratè Reklamasyon yo apwouve otreman. Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil. Administratè Reklamasyon yo ka deside nenpòt lè pou retabli Avantaj pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki te eskli anvan sa dapre dispozisyon sa a.
27. Sèten Pwoudui Medikaman Preskripsyon ke yon Espesyalis pa te preskri.
28. Yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki gen mariwana ladan, sa gen ladan mariwana medikal.

29. Pwoudui dantè, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, preskripsyon fliyò pou mete sou deyò.
30. Yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon avèk swa:
- Yon byosimilè apwouve.
  - Yon byosimilè ak Ekivalan sou plan Terapetik pou yon lòt Pwoudui Medikaman Preskripsyon Garanti.

Pou rezon esklizyon sa a yon "byosimilè" se yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon byolojik apwouve baze sou toude eleman annapre la yo:

- Li trè menm jan ak yon pwoudui referans (yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon byolojik).
- Li pa gen okenn gwo diferans sou plan klinik pou sa ki konsène sekirite ak efikasite parapò pwoudui referans lan.

Desizyon sa yo ka pran jiska sis fwa pandan yon ane sivil. Administratè Reklamasyon yo ka deside nenpòt lè pou retabli Avantaj pou yon Pwoudui Medikaman Preskripsyon ki te eskli anvan sa dapre dispozisyon sa a.

31. Kit ak pwoudui dyagnostik yo.
32. Aplikasyon lojisye ak/oswa monitè ki disponib piblikman ki ka disponib avèk oswa san yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman.
33. Nenpòt medikaman yo itilize pou tretman pwoblèm bann oswa malfonksyonman seksyèl.



# Tèm Defini Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn

**Chimikman Ekivalan** - lè Pwodui Medikaman Preskripsyon an gen menm engredyan aktif.

**Ekivalan sou plan Terapetik** - lè Pwodui Medikaman Preskripsyon yo gen esansyèlman menm efikasite ak pwofil efè negatif.

**Famasi Deziyen** - yon famasi ki te pase yon kontra avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk yon òganizasyon ki fè kontra onon Administratè Reklamasyon yo, pou bay Pwodui Medikaman Preskripsyon byen presi. Sa gen ladan Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo. Se pa tout Famasi Rezo yo ki Famasi Deziyen.

**Famasi Rezo** - yon famasi:

- Ki te pase yon kontra avèk Administratè Reklamasyon yo oswa avèk yon òganizasyon ki fè kontra onon Administratè Reklamasyon yo, pou bay Pwodui Medikaman Preskripsyon pou Moun ki Asire.
- Ki te dakò ak aksepte tarif ranbousman byen presi pou bay Pwodui Medikaman Preskripsyon.
- Ke Administratè Reklamasyon yo te deziyen kòm yon Famasi Rezo.

**Frè Medikaman Preskripsyon** - tarif Plan an te dakò pou peye Administratè Reklamasyon yo onon Famasi Rezo li yo pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon yo bay nan yon Famasi Rezo. Tarif la gen ladan nenpòt frè distribisyon aplikab ak taks sou lavant yo.

**Frè Nòmal ak Òdinè** - frè abityèl ke yon famasi faktire moun pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon san pa gen referans pou twazyèm pati ranbouse famasi a. Frè sa a gen ladan nenpòt frè distribisyon aplikab ak taks sou lavant.

**Jenerik** - yon Pwodui Medikaman Preskripsyon: (1) ki Chimikman Ekivalan ak yon medikaman mak komèsyal; oswa (2) ke Administratè Reklamasyon yo idantifye kòm yon pwodui Jenerik baze sou resous done ki disponib yo. Sa gen ladan sous done tankou Medi-Span, ki klase medikaman yo swa kòm Mak komèsyal oswa kòm Jenerik baze sou yon kantite faktè. Administratè Reklamasyon yo p ap klase kòm Jenerik tout pwodui ke fabrikan an, famasi oswa Doktè ou idantifye kòm yon "jenerik".

**Komite Jesyon Lis Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug List, PDL)** - komite ke Administratè Reklamasyon yo deziyen pou mete Pwodui Medikaman Preskripsyon yo nan nivo byen presi.

**Limit ki Sot nan pòch pou Medikaman** - montan maksimòm ou peye pou Pwodui Medikaman Preskripsyon garanti yo chak ane. *Lis Avantaj Pwodui Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn* lan ap endike ou kijan Limit ki Sot nan pòch pou Medikaman yo aplike.

**Lis Medikaman Preskripsyon** - yon lis ki mete nan nivo medikaman oswa pwodui ke *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* te apwouve. Limit sa a ka sibi revizyon ak chanjman Administratè Reklamasyon yo detanzantan. Pou konnen nan ki nivo yo mete yon Pwodui Medikaman Preskripsyon espesyalman, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Mak komèsyal** - yon Pwodui Medikaman Preskripsyon: (1) ke yon fabrikan medikaman byen presi fabrike ak komèsyalize sou yon mak komèsyal oswa yon non; oswa (2) ke Administratè Reklamasyon yo idantifye kòm yon pwodui Mak komèsyal baze sou resous done ki disponib. Sa gen ladan sous done tankou Medi-Span, ki klase medikaman yo swa kòm Mak komèsyal oswa kòm Jenerik baze sou yon kantite faktè. Administratè Reklamasyon yo p ap klase kòm mak komèsyal tout pwodui ke fabrikan an, famasi oswa Doktè ou idantifye kòm yon "mak komèsyal".

**Medikaman Antretyen** - yon Pwodui Medikaman Preskripsyon yo prevwa pou itilize pandan sis mwa oswa plis pou trete oswa pou anpeche yon maladi kwonik. Pou konnen si yon Pwodui Medikaman Preskripsyon se yon Medikaman Antretyen, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Medikaman Swen Prevantif Pataj Frè Zewo Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Bon Mache (Patient Protection and Affordable Care Act, PPACA)** - medikaman yo ke yo jwenn nan yon Famasi Rezo avèk yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman ke yon Doktè bay epi ki peyab a 100% frè Medikaman Preskripsyon (san aplikasyon okenn Kopeman, Ko-asirans, Dediktib Anyèl, Dediktib Medikaman Anyèl oswa Dediktib Anyèl Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite) dapre egzijans lwa aplikab nan nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Atik oswa sèvis ki baze sou prèv ki gen anvigè yon Notasyon "A" oswa "B" nan rekòmandasyon aktyèl *Ekip Entèvansyon Prevantif Etazini*.
- Vaksinasyon ki gen anvigè yon rekòmandasyon *Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi*.
- Pou sa ki konsène tibebe, timoun ak adolesan, swen prevantif ak depistaj baze sou done prèv prevwa nan direktiv detaye ki gen sipò *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante*.
- Pou sa ki konsène fanm yo, swen depistaj ak swen prevantif anplis prevwa nan direktiv detaye ki gen sipò *Administrasyon Resous ak Sèvis Sante*.

Pou konnen si yon medikaman se yon Medikaman Swen Prevantif Pataj Frè Zewo PPACA, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

**Nouvo Pwodui Medikaman Preskripsyon** - yon Pwodui Medikaman Preskripsyon oswa nouvo fòm dòz pou yon Pwodui Medikaman Preskripsyon ki apwouve deja, pou peryòd tan ki kòmanse nan dat *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* apwouve Pwodui Medikaman Preskripsyon an oswa nouvo fòm dòz la epi ki fini dat ki avan nan pami dat annapre la yo:

- Dat Komisyon Administrasyon PDL Administratè Reklamasyon yo mete li nan yon nivo.
- 31 Desanm nan ane sivil annapre a.

**Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman** - direktiv pou bay yon Pwodui Medikaman Preskripsyon ke yon founisè swen sante lisansye kòmsadwa bay, ki gen pòte pratik li ki otorize li bay direktiv la.

**PPACA** - Lwa 2010 sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Bon Mache (Patient Protection and Affordable Care Act).

**Pwodui Medikaman Preskripsyon** - yon medikaman oswa pwodui ke *Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)* te apwouve epi ke yo kapab bay, dapre lwa federal oswa lwa eta, sèlman dapre yon Òdonans Preskripsyon oswa Renouvèlman. Yon Pwodui Medikaman Preskripsyon gen ladan yon medikaman ki apwopriye pou pran pou kont ou oswa ke yon moun k ap bay swen ki pa kalifye bay. Pou rezon Avantaj yo nan Plan Medikaman Preskripsyon Pasyan ekstèn lan, definisyon sa a gen ladan:

- Inalatè (avèk espasè).
- Ensilin.
- Pwodui dyabetik annapre la yo:
  - sereng ensilin estanda avèk zegwi;
  - bann reyaktif pou tès san - glikoz;

- bann reyaktif pou tè s pipi - glikoz;
- bann reyaktif ak konprime pou tè s setòn;
- lansèt ak aparèy lansèt; ak
- glikomèt. Sa pa gen ladan monitè glikoz kontini. Yo bay avantaj pou monitè glikoz kontini yo jan li dekri nan pòsyon medikal la nan *SÈTIFIKA PWOTEKSYON ASIRANS* sa a.

**Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite** - Pwodui Medikaman Preskripsyon ki koute chè anjeneral, medikaman byoteknoloji ou bay tèt ou, ki itilize pou trete pasyan ki gen sèten maladi. Pou jwenn aksè nan yon lis konplè Pwodui Medikaman Preskripsyon Espesyalite yo, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo nan [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com) oswa nan nimewo telefòn ki sou kat ID ou an.

## Reklamasyon ak Avi Apèl

Yo ba ou Avi sa a pou dekri responsablite nou gen dapre lwa Federal pou fè detèminasyon avantaj yo ak dwa ou gen pou fè apèl kont desizyon defavorab sou avantaj yo.

### Detèminasyon Avantaj

#### Reklamasyon Apre Sèvis

Reklamasyon apre sèvis yo se reklamasyon ke yo depoze pou peman Avantaj apre ou fin resevwa swen medikal. Si yo refize reklamasyon apre sèvis la, ou pral resevwa yon avi alekri nan men Administratè Reklamasyon yo nan lespas 30 jou apre yo resevwa reklamasyon an, toutotan yo te bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo avèk reklamasyon an. Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen nan peryòd 30 jou sa a si enfòmasyon anplis nesèsè pou travay sou reklamasyon an, epi li ka mande yon sèl pwolongasyon ki pa dire pi lontan pase 15 jou epi fè demann ou an annatant jiskaske li resevwa tout enfòmasyon yo.

On fwa ou enfòmè sou pwolongasyon an, lè sa ou gen 45 jou pou bay enfòmasyon sa yo. Si yo resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè yo nan delè 45 jou yo, epi yo refize reklamasyon an, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen refi a nan 15 jou apre yo resevwa enfòmasyon yo. Si ou pa bay enfòmasyon ki nesèsè nan peryòd 45 jou yo, y ap refize reklamasyon ou an.

Yon avi refi ap eksplike rezon pou refi a, l ap bay referans pati nan Plan an refi a baze sou li, epi bay pwosedi pou fè apèl reklamasyon yo.

Si ou gen Avantaj pwodui medikaman preskripsyon epi yo mande pou ou peye tout pri a pou yon preskripsyon lè ou egzekite li nan yon famasi detayan oswa kòmman pa lapòs, epi si ou kwè li ta dwe peye nan Plan an, ou ka soumèt yon reklamasyon pou ranbousman annakò avèk pwosedi aplikab pou depoze reklamasyon. Si ou peye yon Kopeman epi ou kwè montan Kopeman an pa te kòrèk, ou ka soumèt tou yon reklamasyon pou ranbousman annakò avèk pwosedi aplikab pou depoze reklamasyon. Lè ou te depoze yon reklamasyon, y ap trete reklamasyon ou an dapre menm pwosedi pou reklamasyon plan sante gwoup jan li dekri nan seksyon sa a.

Reklamasyon Apre Sèvis	
Kalite Reklamasyon oswa Apèl	Lè
Si reklamasyon ou an pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	30 jou
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon reklamasyon konplete yo oplita nan:	45 jou
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la:	
si reklamasyon inisyal la konplè, nan:	30 jou
apre li resevwa reklamasyon konplete a (si reklamasyon inisyal la pa konplè), nan:	30 jou
Ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl premye nivo a nan:	30 jou apre yo resevwa apèl premye nivo an
Ou dwe fè apèl kont apèl premye nivo a (depoze yon apèl dezyèm nivo) nan:	60 jou apre yo resevwa desizyon apèl premye

<b>Reklamasyon Apre Sèvis</b>	
<b>Kalite Reklamasyon oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
	nivo an
Fidisyè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl dezyèm nivo a nan:	30 jou apre yo resevwa apèl dezyèm nivo an

### **Demann pou Avantaj Anvan Sèvis**

Demann pou Avantaj avan sèvis se demann ki mande notifikasyon oswa apwobasyon anvan ou resevwa swen medikal. Si ou gen yon demann pou Avantaj avan sèvis, epi li te soumèt kòrèkteman avèk tout enfòmasyon ki nesèsè yo, Administratè Reklamasyon yo ap voye yon avi alekri sou desizyon Administratè Reklamasyon yo nan 15 jou apre dat yo resevwa demann lan. Si ou te soumèt yon fason ki pa kòrèk yon demann pou Avantaj avan sèvis, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen depo ki pa kòrèk la epi kijan pou korije li nan senk jou apre yo te resevwa demann pou Avantaj avan sèvis la. Si yo bezwen enfòmasyon anplis pou trete demann avan sèvis la, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen enfòmasyon ki nesèsè yo nan 15 jou apre li te resevwa li, epi li ka mande yon sèl pwolongasyon ki pa dire pi lontan pase 15 jou epi fè demann ou an annatant jiskaske li resevwa tout enfòmasyon yo. On fwa ou enfòmè sou pwolongasyon an, lè sa ou gen 45 jou pou bay enfòmasyon sa yo. Si yo resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè yo nan delè 45 jou yo, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen desizyon an nan 15 jou apre yo resevwa enfòmasyon yo. Si ou pa bay enfòmasyon ki nesèsè nan peryòd 45 jou yo, y ap refize demann pou Avantaj ou an. Yon avi refi ap eksplike rezon pou refi a, l ap bay referans pati nan Plan an refi a baze sou li, epi bay pwosedi yo pou fè apèl.

Si ou gen Avantaj pwodui medikaman preskripsyon epi yon famasi detayan oswa famasi kòmman pa lapòs pa egzekite yon preskripsyon ou te prezante, ou ka depoze yon demann pou Avantaj sante avan sèvis annakò avèk pwosedi aplikab pou depoze reklamasyon. Lè ou te depoze yon demann pou Avantaj, y ap trete demann ou an dapre menm pwosedi pou demann pou Avantaj plan sante angwoup avan sèvis jan li dekri nan seksyon sa a.

<b>Demann pou Avantaj Anvan Sèvis*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Si ou depoze demann pou Avantaj yo yon fason ki pa kòrèk, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	5 jou
Si demann ou pou Avantaj yo pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	15 jou
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo enfòmasyon demann konplete pou Avantaj yo oplita nan:	45 jou
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la:	
• si demann inisyal pou Avantaj yo konplè, nan:	15 jou
• apre li resevwa demann konplete pou Avantaj yo (si demann inisyal pou Avantaj yo pa konplè), nan:	15 jou
Ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl premye nivo a nan:	15 jou apre yo resevwa apèl premye nivo an

<b>Demann pou Avantaj Anvan Sèvis*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Ou dwe fè apèl kont apèl premye nivo a (depoze yon apèl dezyèm nivo) nan:	60 jou apre yo resevwa desizyon apèl premye nivo an
Fidisyè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl dezyèm nivo a nan:	15 jou apre yo resevwa apèl dezyèm nivo an

\*Administratè Reklamasyon yo ka mande yon pwolongasyon yon sèl fwa detèminasyon inisyal reklamasyon an, ki pa plis pase 15 jou, sèlman si plis tan nesèsè akòz sikonstans ki depase kontwòl Plan an.

### **Demann Ijan pou Avantaj ki Merite Atansyon Imedyat**

Demann ijan pou Avantaj yo se sa yo ki mande notifikasyon oswa yon detèminasyon avantaj anvan ou resevwa swen medikal, kote yon reta nan tretman ta ka mete vi oswa sante ou an danje gravman, oswa kapasite pou ou reprann maksimòm fonksyon ou oswa, dapre opinyon yon Doktè ki gen konesans sou pwoblèm medikal ou, sa ka lakòz doulè grav. Nan sitiyasyon sa yo, ou pral resevwa avi sou detèminasyon avantaj la alekri oswa elektwonikman nan 72 èdtan oplita apre Administratè Reklamasyon yo resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè yo, kote yo teni kont de gravite eta ou.

Si ou te depoze yon fason ki pa kòrèk yon demann ijan pou Avantaj, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen depo ki pa kòrèk la epi kijan pou korije li nan 24 èdtan apre yo te resevwa demann ijan an. Si yo bezwen enfòmasyon anplis pou trete demann lan, Administratè Reklamasyon yo ap fè ou konnen enfòmasyon ki nesèsè yo nan 24 èdtan olita apre yo resevwa demann lan. Lè sa, ou gen 48 èdtan pou bay enfòmasyon yo mande yo.

Yo pral enfòme ou sou yon detèminasyon avantaj pa pita pase 48 èdtan apre:

- Administratè Reklamasyon yo resevwa enfòmasyon yo mande yo; oswa
- Fen peryòd 48 èdtan kote ou te gen pou enfòmasyon anplis yo, si yo pa resevwa enfòmasyon yo nan delè sa.

Yon avi refi ap eksplike rezon pou refi a, l ap bay referans pati nan Plan an refi a baze sou li, epi bay pwosedi pou fè apèl reklamasyon yo.

<b>Demann pou Avantaj Swen Ijan*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Si demann ou pou Avantaj yo pa konplè, Administratè Reklamasyon yo dwe fè ou konnen sa nan:	24 èdtan
Lè sa, ou dwe bay Administratè Reklamasyon yo demann konplete pou Avantaj yo nan:	48 èdtan apre ou resevwa avi sou enfòmasyon anplis yo mande yo
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon avantaj la nan:	72 èdtan
Si Administratè Reklamasyon yo refize demann pou Avantaj ou yo, ou dwe fè apèl kont yon desizyon defavorab sou avantaj yo pa pita ke:	180 jou apre ou fin resevwa desizyon defavorab sou avantaj la

<b>Demann pou Avantaj Swen Ijan*</b>	
<b>Kalite Demann pou Avantaj oswa Apèl</b>	<b>Lè</b>
Administratè Reklamasyon yo dwe fè w konnen desizyon apèl la nan:	72 èdtan apre li resevwa apèl la

\*Ou pa bezwen soumèt apèl pou swen ijan yo alekri. Ou dwe rele Administratè Reklamasyon yo san pèdi tan pou fè apèl pou yon demann pou Avantaj pou swen ijan yo.

## Reklamasyon Swen Konkouran

Si yo te deja apwouve yon tretman ki ankou pou yon peryòd tan oswa pou yon kantite tretman byen presi, epi demann ou pou pwolonje tretman an se yon demann ijan pou Avantaj jan sa defini anwo a, yo pral deside sou demann ou an nan lespas 24 èdtan, akondisyon demann lan fèt omwen 24 èdtan anvan fen tretman apwouve a. Administratè Reklamasyon yo ap pran yon desizyon sou demann ou pou tretman pwolonje a nan 24 èdtan oplita apre li resevwa demann ou an.

Si demann ou pou tretman pwolonje pa fèt omwen 24 èdtan anvan fen tretman apwouve a, yo pral trete demann lan kòm yon demann ijan pou Avantaj epi deside dapre delè ki dekri anwo a. Si yo te deja apwouve yon tretman ki ankou pou yon peryòd tan oswa pou yon kantite tretman byen presi, epi ou mande pou pwolonje tretman an nan yon sikonstans ki pa ijan, yo pral konsidere demann ou an kòm yon nouvo demann epi deside dapre delè apre sèvis oswa avan sèvis, selon sa ki aplike a.

## Kesyon oswa Enkyetid konsènan Detèminasyon Avantaj

Si ou gen yon kesyon oswa enkyetid sou yon detèminasyon Avantaj, ou ka kontakte depatman *Sèvis Kliyan* nou an yon fason enfòmèl anvan ou mande yon apèl ofisyèl. Si reprezantan *Sèvis Kliyan* an pa kapab rezoud pwoblèm lan nan fason ki satisfè ou nan telefòn, ou ka soumèt kesyon ou an alekri. Men, si ou pa satisfè avèk yon detèminasyon avantaj jan sa dekri anwo a, ou ka fè apèl kont li jan sa dekri anba a, san ou pa kontakte yon reprezantan *Sèvis Kliyan* yon fason enfòmèl anvan. Si ou kontakte depatman *Sèvis Kliyan* nou an yon fason enfòmèl toudabò epi pita ou vle mande yon apèl fòmèl alekri, ou dwe kontakte *Sèvis Kliyan* ankò epi mande yon apèl. Si ou mande yon apèl ofisyèl, yon reprezantan *Sèvis Kliyan* ap ba ou adrès apwopriye a.

Si w ap fè apèl kont yon refi pou reklamasyon ijan, tanpri gade anba a nan *Apèl Ijan ki Nesesite yon Aksyon Imedyat* epi kontakte depatman *Sèvis Kliyan* nou an imedyatman.

## Kijan pou fè Apèl kont yon Desizyon sou Reklamasyon

Si ou pa dakò avèk yon desizyon sou demann pou Avantaj avan sèvis oswa yon detèminasyon reklamasyon apre sèvis oswa yon anilasyon detèminasyon pwoteksyon asirans apre ou te swiv etap yo ki anwo a, ou ka kontakte Administratè Reklamasyon yo alekri pou mande yon apèl ofisyèlman.

Demann ou dwe gen ladan:

- Non pasyan an ak nimewo idantifikasyon ki sou kat ID an.
- Dat (yo) pou sèvis medikal la (yo).
- Non founisè a.
- Rezon ki fè ou kwè reklamasyon an dwe peye.
- Nenpòt dokiman oswa lòt enfòmasyon alekri pou soutni demann ou pou peman reklamasyon an.

Premye demann apèl ou an dwe soumèt bay Administratè Reklamasyon yo nan 180 oplita jou apre ou resevwa refi reklamasyon an.

## **Pwosesis Apèl**

Yo pral nonmen yon moun kalifye ki pa te patisipe nan desizyon an w ap fè apèl kont li an pou deside sou apèl la. Si apèl ou an anrapò ak zafè klinik, revizyon an pral fèt an konsiltasyon ak yon pwofesyonèl swen sante ki gen ekspètiz apwopriye nan domèn lan, ki pa te patisipe nan desizyon anvan an. Administratè Reklamasyon yo ka konsilte, oswa chèche patisipasyon ekspè medikal nan kad pwosedi rezolisyon apèl yo. Ou aksepte referans sa a ak pataj enfòmasyon reklamasyon medikal aplikab ou lè ou soumèt apèl ou an. Sou demann epi gratis, ou gen dwa pou jwenn aksè rezonab nan kopi tout dokiman, dosye, ak lòt enfòmasyon anrapò ak reklamasyon ou pou Avantaj yo. Anplis, si Administratè Reklamasyon yo apiye sou oswa kreye nenpòt nouvo prèv oswa prèv anplis pandan desizyon sou apèl la, Administratè Reklamasyon yo ap ba ou yo gratis epi ak ase tan avan dat delè repons pou desizyon defavorab sou avantaj yo.

## **Detèminasyon Apèl**

### **Demann pou Avantaj Avan sèvis ak Apèl pou Reklamasyon apre sèvis**

Yo pral ba ou notifikasyon alekri oswa elektwonik sou desizyon an pou apèl ou an nan fason konsa:

- Pou apèl demann pou Avantaj avan sèvis yo jan li idantifye pi wo a, y ap fè premye nivo apèl la epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 15 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou apèl pou yon refi demann pou Avantaj. Dezyèm nivo apèl la ap fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 15 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou revizyon desizyon apèl premye nivo a.
- Pou apèl pou reklamasyon apre sèvis jan li idantifye pi wo a, y ap fè premye nivo apèl la epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 30 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou apèl pou yon reklamasyon yo refize. Dezyèm nivo apèl la ap fèt epi y ap enfòme ou sou desizyon an nan 30 jou oplita apre yo resevwa yon demann pou revizyon desizyon apèl premye nivo a.

Pou pwosedi ki asosye avèk demann ijan pou Avantaj yo, gade anba a nan *Apèl Ijan ki Nesesite yon Aksyon Imedyat*.

Si ou pa satisfè ak desizyon apèl premye nivo a, ou gen dwa pou mande yon apèl dezyèm nivo. Ou dwe soumèt demann apèl dezyèm nivo ou an bay Administratè Reklamasyon yo nan 60 jou oplita apre ou resevwa desizyon apèl premye nivo a.

Tanpri konnen desizyon Administratè Reklamasyon yo baze sèlman sou si wi ou non Avantaj yo disponib nan Plan an pou tretman oswa pwosedi yo pwopoze a. Desizyon pou jwenn tretman oswa pwosedi ki pwopoze a kèlkeswa desizyon Administratè Reklamasyon yo se ant oumenm ak Doktè ou.

## **Apèl Ijan ki Nesesite yon Aksyon Imedyat**

Apèl ou a ka nesosite yon aksyon imedyat si yon reta nan tretman an ta ka ogmante anpil risk pou sante ou, oswa kapasite pou reprann maksimòm fonksyon ou, oswa lakòz doulè grav. Nan sitiyasyon ijan sa yo:

- Apèl la pa bezwen soumèt alekri. Oumenm oubyen Doktè ou dwe rele Administratè Reklamasyon yo san pèdi tan.
- Administratè Reklamasyon yo ap ba ou yon desizyon alekri oswa elektwonik nan 72 èdtan oplita apre li resevwa demann ou pou revizyon desizyon an, kote l ap teni kont de gravite eta ou.



## **AVI PLAN SANTE A KONSÈNAN PRATIK KONFIDANSYALITE**

### **AVI KONSÈNAN PRATIK KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON MEDIKAL**

**AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.**

**TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.**

*Anvigè Apati 1 Janvyè 2018*

Administratè Reklamasyon yo<sup>2</sup> gen obligasyon dapre lalwa pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante ou. Administratè Reklamasyon yo gen obligasyon tou pou voye avi sa a ba ou, ki eksplike ou fason Administratè Reklamasyon yo ka itilize enfòmasyon sou ou ak lè Administratè Reklamasyon yo kapab bay oswa "divilge" enfòmasyon yo ba lòt moun. Ou gen dwa tou konsènan enfòmasyon sou sante ou ki dekri nan avi sa a. Lalwa egzije pou Administratè Reklamasyon yo respekte kondisyon avi sa a.

Tèm "enfòmasyon" oswa "enfòmasyon sou sante" ki nan avi sa a gen ladan nenpòt enfòmasyon Administratè Reklamasyon yo konsève ke yo kapab itilize yon fason rezonab pou idantifye ou epi ki gen pou wè ak pwoblèm sante fizik oswa mantal ou, fason yo ba ou swen sante a, oswa peman pou swen sante a. Administratè Reklamasyon yo ap respekte egzijans lwa sou konfidansyalite aplikab ki mande pou voye avi ba ou sizoka gen yon vyolasyon enfòmasyon sou sante ou.

Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou chanje pratik konfidansyalite li yo ak kondisyon avi sa a. Si Administratè Reklamasyon yo fè yon chanjman enpòtan nan pratik konfidansyalite li yo, Administratè Reklamasyon yo ap ba ou, nan pwochen distribisyon anyèl Administratè Reklamasyon yo, swa yon avi ki revize oswa enfòmasyon sou chanjman enpòtan ak fason pou jwenn yon avi revize. Administratè Reklamasyon yo ap ba ou enfòmasyon sa yo swa dirèkteman pa lapòs oswa sou fòm elektwonik, dapre lwa aplikab. Nan tout ka yo, si Administratè Reklamasyon yo gen yon sitwèb pou plan sante pa ou an, Administratè Reklamasyon yo ap mete avi revize a sou sitwèb plan sante ou an, tankou [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com). Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou fè nenpòt Avi ki revize oswa chanje vin anvigè pou enfòmasyon Administratè Reklamasyon yo genyen deja sou ou ak pou enfòmasyon Administratè Reklamasyon yo resevwa pi devan.

UnitedHealth Group pran ak konsève enfòmasyon aloral, alekri ak elektwonik pou administre biznis Administratè Reklamasyon yo epi pou bay pwodui, sèvis ak enfòmasyon ki gen enpòtans pou manm Plan an. Administratè Reklamasyon yo konsève pwoteksyon fizik, elektwonik ak sekirite pwosedi nan jesyon ak antretyen enfòmasyon manm Plan an, dapre estanda Eta ak estanda federal aplikab, pou pwoteje kont risk tankou pèt, destwiksyon oswa move itilizasyon.

## **Kijan Administratè Reklamasyon yo itilize oswa Divilge Enfòmasyon**

**Administratè Reklamasyon yo dwe itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou bay enfòmasyon yo:**

- Pou ou oswa yon moun ki gen dwa legal pou pran desizyon pou ou (reprizantan pèsonèl ou) pou li kapab administre dwa ou jan sa dekri nan avi sa a; epi
- Pou *Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal*, si li nesèsè, pou asire konfidansyalite ou pwoteje.

**Administratè Reklamasyon yo gen dwa pou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou tretman ou, pou peye pou swen sante ou oswa pou opere biznis Administratè Reklamasyon yo. Pa egzanp, Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou:**

- **Pou Peman** frè sèvis ou dwe Administratè Reklamasyon yo, pou detèmine pwoteksyon asirans ou, epi pou travay sou reklamasyon pou sèvis swen sante ou resevwa yo, tankou pou ranplasman oswa kowòdinasyon lòt avantaj ou ka resevwa. Pa egzanp, Administratè Reklamasyon yo ka di yon doktè si ou kalifye pou pwoteksyon asirans, ak ki pousantaj bòdwo ki ka garanti.
- **Pou Tretman.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pou ede nan tretman oswa kowòdinasyon swen sante ou. Pa egzanp, Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon yo ba Doktè ou oswa ba Lopital ou pou ede yo ba ou swen medikal.
- **Pou Operasyon Swen Sante.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante yo jan yo nesèsè pou opere ak kontwole aktivite biznis li ki gen pou wè ak ba ou ak kontwole pwoteksyon asirans swen sante ou. Pa egzanp, Administratè Reklamasyon yo ta ka pale avèk doktè ou pou sijere yon jesyon maladi oswa yon pwogram byennèt ki ta ka ede amelyore sante ou oswa Administratè Reklamasyon yo ka analize done yo pou detèmine fason Administratè Reklamasyon yo kapab amelyore sèvis li yo. Administratè Reklamasyon yo ka retire idantifikasyon tou nan enfòmasyon sou sante yo annakò avèk lwa aplikab yo. Apre yo retire idantifikasyon nan enfòmasyon sa yo, enfòmasyon yo pa konsène ankò ak avi sa a epi nou ka itilize enfòmasyon yo pou nenpòt ki objektif legal.
- **Pou Ba Ou Enfòmasyon sou Pwogram ak Pwodui ki Asosye avèk Sante** tankou lòt kalite tretman medikal ak pwogram oswa sou pwodui ak sèvis ki gen pou wè ak sante, selon limit lalwa enpoze.
- **Pou Esponnsò Plan an.** Si pwoteksyon asirans ou se pa mwayen yon plan sante gwoup ke patwon ou finanse, Administratè Reklamasyon yo ka pataje rezime enfòmasyon sou sante ou ak enfòmasyon sou enskripsyon ak anilasyon enskripsyon ou ba esponnsò plan an. Anplis, Administratè Reklamasyon yo ka divilge lòt enfòmasyon sou sante ba esponnsò plan an pou objektif administrasyon plan an si esponnsò plan an dakò avèk restriksyon espesyal sou itilizasyon li ak divilgasyon enfòmasyon yo dapre lwa federal.
- **Pou Objektif Souskripsyon.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou rezon souskripsyon; men, Administratè Reklamasyon yo p ap itilize ni divilge enfòmasyon jenetik ou pou rezon sa yo.
- **Pou Rapèl.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou voye rapèl ba ou sou avantaj ou yo oswa sou swen sante ou, tankou rapèl pou randevou avèk founisè swen sante ki ba ou swen medikal.

**Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou rezon annapre la yo nan sikonstans limite:**

- **Jan Lwa Egzije sa.** Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon yo lè lalwa egzije pou li fè sa.

- **Ba Moun ki Patisipe nan Swen Sante Ou.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon moun ki patisipe nan swen sante ou oswa ki ede peye pou swen sante ou, tankou yon manm fanmi, lè ou entatad oswa lè ou nan yon ijans, oswa lè ou dakò oswa lè ou pa konteste lè ou jwenn opòtinite a. Si ou pa disponib oswa si ou pa kapab konteste, Administratè Reklamasyon yo ap itilize pi bon jijman li pou deside si divilgasyon enfòmasyon yo ap pi bon pou ou. Règ espesyal aplike konsènan lè Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba manm fanmi yo ak ba lòt moun ki patisipe nan swen yon moun ki mouri. Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba nenpòt moun ki patisipe, anvan lanmò a, nan swen sante oswa paman pou swen yon moun ki mouri, sòf si Administratè Reklamasyon yo konnen lè li fè sa, sa pa ta annamoni avèk yon preferans moun ki mouri a te fè konnen anvan.
- **Pou Aktivite Sante Piblik** tankou rapòtaj oswa prevansyon deklanchman maladi ba yon otorite sante piblik.
- **Pou Rapòte Abi, Neglijans oswa Vyolans nan Kay ba** otorite gouvènman ki gen otorizasyon lalwa pou resevwa enfòmasyon yo, tankou yon sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis pwoteksyon.
- **Pou Aktivite Sipèvizyon Sante** ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize, tankou pou bay lisans, odit gouvènman ak ankèt sou fwòd ak abi.
- **Pou Pwosedi Jidisyè ak Administratif** tankou pou bay repons pou yon lòd tribinal, manda pou fouy oswa sitasyon pou prezante nan tribinal.
- **Pou Objektif Aplikasyon Lalwa.** Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon ofisyèl lapolis pou objektif tankou pou bay enfòmasyon limite pou jwenn yon moun ki sove oswa pou rapòte yon krim.
- **Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite** pou ou, yon lòt moun, oswa piblik la, pa egzanp, lè nou divilge enfòmasyon yo ba ajans sante piblik oswa ba otorite lapolis, oswa sizoka gen yon ijans oswa yon katastwòf natirèl.
- **Pou Fonksyon Gouvènman Espesyalize** tankou aktivite militè ak veteran, aktivite sekirite nasyonal ak ransèyman, ak sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt moun.
- **Pou Konpansasyon Travayè** jan lwa leta sou konpansasyon travayè otorize sa, oswa nan limit ki nesèsè pou respekte lwa a ki anvigè pou chòk -oswa maladi moun pran nan travay.
- **Pou Objektif Rechèch tankou** rechèch ki gen pou wè ak evalyasyon sèten tretman oswa prevansyon maladi oswa andikap, si etid rechèch la satisfè egzijans lwa sou konfidansyalite enfòmasyon.
- **Pou Bay Enfòmasyon Konsènan Moun ki Mouri.** Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon yo ba direktè ponp finèb oswa ba egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri, pou detèmine sa ki lakòz lanmò a, oswa jan lalwa otorize sa. Administratè Reklamasyon yo ka divilge enfòmasyon yo tou ba direktè ponp finèb jan li nesèsè pou li fè fonksyon li yo.
- **Pou Objektif pou Pwokire Ògàn.** Administratè Reklamasyon yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon yo ba enstitisyon ki jere apwovizyonman, bank oswa grèf ògàn, zye oswa tisi pou fasilite don ak grèf.
- **Ofisyèl Enstitisyon Koreksyonèl oswa Ofisyèl Lapolis** si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba responsablite yon ofisyèl lapolis, men sèlman si li nesèsè (1) pou enstitisyon an ba ou swen sante; (2) pou pwoteje sante ak sekirite ou oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.
- **Pou Asosye Biznis** ki fè fonksyon sou non Administratè Reklamasyon yo oswa ki bay Administratè Reklamasyon yo sèvis si enfòmasyon yo nesèsè pou fonksyon yo oswa sèvis yo. Asosye biznis Administratè Reklamasyon yo gen obligasyon, dapre kontra yo fè avèk Administratè

Reklamasyon yo epi dapre lwa federal, pou yo pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo, epi tou yo pa otorize itilize oswa divilge nenpòt enfòmasyon ki diferan ak sa ki endike nan kontra Administratè Reklamasyon yo fè avèk yo epi jan lwa federal pèmèt sa.

- **Lòt Restriksyon sou Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon.** Sèten lwa federal ak lwa leta ka egzije pou gen pwoteksyon espesyal sou enfòmasyon prive ki mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon sèten enfòmasyon sou sante, tankou enfòmasyon konfidansyèl sou ou. "Enfòmasyon ki konfidansyèl anpil" ka gen ladan enfòmasyon konfidansyèl anba lwa federal ki detèmine enfòmasyon sou abi alkòl ak dwòg ak enfòmasyon jenetik, ansanm ak lwa leta ki souvan pwoteje kalite enfòmasyon sa yo:
  - 1. VIH/SIDA;
  - 2. Sante mantal;
  - 3. Tès Jenetik;
  - 4. Abi alkòl ak dwòg;
  - 5. Maladi moun pran nan fè bagay ak enfòmasyon sou sante repwodiktif; epi
  - 6. Abi oswa neglijan sou timoun oswa adilt, ansanm ak kadejak.

Si yon itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ki dekri anwo a nan avi sa a entèdi oswa limite nèt dapre lòt lwa ki aplike pou Administratè Reklamasyon yo, entansyon Administratè Reklamasyon yo se pou satisfè egzijans lwa ki pi sevè a. Administratè Reklamasyon yo mete nan avi sa a yon dokiman "Amanman Federal ak Leta".

Sòf pou itilizasyon ak divilgasyon ki dekri yo ak limite jan sa endike nan avi sa a, Administratè Reklamasyon yo ap itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou sèlman avèk yon otorizasyon ou alekri. Sa gen ladan, sof pou sikonstans limit lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon aksepte, pou ou pa itilize ni divilge nèt sikoterapi sou ou, pou nou pa vann enfòmasyon sou sante ou ba lòt moun, oswa pou nou pa itilize ni divilge enfòmasyon sou sante ou pou sèten kominikasyon pwomosyon ki entèdi kominikasyon maketing dapre lwa federal, san otorizasyon ou alekri. Depi ou bay Administratè Reklamasyon yo otorizasyon pou divilge enfòmasyon sou sante ou, Administratè Reklamasyon yo pa kapab garanti moun ki resevwa enfòmasyon yo pa pral divilge enfòmasyon yo ankò. Ou ka re pran oswa "anile" otorizasyon alekri ou nenpòt lè alekri, sòf si Administratè Reklamasyon yo te deja aji dapre otorizasyon ou. Pou konnen kote pou voye otorizasyon alekri ou pa lapòs ak fason pou anile yon otorizasyon, rele nimewo telefòn ki endike dèyè kat ID ou.

## Ki Dwa Ou Genyen

Sa ki anba la a se dwa ou anrapò avèk enfòmasyon sou sante ou:

- **Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon** sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou gen dwa tou pou mande nou pou mete restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon yo ba manm fanmi ou oswa ba lòt moun ki patisipe nan swen sante oswa nan peman pou swen sante ou. Administratè Reklamasyon yo ka gen règleman tou sou aksè depandan ki otorize depandan ou yo mande sèten restriksyon. **Tanpri konnen menmsi Administratè Reklamasyon yo pral eseye reponn a demann ou an epi ap otorize demann ki annakò avèk politik Administratè Reklamasyon yo, Administratè Reklamasyon yo pa oblije aksepte okenn restriksyon.**
- **Ou gen dwa pou mande pou resevwa kominikasyon konfidansyèl** enfòmasyon yo nan yon manyè diferan oswa nan yon kote diferan (pa egzanzp, lè nou voye enfòmasyon yo ba ou yon bwat postal olye nou voye yo nan adrès lakay ou). Administratè Reklamasyon yo ap satisfè demann rezonab kote yon divilgasyon tout enfòmasyon sou sante ou oswa yon pati ladan kapab menase ou otreman. Nan sèten sikonstans, Administratè Reklamasyon yo ap aksepte demann aloral ou pou resevwa kominikasyon konfidansyèl, men Administratè Reklamasyon yo ka egzije tou pou ou

konfime demann ou an alekri. Anplis, ou dwe fè nenpòt demann pou modifye oswa anile yon demann kominikasyon konfidansyèl anvan alekri. Voye demann ou pa lapòs nan adrès ki endike anba la a.

- **Ou gen dwa pou wè ak jwenn yon kopi** sèten enfòmasyon sou sante Administratè Reklamasyon yo konsève sou ou tankou reklamasyon ak dosye ka oswa jesyon medikal ou. Si Administratè Reklamasyon yo konsève enfòmasyon sou sante ou yon fason elektwonik, w ap gen dwa pou mande pou Administratè Reklamasyon yo voye yon kopi enfòmasyon sou sante nan yon fòm elektwonik ba ou. Ou kapab mande tou pou nou bay yon kopi enfòmasyon ou yo pou yon moun endepandan ou idantifye. Nan kèk ka, ou ka resevwa yon rezime enfòmasyon sa yo sou sante ou. Ou dwe fè yon demann alekri pou enspekte ak kopye enfòmasyon sou sante ou oswa pou mande nou pou voye yo ba yon moun endepandan. Voye demann ou pa lapòs nan adrès ki endike anba la a. Nan sèten sikonstans limite, Administratè Reklamasyon yo ka bay refi pou demann ou pou enspekte ak kopye enfòmasyon sou sante ou. Si Administratè Reklamasyon yo bay refi pou demann ou, ou ka gen dwa pou mande pou Administratè Reklamasyon yo revize refi a. Administratè Reklamasyon yo ka reklame yon frè rezonab pou nenpòt kopi.
- **Ou gen dwa pou mande pou modifye** sèten enfòmasyon sou sante ou ke Administratè Reklamasyon yo konsève sou ou tankou reklamasyon ak ka oswa dosye jesyon medikal, si ou kwè enfòmasyon sou sante sou ou pa kòrèk oswa pa konplè. Ou dwe fè demann ou alekri, epitou ou dwe bay rezon pou modifikasyon ou mande a. Voye demann ou pa lapòs nan adrès ki endike anba la a. Si Administratè Reklamasyon yo bay refi pou demann ou, ou ka mande pou yo ajoute yon deklarasyon sou dezakò ou nan enfòmasyon sou sante ou.
- **Ou gen dwa pou resevwa yon kontrandi sou** sèten divilgasyon enfòmasyon w Administratè Reklamasyon yo fè pou pandan sis ane yo ki anvan demann ou an. Kontrandi sa a p ap gen ladan kominikasyon enfòmasyon ki fèt: (i) pou objektif tretman, peman, ak operasyon swen sante; (ii) ba ou oswa dapre otorizasyon ou; epi (iii) ba ofisyèl enstitisyon koreksyonèl oswa ba ofisyèl lapolis; epi (iv) lòt divilgasyon lwa federal pa egzije Administratè Reklamasyon yo pou bay yon kontrandi.
- **Ou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papyè.** Ou ka mande yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menmsi ou te dakò pou resevwa avi sa a sou fòm elektwonik, ou toujou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papyè. Ou kapab jwenn yon kopi avi sa a tou sou sitwèb plan sante ou an, tankou [www.myuhc.com](http://www.myuhc.com).

#### Fason pou Egzèse Dwa Ou

- **Fason pou Kontakte Plan Sante ou.** Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a oswa si ou vle enfòmasyon sou fason pou egzèse dwa ou, tanpri rele nimewo telefòn gratis pou manm ki sou kat ID plan sante ou an oswa ou ka kontakte yon Reprezantan *Sant Dapèl Kliyan UnitedHealth Group* la nan 1-866- 633-2446 oswa TTY 711.
- **Fason pou Soumèt yon Demann Alekri.** Voye demann alekri ou bay Administratè Reklamasyon yo pou egzèse nenpòt dwa ou, tankou fason pou modifye oswa anile yon kominikasyon konfidansyèl, fason pou mande kopi dosye ou, oswa fason pou mande modifikasyon nan dosye ou, nan adrès ki endike annapre la a:

UnitedHealthcare

*Customer Service - Privacy Unit*

PO Box 740815

Atlanta, GA 30374-0815

- **Fason pou Depoze yon Plent.** Si ou kwè yo vyole dwa ou pou konfidansyalite enfòmasyon prive, ou ka depose yon plent bay Administratè Reklamasyon yo nan adrès ki endike anwo a.

## **Ou ka voye avi tou ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini konsènan plent ou.**

Administratè Reklamasyon yo p ap fè okenn aksyon kont ou poutèt ou depoze yon plent.

<sup>2</sup>Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal sa a aplike nan plan sante annapre la yo ki afilye avèk UnitedHealth Group: ACN Group of California, Inc.; All Savers Insurance Company; All Savers Life Insurance Company of California; AmeriChoice of Connecticut, Inc.; AmeriChoice of New Jersey, Inc.; Arizona Physicians IPA, Inc.; Care Improvement Plus of Texas Insurance Company; Care Improvement Plus South Central Insurance Company; Care Improvement Plus Wisconsin Insurance Company; Dental Benefit Providers of California, Inc.; Dental Benefit Providers of Illinois, Inc.; Golden Rule Insurance Company; Health Plan of Nevada, Inc.; MAMSI Life and Health Insurance Company; MD - Individual Practice Association, Inc.; Medical Health Plans of Florida, Inc.; Medica HealthCare Plans, Inc.; National Pacific Dental, Inc.; Neighborhood Health Partnership, Inc.; Nevada Pacific Dental; Optimum Choice, Inc.; Optum Insurance Company of Ohio, Inc.; Oxford Health Insurance, Inc.; Oxford Health Plans (CT), Inc.; Oxford Health Plans (NJ), Inc.; Oxford Health Plans (NY), Inc.; PacifiCare Life and Health Insurance Company; PacifiCare Life Assurance Company; PacifiCare of Arizona, Inc.; PacifiCare of Colorado, Inc.; PacifiCare of Nevada, Inc.; Physicians Health Choice of Texas, LLC; Preferred Care Partners, Inc.; Rocky Mountain Health Maintenance Organization, Incorporated; Rocky Mountain Health Management Corporation; Rocky Mountain HealthCare Options, Inc.; Sierra Health and Life Insurance Company, Inc.; UHC of California; U.S. Behavioral Health Plan, California; Unimerica Insurance Company; Unimerica Life Insurance Company of New York; Unison Health Plan of Delaware, Inc.; Unison Health Plan of the Capital Area, Inc.; UnitedHealthcare Benefits of Texas, Inc.; UnitedHealthcare Community Plan of Georgia, Inc.; UnitedHealthcare Community Plan of Ohio, Inc.; UnitedHealthcare Community Plan, Inc.; UnitedHealthcare Community Plan of Texas, L.L.C.; UnitedHealthcare Insurance Company; UnitedHealthcare Insurance Company of Illinois; UnitedHealthcare Insurance Company of New York; UnitedHealthcare Insurance Company of the River Valley; UnitedHealthcare Life Insurance Company; UnitedHealthcare of Alabama, Inc.; UnitedHealthcare of Arizona, Inc.; UnitedHealthcare of Arkansas, Inc.; UnitedHealthcare of Colorado, Inc.; UnitedHealthcare of Florida, Inc.; UnitedHealthcare of Georgia, Inc.; UnitedHealthcare of Illinois, Inc.; UnitedHealthcare of Kentucky, Ltd.; UnitedHealthcare of Louisiana, Inc.; UnitedHealthcare of the Mid- Atlantic, Inc.; UnitedHealthcare of the Midlands, Inc.; UnitedHealthcare of the Midwest, Inc.; United HealthCare of Mississippi, Inc.; UnitedHealthcare of New England, Inc.; UnitedHealthcare of New Mexico, Inc.; UnitedHealthcare of New York, Inc.; UnitedHealthcare of North Carolina, Inc.; UnitedHealthcare of Ohio, Inc.; UnitedHealthcare of Oklahoma, Inc.; UnitedHealthcare of Oregon, Inc.; UnitedHealthcare of Pennsylvania, Inc.; UnitedHealthcare of Texas, Inc.; UnitedHealthcare of Utah, Inc.; UnitedHealthcare of Washington, Inc.; UnitedHealthcare of Wisconsin, Inc.; UnitedHealthcare Plan of the River Valley, Inc.

## **AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON FINANSYE**

### **AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON FINANSYE KI KONSÈNE OU.**

#### **TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.**

*Anvigè Apati 1 Janvyè 2018*

Administratè Reklamasyon yo<sup>3</sup> angaje pou konsève konfidansyalite enfòmasyon finansye pèsònèl ou. Pou objektif avi sa a, "enfòmasyon finansye pèsònèl" vle di enfòmasyon, apa de enfòmasyon medikal, sou yon manm oswa yon moun ki aplike pou pwoteksyon asirans swen sante epi ki idantifye moun nan, pa disponib pou piblik la anjeneral, epi yo pran enfòmasyon yo nan men moun oswa yo jwenn yo anrapò avèk fason yo bay pwoteksyon asirans swen sante pou moun nan.

#### **Enfòmasyon Nou Pran yo**

Selon pwodui oswa sèvis ou genyen avèk Administratè Reklamasyon yo, Administratè Reklamasyon yo ka pran enfòmasyon finansye pèsònèl sou ou nan sous annapre la yo:

- Enfòmasyon Administratè Reklamasyon yo resevwa nan men ou sou aplikasyon oswa lòt fòm, tankou non, adrès, laj, enfòmasyon medikal ak nimewo *Sekirite Sosyal* ou;
- Enfòmasyon sou tranzaksyon ou yo avèk Administratè Reklamasyon yo, afilye Administratè

Reklamasyon yo oswa lòt moun, tankou peman frè pa mwa ak istwa reklamasyon yo; epi

- Enfòmasyon nou pran nan yon ajans rapòtaj sou kliyan.

### **Divilgasyon Enfòmasyon**

Administratè Reklamasyon yo pa divilge enfòmasyon finansye pèsonèl sou manm Plan an oswa sou ansyen manm yo ba okenn moun endepandan, sòf jan lalwa egzije oswa pèmèt sa. Pa egzanp, nan dewoulman pratik jeneral biznis Administratè Reklamasyon yo, Administratè Reklamasyon yo ka, jan lalwa pèmèt sa, divilge nenpòt nan enfòmasyon finansye pèsonèl ke Administratè Reklamasyon yo pran sou ou, san otorizasyon ou, ba kalite antite annapre la yo:

- Ba filyal sosyete Administratè Reklamasyon yo, ki gen ladan founisè sèvis finansye, tankou lòt konpayi asirans, ak konpayi ki pa-finansye, tankou konpayi k ap trete done:
- Ba konpayi ki pa afilye pou rezon biznis toulejou Administratè Reklamasyon yo, tankou pou travay sou tranzaksyon ou fè yo, pou jere kont ou (yo), oswa pou bay repons pou lòd tribinal ak ankèt legal; epitou
- Ba konpayi ki pa afilye ki fè sèvis pou Administratè Reklamasyon yo, tankou pou voye komunikasyon pwomosyon sou non Administratè Reklamasyon yo.

### **Konfidansyalite ak Sekirite**

Administratè Reklamasyon yo antreteni sekirite fizik, elektwonik ak pwosedi, dapre estanda Eta ak estanda federal aplikab, pou pwoteje enfòmasyon finansye pèsonèl ou kont risk tankou pèt, destriksyon oswa move itilizasyon. Kèk nan mezi sa yo se sekirite òdinatè, fichye pwoteje ak bilding yo, ak restriksyon sou moun ki ka gen aksè nan enfòmasyon finansye pèsonèl ou.

### **Kesyon sou Avi Sa a**

Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri rele nimewo telefòn gratis pou manm ki sou kat ID plan sante ou an oswa kontakte Sant Dapèl Kliyan UnitedHealth Group nan 1-866-633-2446 oswa TTY 711.

<sup>3</sup>Pou objektif Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Finansye sa a, "Administratè Reklamasyon yo" vle di antite ki endike nan nòt anba paj nimewo 2, ki kòmanse nan premye paj Avi sou Pratik Konfidansyalite Plan Sante a, plis filyal UnitedHealthcare ki annapre la yo: Alere Women's and Children's Health, LLC; AmeriChoice Health Services, Inc.; CNIC Health Solutions, Inc.; Connexions HCI, LLC; LifePrint East, Inc.; Life Print Health, Inc.; Dental Benefit Providers, Inc.; gethealthinsurance.com Agency, Inc.; Golden Outlook, Inc.; HealthAllies, Inc.; MAMSI Insurance Resources, LLC; Managed Physical Network, Inc.; OneNet PPO, LLC; OptumHealth Care Solutions, Inc.; OrthoNet, LLC; OrthoNet of the Mid-Atlantic, Inc.; OrthoNet West, LLC; OrthoNet of the South, Inc.; Oxford Benefit Management, Inc.; Oxford Health Plans LLC; POMCO Network, Inc.; POMCO of Florida, Ltd.; POMCO West, Inc.; POMCO, Inc.; Spectera, Inc.; UMR, Inc.; Unison Administrative Services, LLC; United Behavioral Health; United Behavioral Health of New York I.P.A., Inc.; United HealthCare Services, Inc.; UnitedHealth Advisors, LLC; UnitedHealthcare Service LLC; UnitedHealthcare Services Company of the River Valley, Inc. Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Finansye sa aplike sèlman lè lalwa egzije sa. Yon fason espesyal, li pa aplike pou (1) pwodui asirans swen sante yo Health Plan of Nevada, Inc. ak Sierra Health and Life Insurance Company, Inc. ofri nan Nevada; oswa (2) lòt plan sante UnitedHealth Group nan eta yo ki bay eksepsyon pou enstitisyon ki pwoteje anba HIPAA oswa lòt pwodui asirans sante.

**AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON SOU PLAN SANTE: MODIFIKASYON FEDERAL AK LETA**

Revize: 1ye Janvyè 2018

Premye pati Avi sa a, ki bay pratik Administratè Reklamasyon yo sou konfidansyalite enfòmasyon prive pou Enfòmasyon Medikal, dekri kijan Administratè Reklamasyon yo ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou dapre règ federal konsènan konfidansyalite. Gen lòt lwa ki ka limite dwa Administratè Reklamasyon yo pou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki depase sa Administratè Reklamasyon yo otorize fè dapre règ federal konsènan konfidansyalite. Objektif tablo yo ki anba la a se pou:

1. Montre kategori enfòmasyon sou sante ki depann de lwa ki pi restriktif sa yo; epi
2. Ba ou yon rezime jeneral sou lè Administratè Reklamasyon yo kapab itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou san konsantman ou.

Si konsantman ou alekri obligatwa anba lwa ki pi restriktif, konsantman ou dwe satisfè règ patikilye lwa federal oswa lwa Eta aplikab.

**Rezime Lwa Federal yo**

<b>Enfòmasyon sou Abi Alkòl ak Dwòg</b>
Administratè Reklamasyon yo otorize itilize ak divilge enfòmasyon sou abi alkòl ak dwòg ki pwoteje anba lwa federal sèlman (1) nan sèten sikonstans limite, epi/oswa yo divilge yo sèlman (2) ba sèten benefisyè.
<b>Enfòmasyon Jenetik</b>
Administratè Reklamasyon yo pa otorize itilize enfòmasyon jenetik yo pou objektif soumisyon.

**Rezime Lwa Eta yo**

<b>Enfòmasyon Jeneral sou Sante</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon sou sante jeneral (1) nan sèten sikonstans limite sèlman ak/oswa (2) bay benefisyè presi.	AR, CA, DE, NE, NY, PR, RI, UT, VT, WA, WI
HMO yo dwe bay manm yo yon posiblite pou yo apwouve oswa refize divilgasyon men ka gen kèk eksepsyon.	KY
Ou kapab limite kèk divilgasyon elektwonik pou enfòmasyon medikal sa yo.	NC, NV
Administratè Reklamasyon yo pa otorize itilize enfòmasyon medikal yo pou sèten objektif.	CA, IA
Administratè Reklamasyon yo pa pral itilize ak/oswa divilge enfòmasyon konsènan sèten pwogram èd piblik eksepte pou sèten objektif.	KY, MO, NJ, SD
Administratè Reklamasyon yo dwe konfòme li avèk restriksyon siplemantè yo anvan li itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou sèten objektif.	KS



<b>Preskripsyon</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon ki gen rapò ak preskripsyon (1) nan sèten sikonstans limite sèlman, ak/oswa (2) bay kèk benefisyè presi.	ID, NH, NV
<b>Maladi Atrapan</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon sou maladi atrapan (1) nan sèten sikonstans limite sèlman ak /oswa (2) bay benefisyè presi.	AZ, IN, KS, MI, NV, OK
<b>Maladi moun pran nan fè sèks ak Sante Repwodiksyon</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon sou maladi ki seksyèlman transmisib ak/oswa sante repwodiksyon (1) nan sèten sikonstans limite sèlman, ak/oswa (2) bay benefisyè presi.	CA, FL, IN, KS, MI, MT, NJ, NV, PR, WA, WY
<b>Abi Alkòl ak Dwòg</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize itilize ak divilge enfòmasyon konsènan abi alkòl ak dwòg (1) nan sèten sikonstans limite, ak/oswa divilge (2) bay benefisyè presi sèlman.	AR, CT, GA, KY, IL, IN, IA, LA, MN, NC, NH, WA, WI
Divilgasyon enfòmasyon sou abi alkòl ak dwòg ka limite pa moun ki konsènen nan enfòmasyon an.	WA
<b>Enfòmasyon Jenetik</b>	
Administratè Reklamasyon yo pa otorize divilge enfòmasyon jenetik san konsantman w alekri.	CA, CO, KS, KY, LA, NY, RI, TN, WY
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon jenetik (1) nan sèten sikonstans limite sèlman ak/oswa (2) bay benefisyè presi.	AK, AZ, FL, GA, IA, MD, ME, MA, MO, NJ, NV, NH, NM, OR, RI, TX, UT, VT
Restriksyon yo aplike pou (1) itilizasyon ak/oswa (2) konsèvasyon enfòmasyon jenetik.	FL, GA, IA, LA, MD, NM, OH, UT, VA, VT
<b>VIH / SIDA</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA (1) nan sèten sikonstans limite sèlman ak/oswa (2) bay benefisyè presi.	AZ, AR, CA, CT, DE, FL, GA, IA, IL, IN, KS, KY, ME, MI, MO, MT, NH, NM, NV, NY, NC, OR, PA, PR, RI, TX, VT, WA, WV, WI, WY
Kèk restriksyon aplikab pou divilgasyon oral enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA.	CT, FL
Administratè Reklamasyon yo ap kolekte enfòmasyon anrapò ak VIH/SIDA sèlman avèk konsantman ou alekri.	OR

<b>Sante Mantal</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize divilge enfòmasyon sou sante mantal sèlman (1) nan sèten sikonstans limite, epi/oswa (2) ba sèten benefisyè.	CA, CT, DC, IA, IL, IN, KY, MA, ME, MI, NC, NM, PR, TN, WA, WI
Divilgasyon enfòmasyon yo ka gen restriksyon moun ki depannde enfòmasyon an.	WA
Kèk restriksyon aplike pou divilgasyon oral enfòmasyon sou sante mantal la.	CT
Kèk restriksyon aplike a itilize enfòmasyon sou sante mantal.	ME
<b>Abi sou timoun oswa sou adilt</b>	
Administratè Reklamasyon yo otorize itilize ak divilge enfòmasyon sou abi sou timoun ak/oswa adilt (1) nan sèten sikonstans limite sèlman, ak/oswa divilge yo sèlman (2) bay benefisyè presi.	AL, AR, CO, IL, LA, MD, NE, NJ, NY, NM, RI, TN, TX, UT, WI